मंगल

10 नवंबर, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

समदिया मिथिला

कार्तिक, शुक्ल पक्ष, द्वितीया, संवत् : 2083

देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 60 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

दीपावलीक बाद प्रदूषित भेल हवा, मुजफ्फरपुर आ पटनाक स्थिति अछि गंभीर, दरभंगा, सहरसा आ समस्तीपुर बनल खतरनाक

पटना, समदिया

दीपावलीक बाद राज्यक विभिन्न शहर सभ मे वायुप्रदूषणक स्तर बढ़ि गेल अछि। पटाखा फोड़बाक असरि आब हवा मे देखाइ पड़ि रहल अछि। राज्यक प्रदूषण नियंत्रण पर्षदक 9 नवंबरक भोरे 8 बजे धरिक आंकड़ा अनुसार, बिहारक 27 जिलाक वायु गुणवत्ता सूचकांक (एक्यूआइ) बढ़ल दर्ज कयल गेल। एहि मे 12 जिला ऑरेंज अलर्ट आ 15 जिला येलो अलर्ट श्रेणी मे अछि। राहतिक बात ई जे कोनो जिला मे एखन रेड अलर्ट जारी नहि कयल गेल अछि। मुदा हाजीपुर, सिवान आ पटना सन शहरक स्थिति चिंता बढ़ाबय बला अछि।

प्रदूषण नियंत्रण पर्षदक आंकड़ा अनुसार, वैशाली जिलाक हाजीपुर मे एक्यूआइ 287 दर्ज कयल गेल, जे राज्य मे सर्वाधिक अछि। सिवान 275 आ राजधानी पटना 274 अंकक संग दोसर आ तेसर स्थान पर अछि। समस्तीपुरक मोहिउद्दीननगर मे 271, मुजफ्फरपुर मे 261, बेगूसराय मे 245, आरा मे 235, मोतिहारी मे 223, बक्सर आ औरंगाबाद मे 213 तथा बेतिया मे 209 एक्यूआइ दर्ज कयल गेल। गोपालगंज मे ई आंकड़ा 206 रहल।

दोसर शहरसभक स्थिति सेहो बहुत नीक नहि अछि। भागलपुर मे 199, मधुबनी मे 184, अररिया मे 183, राजगीर मे 173, दरभंगा मे 171, समस्तीपुर मे 170, जमुई मे 168, गया मे 167, बिहारशरीफ मे 161, पूर्णिया मे 147, छपरा मे 140, कटिहार मे 137, सहरसा मे 132, सीतामढ़ी मे 121 आ सासाराम मे 119 एक्यूआइ दर्ज कयल गेल। ई आंकड़ा स्पष्ट करैत अछि जे प्रदूषणक असरि मात्र पैघ शहर धरि सीमित नहि, बल्कि राज्यक अलग-अलग इलाका मे देखल जा रहल अछि।

स्वास्थ्य पर पड़ि सकैत अछि गंभीर असरि

सिवान आ हाजीपुरक स्थिति अछि सभ सं बेसी चिंताजनक



एक्यूआइ बढ़बाक सीधा असरि लोकक स्वास्थ्य पर पड़ैत अछि। हवा मे उपलब्ध पीएम 2.5 आ पीएम 10 सन सूक्ष्म कण सांसक माध्यम सं फेफड़ा धरि पहुंचैत अछि। पीएम 2.5 एतेक छोट होइत अछि जे फेफड़ाक गहींर हिस्सा धरि पहुंचि रक्त प्रवाह मे सेहो प्रवेश कए सकैत अछि। एहि कारण आंखि, नाक आ गला मे जलन, खांसी, सांस लेबा मे कठिनाइ, छाती मे भारीपन आ माथदर्द सन समस्या भए सकैत अछि। बच्चा, बुजुर्ग, गर्भवती महिला आ दमा, हृदय रोग तथा फेफड़ाक बेमारी सं पीड़ित लोक सभ पर एकर असरि बेसी पड़ि सकैत अछि। प्रदूषित हवा दमा आ ब्रोंकाइटिसक समस्या बढ़ा सकैत अछि। लंबा समय धरि प्रदूषणक संपर्क मे रहला सं फेफड़ा आ हृदय संबंधी बेमारीक खतरा सेहो बढ़ैत अछि। केंद्रीय स्वास्थ्य मंत्रालयक स्वास्थ्य परामर्श मे सेहो एहि तरहक खतरा सभक उल्लेख कयल गेल अछि।

सावधानी राखबाक आवश्यकता

विशेषज्ञक सलाह अछि जे प्रदूषण बढ़ल रहबाक समय अनावश्यक रूप सं बाहर निकलनाइ कम करी। भोरे आ सांझक समय, जखन प्रदूषणक असरि बेसी रहि सकैत अछि, बाहर व्यायाम अथवा दौड़-धूप करबा सं बांची। बच्चा आ बुजुर्ग कें सड़कक कात आ धुआं-धूरा बला स्थान पर बेसी समय नहि रहय दी। दमा आ हृदय रोगी अपन दवाइ नियमित रूप सं लेथि तथा सांस लेबा मे कठिनाइ वा छाती मे दर्द होय तं चिकित्सक सं तुरंत संपर्क करथि।

वायु गुणवत्ता सूचकांक 201 सं 300 तक रहला पर हवा खराब, 301 सं 400 तक बहुत खराब आ 401 सं 500 तक गंभीर श्रेणी मे मानल जाइत अछि। एहि स्थिति मे प्रशासनिक सतर्कताक संग आम लोकक सावधानी सेहो जरूरी अछि। पटाखा, वाहनक धुआं, निर्माण कार्यक धूरा आ कचरा जरेबाक प्रवृत्ति पर नियंत्रण कएला सं वायु प्रदूषण कम करबाक दिशा मे प्रभावी डेग उठाओल जा सकैत अछि।

एक नजरि

बिहार मे दू आइएएस अधिकारीक ट्रांसफर, रचना पाटिल राज्यपाल सचिवालयक सचिव बनलीह

पटना : बिहार सरकार प्रशासनिक फेरबदल करैत दू आइएएस अधिकारी कें नव जिम्मेवारी सौंपलक अछि। सामान्य प्रशासन विभाग एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कएलक अछि। एकर अनुसार, 2010 बैचक आइएएस अधिकारी रचना पाटिल कें राज्यपाल सचिवालय, पटनाक सचिव बनाओल गेलनि अछि। ओ एहि सं पूर्व वित्त विभाग मे सचिव (व्यय) पद पर तैनात छलीह।

घर मे घुसि कए मुंह मे मारलक गोली, मृत्यु

बिरौल : जिलाक बिरौल थाना क्षेत्रक पड़री गाम मे 40 वर्षीय काशी ठाकुरक गोली मारि हत्या कए देलक। हत्याक आरोप पितियौत पर अछि। आरोपित कुमोद ठाकुर घर मे घुसि काशी ठाकुरक मुंह मे पिस्टल सटा गोली मारि देलक, जाहि सं घटनास्थले पर हुनकर मृत्यु भए गेल। हत्याक बाद आरोपित बाइक सं भागय लागल। एहि क्रम मे करीब दू किलोमीटर दूर मलौल गाम मे एक व्यक्ति कें टक्कर मारि देलक। ग्रामीण सभ आरोपित कें पकड़ि पिटाइ कयलक आ बान्हि देलनि।

छोट बहिनक कनपट्टी पर पिस्तौल सटा पैघ संग सामूहिक दुष्कर्म

- **पिता कें तकबा लेल निकलल छल दुनू बहिन चारि युवक जबरदस्ती उठा कए सुनसान सड़क पर केलक घृणित कृत्य**

बाढ़, समदिया

दीपावलीक राति अपन पिता कें ताकय निकलल 17 वर्षीय किशोरी संग सामूहिक दुष्कर्मक घटना सामने आयल अछि। आरोप अछि जे चारि युवक ओकर छोट बहिनक कनपट्टी पर पिस्तौल सटा दुनू बहिन कें घेरि लेलक आ पैघ बहिन कें जबरस्ती उठा कए सुनसान इलाका मे लए गेल। ओतय चारू युवक बेरा-बेरी सं किशोरी संग दुष्कर्म कएलक। घटना छोट बहिनक आंखिक सोझां भेल। सूचना भेटिते बाढ़ थाना पुलिस सक्रिय भेल आ त्वरित कारबाइ करैत चारि संदिग्ध युवक कें हिरासत मे लए कए पूछताछ कए रहल अछि।

पीड़िताक छोट बहिन पुलिस कें देल बयान मे बतौलक जे राति करीब 11 बजे तक हुनकर पिता घर नहि घुरल छलाह। पिता कें तकबाक लेल 17 वर्षीय पैघ बहिन अपन छोट बहिनक संग घर सं बाहर निकलल। दुनू बहिन घर सं करीब 500 मीटर दूर पहुंचल छल कि नजदीकक गामक चारि युवक रास्ता मे ओकरा सभ कें घेरि लेलक।



आरोपित युवक सभ पहिने पैघ बहिन कें पकड़ि लेलक आ हल्ला नहि कए सकय, एहि लेल ओकर मुंह कपड़ा सं कसि कए बान्हि देल गेल। छोट बहिन जखन विरोध कएलक आ अपन बहिन कें बचेबाक प्रयास कएलक, तखन एक युवक ओकर कनपट्टी पर पिस्तौल सटा देलक आ जान मारबाक धमकी दैत चुप रहबाक लेल बाध्य कएलक।

छोट बहिनक बयान अनुसार, चारू युवक पैघ बहिन कें जबरस्ती घसीटैत घर सं करीब एक-डेढ़ किलोमीटर दूर सुनसान ग्रामीण सड़क दिस लए गेल। ओतय घटना कें अंजाम देल गेल। घटनाक बाद सभ आरोपित ओतय सं फरार भए गेल। पीड़िता छोट बहिनक सहारा सं राति करीब एक बजे घर पहुंचलि आ परिवार कें आपबीती सुनौलक।

डायल 112 पर देल गेल सूचना

छोट बहिन सूझबूझ देखबैत डायल 112 पर फोन कए पुलिस कें सूचना देलक। सूचना भेटिते बाढ़ थाना पुलिसक गश्ती दल घटनास्थल पर पहुंचल आ पीड़िता कें संरक्षण मे लए कए चिकित्सकीय जांच लेल अनुमंडलीय अस्पताल पठेलक। बताओल जाइत अछि जे पीड़िताक मायक करीब दू वर्ष पूर्व मृत्यु भए गेल छलनि। मायक निधनक बाद पिता मानसिक तनाव मे रहैत छथि।

चारि संदिग्ध हिरासत मे

बाढ़ि अनुमंडलक डीएसपी रामकृष्ण कहलनि जे मामिलाक गंभीरता कें देखैत घटनाक रातिये पुलिस टीम गठित कए छापेमारी शुरू कए देलक। एहि क्रम मे चारि संदिग्ध युवक कें हिरासत मे लेल गेल अछि। पुलिस ओकरा सभ सं पूछताछ कए रहल अछि आ घटना सं जुड़ल वैज्ञानिक साक्ष्य जुटाओल जा रहल अछि।

रहिकाक उत्तम भारद्वाज बनलाह बिहार जूनियर टीमक कप्तान, विजय मर्चेंट ट्रॉफी मे संभारताह कमान

- **बिहार क्रिकेट एसोसिएशन पहिल दू मोकाबला लेल 15 सदस्यीय टीमक केलक घोषणा**

मधुबनी, समदिया

प्रतिभा, मेहनत आ लगनक बल पर मधुबनी जिलाक रहिका निवासी उत्तम भारद्वाज क्रिकेट जगत मे महत्वपूर्ण उपलब्धि हासिल कयलनि अछि। बिहार क्रिकेट एसोसिएशन (बीसीए) केर पुरुष जूनियर चयन समिति विजय मर्चेंट ट्रॉफी 2026-27क पहिल दू मोकाबला लेल घोषित बिहार टीमक कप्तानीक भार उत्तम कें सौंपलक अछि। राज्यक जूनियर क्रिकेट टीमक कप्तान चुनल गेला सं उत्तम अपन परिवारक संग पूरा मधुबनी जिलाक मान बढ़ौलनि अछि।

उत्तम रहिका निवासी हेमंत कुमार झाक पुत्र छथि। हुनकर काका बसंत कुमार झा राजस्व अधिकारी छथि आ वर्तमान मे



मधवापुर अंचल मे पदस्थापित छथि। उत्तम कें कप्तानीक जिम्मेदारी भेटला सं परिवार आ खेल प्रेमी सभ मे खुशीक माहौल अछि। हुनकर एहि उपलब्धि कें जिलाक युवा क्रिकेट खेलाड़ी सभ लेल प्रेरणादायक मानल जा रहल अछि।

बीसीए द्वारा जारी सूची अनुसार, टीम मे कप्तान उत्तम भारद्वाजक अतिरिक्त सूरज कुमार, आकाश देव, ऋषित रतन, उपकप्तान अर्नव तिवारी, नमन कुमार सिंह, पीयूष तिवारी, स्वर्णमोल रत्न, रमन, मानस राज, मो. समी, अयान जकी, आर्यन केशरी, अमर कुमार आ अगस्त्य शामिल छथि। स्टैंडबाय खेलाड़ी सभक सूची मे अयान राज, अमृत राज, निशांत कुमार, प्रशांत कुमार, सुमित कुमार पंकज आ यक्षेंद्र कुमार कें स्थान देल गेल अछि।

सहयोगी दल मे जय प्रकाश पांडेय मुख्य प्रशिक्षक, मो. रहमतुल्लाह बल्लेबाजी प्रशिक्षक सह प्रबंधक, सुमित कुमार क्षेत्ररक्षण प्रशिक्षक, अमन राज प्रशिक्षक आ कुंदन कुमार शरीर चिकित्सकक जिम्मेदारी संभारताह।

21 नवंबर कें बिहार औताह पीएम, वैशाली मे कच्ची दरगाह-बिदुपुर सिक्स लेन पुलक करताह उद्घाटन

प्रधानमंत्रीक एहि दौरा कें ऐतिहासिक आ स्मरणीय बनेबा लेल चलि रहल अछि तैयारी

पटना, समदिया

बिहार मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक आगमन कें लए तैयारी तेज कए देल गेल अछि। प्रधानमंत्री 21 नवंबर कें बिहार औताह। एहि दौरान ओ वैशाली पहुंचताह आ कच्ची दरगाह-बिदुपुर सिक्स लेन पुलक उद्घाटन करताह। एकर अतिरिक्त बिहारक कतेको महत्वपूर्ण योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास सेहो करताह। प्रधानमंत्रीक एहि दौरा कें ऐतिहासिक आ स्मरणीय बनेबाक तैयारी कयल जा रहल अछि।

प्रधानमंत्रीक बिहार दौरा संबंधी जानकारी पटना स्थित जेडीयू प्रदेश कार्यालय मे देल गेल। ओतय एनडीए गठबंधनक घटक दलक सभ प्रदेश अध्यक्ष बैसार भेल। बैसारक बाद गठबंधनक नेता सभ संयुक्त पत्रकार सम्मेलन कए प्रधानमंत्रीक बिहार आगमन आ कार्यक्रमक तैयारी संबंधी जानकारी देलनि।



नेता सभ बतौलनि जे 21 नवंबर कें प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी वैशाली पहुंचताह। हुनकर स्वागत आ कार्यक्रम कें विशेष बनेबाक लेल एनडीएक सभ घटक दल मिलि काज कए रहल अछि।

एहि परियोजना सं संबंधित काज कें भेटत तेजी


प्रधानमंत्रीक एहि दौराक प्रमुख कार्यक्रम मे कच्ची दरगाह-बिदुपुर सिक्स लेन पुलक उद्घाटन शामिल अछि। एकर अतिरिक्त बिहारक कतेको महत्वपूर्ण योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास सेहो कयल जायत। एहि परियोजना सभ सं राज्य मे विकास संबंधी काज कें नव गति भेटबाक आशा अछि। पत्रकार सम्मेलन मे जानकारी देल गेल जे वैशाली मे 1243 एकड़ जमीन अधिग्रहण कयल गेल अछि। एहि जमीन पर पार्क बनेबाक योजना अछि। प्रधानमंत्रीक आगमनक दौरान बिहारक विकास सं जुड़ल एहि योजना सभ पर सेहो विशेष ध्यान देल जायत।

काज हम कयलहुं, फीता काटय अहां आबि रहल छी : तेजस्वी

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक बिहार दौरा सं पहिने नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव हुनका पर निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे बिहार मे लोकतंत्र कें कुचलयबला प्रधानमंत्री आबि रहल छथि। तेजस्वी महंगाई, बेरोजगारी आ भ्रष्टाचारक मुद्दा पर केंद्र सरकार कें घेरैत कहलनि जे मात्र फीता काटला सं जनताक भला नहि होयत। कच्ची दरगाह-सिक्स लेन पुल परियोजनाक उल्लेख करैत ओ कहलनि जे एकर शुरूआत महागठबंधन सरकारक समय भेल छल, मुदा आब प्रधानमंत्री एकर श्रेय लेबाक लेल आबि रहल छथि। तेजस्वी पांच लाख नोकरी देबाक अपन दावाक संग सरकार सं बेरोजगारी आ महंगाई पर जवाब मंगलनि।

नव सरकारक एक वर्ष पूरा भेलाक बाद औताह प्रधानमंत्री

बिहार मे 20 नवंबर कें नव सरकारक गठनक एक वर्ष पूरा भए रहल अछि। एकर अगिला दिन, अर्थात 21 नवंबर कें प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी बिहार पहुंचताह। एनडीए नेता सभ कहलनि जे प्रधानमंत्रीक वैशाली आगमन ऐतिहासिक आ स्मरणीय होयत। नेता सभ आशा व्यक्त कयलनि जे प्रधानमंत्रीक आगमनक बाद वैशाली विकासक क्षेत्र मे नव कीर्तिमान स्थापित करत। हुनकर स्वागत आ कार्यक्रमक सफलता लेल एनडीएक घटक दलक नेता आ कार्यकर्ता तैयारी मे जुटताह।



बिहार मे एनडीए सरकारक एक बरख पूरा भेला पर एनडीए गदगद

नव कीर्तिमान बनेबाक संकल्प, प्रधानमंत्रीक आगमन पर एनडीए एकजुट

बिहार कें पीएमक सनेशक अछि आस

पटना, समदिया

जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू) कार्यालय परिसर मे राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन (एनडीए)क सभ घटक दलक नेतासभक एकटा महत्वपूर्ण संयुक्त प्रेस वार्ताक आयोजन कयल गेल। एहि प्रेस वार्ता मे गठबंधनक सभ प्रमुख दलक प्रदेश अध्यक्ष सभ भाग लेलनि आ आगामी 21 नवंबर कें देशक प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक बहुप्रतीक्षित बिहार दौरा संबंधी रूपरेखा साझा कयलनि। प्रधानमंत्रीक एहि प्रस्तावित दौरा कें लए कए राजनीतिक गलियारा मे गतिविधि तेज भए गेल अछि आ एनडीएक कार्यकर्ता सभ मे उत्साहक माहौल अछि। प्रेस वार्ताक शुरूआत करैत जेडीयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश सिंह कुशवाहा कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक बिहारक पावन भूमि पर आगमन सभक लेल अत्यंत गौरवक विषय अछि। ई दौरा एहन समय मे भए रहल अछि, जखन राज्य मे एनडीए सरकार अपन एक वर्षक कार्यकाल सफलतापूर्वक पूरा कए रहल अछि। एहि ऐतिहासिक अवसर कें



आरो यादगार बनेबाक लेल युद्धस्तर पर तैयारी कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री अपन एहि दौराक क्रम मे बहुप्रतीक्षित कच्ची दरगाह-बिदुपुर छह लेन पुल सहित आधारभूत संरचना सं जुड़ल विभिन्न महत्वपूर्ण योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास करताह। प्रधानमंत्रीक हाथे विकास योजनासभक लोकार्पण आ शिलान्यासक बाद वैशालीक ऐतिहासिक भूमि विकासक नव कीर्तिमान स्थापित करत। भारतीय जनता पार्टी (भाजपा)क प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी अपन संबोधन मे कहलनि जे आगामी 20 नवंबर कें बिहार मे एनडीए सरकार अपन कार्यकालक एक बरख पूरा करत। एहि अवसर पर राजापाकर प्रखंड मे एकटा भव्य आ विशाल कार्यक्रम आयोजित कयल जायत, जाहि मे भारी जनसमूहक जुटबाक संभावना अछि।

ओ प्रधानमंत्रीक प्रति आभार प्रकट करैत कहलनि जे जखन-जखन प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी बिहार अबैत छथि, राज्य कें विकासक कतेको पैघ सौगात भेटैत अछि। बिहारक उन्नतिक प्रति हुनकर गहींर समर्पण आ विकसित बिहारक संकल्प निरंतर जमीन पर उतरत देखाइत अछि। लोक जनशक्ति पार्टी (लोजपा)क प्रदेश अध्यक्ष सुरेंद्र विवेक कहलनि जे प्रधानमंत्रीक एहि संभावित आगमन कें लए कए एनडीएक सभ घटक दलक कार्यकर्ता सभ मे अभूतपूर्व उत्साह अछि। सभ दलक कार्यकर्ता एखनहि सं एहि ऐतिहासिक कार्यक्रमक तैयारी मे पूरा निष्ठा आ समर्पणक संग जुटि गेल छथि। ई बिहारक प्रत्येक नागरिक लेल गौरवक क्षण अछि जे देशक प्रधानमंत्री राज्य कें विकासक एतेक पैघ सौगात देबाक लेल स्वयं आबि रहल छथि। ओम्हर, हिंदुस्तानी आवाम मोर्चाक प्रदेश अध्यक्ष अनिल कुमार सरकारक पछिला एक वर्षक काजक सराहना करैत कहलनि जे एहि एक बरख मे बिहार विकासक नव इबारत लिखने अछि। मुख्यमंत्री राज्यक विकास लेल लगातार पैघ-पैघ योजना सभ कें जमीन पर उतारि रहल छथि। ओ प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे आइ बिहार मे जे अभूतपूर्व काज भए रहल अछि, ओकर कल्पना पहिने कहियो नहि कयल गेल छल। प्रधानमंत्रीक ई दौरा राज्यक विकास यात्रा मे मीलक पाथर साबित होयत।

जेडीयू नहि कहियो टूटल अछि आ नहि कहियो टूटत : रामकृपाल

प्रशांत किशोरक जवाब मे कहलनि रामकृपाल यादवक

पटना, समदिया

जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू) मे टूट होयबाक जन सुराजक संस्थापक प्रशांत किशोरक बयान पर बिहार सरकारक मंत्री रामकृपाल यादव तीखा पलटवार कयलनि। ओ प्रशांत किशोरक दावा कें निराधार बतबैत कहलनि जे ओ थाकल आ परेशान छथि, एहि लेल एहन बयान दए रहल छथि। जेडीयू नहि कहियो टूटल अछि आ नहि कहियो टूटत। पार्टीक कोनो विधायक दोसर दल मे जायवला नहि छथि। रामकृपाल यादव कहलनि जे प्रशांत किशोर कें जेडीयूक राजनीतिक शक्ति आ एकजुटता पर भ्रम नहि पालबाक चाही। पार्टी पूरा तरहे मजबूत अछि आ ओकर सभ विधायक एकजुट छथि।

दरअसल, प्रशांत किशोर दावा कयने छलाह जे जेडीयू मे टूट होयत आ पार्टीक किछु नेता भाजपा, किछु हुनका संग आ किछु राजद दिस जा सकैत छथि। एहि बयान पर प्रतिक्रिया दैत मंत्री कहलनि जे जेडीयू मे टूटक कोनो संभावना नहि अछि। आर्थिक अपराध इकाई (ईओयू) कें बेसी अधिकार देबाक सवाल पर रामकृपाल यादव कहलनि जे बिहार सरकार कोनो कीमत पर



भ्रष्टाचार बर्दाश्त नहि करत। संगठित अपराध आ भ्रष्टाचार पर प्रभावकारी कारबाइ लेल जांच एजेंसी सभ कें मजबूत बनाओल जा रहल अछि। सरकारक उद्देश्य भ्रष्टाचार आ संगठित अपराधक पूरा तंत्र कें ध्वस्त करब अछि। विधान परिषद नियुक्ति घोटाला सं जुड़ल खुलासा पर मंत्री कहलनि जे एहि मामिलाक देखरेख विधान परिषदक सभापति करताह। एहि विषय मे आगूक निर्णय लेबाक जिम्मेदारी ओ सभापति पर छोड़लनि। प्रधानमंत्रीक बिहार दौरा आ उद्योगपतिसभक संग निवेश समझौता पर रामकृपाल यादव प्रसन्नता व्यक्त कयलनि। ओ कहलनि जे केंद्र आ राज्य सरकारक सहयोग सं बिहार मे उद्योग-धंधाक विस्तार होयत। पैघ निवेश आबला सं नव उद्योग स्थापित होयत आ युवासभक लेल रोजगारक अवसर बढ़त। औद्योगिक विकास सं राज्यक अर्थव्यवस्था मजबूत होयबाक संगहि रोजगारक तलाश मे दोसर राज्य जायवला लोकक पलायन सेहो कम होयबाक उम्मीद अछि।

पटना पहुंचलाह धर्मेंद्र प्रधान, संजय झा आ नीतीश कुमार सं कयलनि भेंट

पटना, समदिया

भाजपा नेता आ पूर्व केंद्रीय मंत्री धर्मेंद्र प्रधान सोमदिन 9 नवंबर कें पटना पहुंचलाह। एहि दौरान ओ जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू) के राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद संजय झा सं भेंट कयलनि। तकर बाद ओ एनडीएक अन्य नेतासभक संग मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सं सेहो मुलाकात कयलनि। एहि बीच पटना हवाई अड्डा पर बिहार सरकारक मंत्री रामकृपाल यादव प्रशांत किशोरक जेडीयू मे टूट होयबाक बयान पर पलटवार कयलनि। ओ कहलनि जे जेडीयू तोड़बाक बात करयवला अपना आपे टूटि जेताह। पटना पहुंचलाक बाद धर्मेंद्र प्रधान संजय झाक सरकारी आवास पर हुनका सं भेंट कयलनि। एहि अवसर पर भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी सहित बिहार सरकारक कतेको वरिष्ठ मंत्री आ एनडीएक अन्य नेता उपस्थित छलाह। एहि मुलाकातक बाद धर्मेंद्र प्रधान गठबंधनक नेतासभक संग नीतीश कुमार सं भेंट करबाक लेल पहुंचलाह। एहि सं पहिने 7 नवंबर कें दिल्ली मे सेहो धर्मेंद्र प्रधान संजय झा सं भेंट कयने छलाह।



ओहि समय ओ संजय झा कें अपन बेटीक विवाहक निमंत्रण-पत्र दैत विवाह समारोह मे शामिल होयबाक न्योता देने छलाह। पटना पहुंचलाक बाद धर्मेंद्र प्रधान बिहारवासी कें दीपावली आ छठ महापर्वक शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे देशवासी हर्ष आ उल्लासक संग दीपावली मनाबथि। बिहार मे सेहो छठ महापर्व पैघ उत्साहक संग मनाओल जायत।

ओ छठी मइया सं सभक रक्षा करबाक कामना कयलनि। धर्मेंद्र प्रधान कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे देश आ बिहार निरंतर प्रगति कए रहल अछि। देश मे शांति, सद्भाव आ आपसी भाईचाराक वातावरण बनल रहय, से हुनकर कामना अछि। धर्मेंद्र प्रधान प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक बस्तर दौराक सेहो चर्चा कयलनि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री प्रत्येक बरख देशक सुरक्षा मे तैनात जवान आ अर्द्धसैनिक बलक जवानसभक बीच पहुंचैत छथि। हुनका सभ सं भेंट करैत उत्साह बढ़बैत छथि। ई जवानसभक प्रति सम्मान आ हुनकर मनोबल ऊंच रखबाक प्रयास अछि।

पटना मे ग्रेविटी मॉल लग कंप्यूटर दोकान मे भीषण आगि

पटना। पटना के कंकड़बाग थाना क्षेत्र मे रविदिन एकटा पैघ अगिलग्गी भए गेल। कंकड़बाग रोड पर प्रसिद्ध ग्रेविटी मॉलक ठीक बगल मे स्थित एकटा कंप्यूटर दोकान मे अनचोके भीषण आगि लागि गेल। देखैत-देखैत आगिक ऊंच-ऊंच लपट दोकान सं बाहर निकलय लागल, जाहि सं पूरा इलाका मे हड़कंप मचि गेल आ अफरातफरी पसरि गेल। स्थानीय निवासी आ राहगीरसबक अनुसार, दोकानक भीतर सं पहिने गाढ़ कारी धुआं उठैत देखल गेल। किछुए मिनट मे आगि विकराल रूप धारण कए लेलक। आसपासक दोकान आ व्यावसायिक परिसर मे मौजूद लोक अनहोनीक आशंका सं घबरा गेलाह आ सुरक्षित स्थान दिस भागय लगलाह। भीड़भाड़वला इलाका होयबाक कारण सड़क पर सेहो किछु समय लेल यातायात प्रभावित रहल। घटनाक सूचना तत्काल स्थानीय पुलिस आ अग्निशमन विभाग कें देल गेल। सूचना भेटिते दमकलक गाड़ी आ पुलिस बलक टीम घटनास्थल पर पहुंचल। अग्निशमनकर्मी बिना समय गंवौने पानिक बौछार शुरू कयलनि आ आगि पर काबू पयबाक प्रयास मे जुटि गेलाह। संकुचित जगह आ धुआंक भारी गुबारक कारण राहति आ बचाव कार्य मे दमकलकर्मीसब कें बहुत कठिनाइक सामना करय पड़लनि।

दीपावलीक बाद पटना मे प्रदूषणक प्रकोप 24 घंटा मे 121 अंक बढ़ल एक्यूआइ

पटना, समदिया

दीपावलीक बाद पटना मे वायु प्रदूषणक प्रकोप तेजी सं बढ़ि गेल अछि। पटाखाक धुआं शहरक आबोहवा कें विषाक्त बना देने अछि। सोमदिन भोर मे हवाक गुणवत्ता खराब श्रेणी मे पहुंचि गेल। 9 नवंबर कें शहरक वायु गुणवत्ता सूचकांक (एक्यूआइ) बढ़ि कए 271 दर्ज कयल गेल, जखन कि 8 नवंबर कें ई 150 छल। एहि तरहें मात्र 24 घंटाक भीतर एक्यूआइ मे 121 अंकक वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। प्रदूषण बढ़ला सं सांसक रोगीसभक परेशानी बढ़ि गेल अछि। चिकित्सक बुजुर्ग सभ कें सेहो विशेष सावधानी बरतबाक सलाह देने छथि। दीपावलीक अवसर पर लोक सभ खूब आतिशबाजी कयलनि, जाहि कारण शहरक हवा पर प्रतिकूल असर पड़ल अछि। कतेको इलाका मे धुंध आ धुआंक चादर पसरल रहल। एकर असर दृश्यता पर सेहो पड़ल आ भोरक समय आवागमन करयवला लोक सभ कें कठिनाइ भेल। वायुक गुणवत्ता सूचकांक 201 सं 300 के बीच रहला पर



हवा कें खराब श्रेणी मे राखल जाइत अछि। एहि स्तरक प्रदूषित हवा मे बेसी समय धरि सांस लेला सं खांसी, सांस संबंधी परेशानी आ आंखि मे जलन भए सकैत अछि। बच्चा, बुजुर्ग आ दमा रोगीसभक लेल स्थिति बेसी चिंताजनक अछि। विशेषज्ञ सभ सलाह देने छथि जे एहन स्थिति मे भोर आ देर सांझ खुलल वातावरण मे बेसी समय रहब टालू। सांसक रोगी विशेष सावधानी बरतथि।

दोसर दिस, नवंबरक दोसर सप्ताह शुरू होइत बिहारक मौसिम मे बदलाव देखल जा रहल अछि। भोर आ राति मे हल्का ठंढ महसूस होइत अछि, जखन कि दुपहरिया मे तेज धूपक कारण गर्मी बनल रहैत अछि। सोमदिन सेहो प्रदेशक कतेको इलाका मे भोर मे हल्का कुहासा रहबाक संभावना अछि। दिन चढ़लाक बाद आकाश साफ होयत आ रौद निकलबाक अनुमान अछि। विज्ञान केंद्र, पटनाक पूवार्नुमानक अनुसार, अगिला 24 घंटा धरि राज्यक मौसिम शुष्क बनल रहत। कोनो जिलाक लेल बरखा वा अन्हर-तूफानक चेतावनी जारी नहि कयल गेल अछि। अगिला चारि-पांच दिन धरि अधिकतम तापमान मे कोनो पैघ बदलावक संभावना नहि अछि। एहन मे भोर-सांझ हल्का ठंढ आ दुपहरिया मे गर्मीक मिश्रित असर बनल रहत। ओम्हर, पटना मे दीपावलीक बाद बढ़ल प्रदूषण लोकसभक स्वास्थ्य लेल चिंता बढ़ा देने अछि।

पटना सिटी मे अस्पताल मे भर्ती 8 मासक बच्चाक मृत्यु पर परिजन केलक सड़क जाम

पटना, समदिया

पटना सिटी मे अस्पताल मे इलाज करा रहल आठ माहक एकटा बच्चाक मृत्यु भेला के बाद परिजन आ ग्रामीणसभक आक्रोश भड़कि उठल। इलाज मे लापरवाही बरतेबाक आरोप लगबैत आक्रोशित लोक सभ अस्पतालक बाहर अशोक राजपथ कें जाम कए देलनि आ जमि कए हंगामा कयलनि। करीब एक घंटा धरि सड़क जाम रहला सं आवागमन प्रभावित रहल।



सूचना भेटलाक बाद पहुंचल पुलिस लोक सभ कें बुझा-बुझाकए जाम हटौलक। घटना आलमगंज थाना क्षेत्रक अशोक राजपथ स्थित त्रिपोलिया मिशनरी अस्पतालक अछि। जानकारीक अनुसार, दीदारगंज थाना क्षेत्रक पूनाडीह पंचायत अंतर्गत निजामपुर गांव निवासी अमित कुमार यादवक आठ माहक पुत्र शिवक तबीयत खराब भेला पर 5 नवंबर कें अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल छल।

सुशासन दिवस पर नीतीश संवादक तैयारी लेल जदयूक वर्चुअल बैसार, नीतीश कुमार भेलाह शामिल

संजय झा कहलनि जे 20 बरख मे नीतीश कुमार ओ काज कए देखौलनि, जे पछिला 1000 बरख मे नहि भेल

पटना, समदिया

आगामी 24 नवंबर कें आयोजित होमयवला सुशासन दिवस-नीतीश संवाद कार्यक्रमक तैयारी कें लए कए सोमदिन जनता दल (यू) द्वारा जिला कार्यक्रम प्रभारी, जिलाध्यक्ष आ विभिन्न प्रकोष्ठक अध्यक्ष सभक संग वर्चुअल बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो शामिल भेलाह। ओ कार्यक्रमक तैयारीक जानकारी लेलनि आ सफल आयोजन लेल आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। बैसार मे राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा, प्रदेश अध्यक्ष उमेश सिंह कुशवाहा, बिहार सरकारक मंत्री आ प्रदेश कार्यक्रम संयोजक लेशी सिंह सहित पार्टीक वरिष्ठ नेता सभ उपस्थित छलाह। कार्यक्रम कें भव्य आ ऐतिहासिक बनेबाक लेल रूपरेखा आ आयोजनक विभिन्न पक्ष पर विस्तार सं चर्चा भेल। पार्टीक योजना अनुसार 17 सं 19 नवंबर धरि पंचायत आ वार्ड स्तर पर सुशासन नीतीश परिचर्चा आयोजित होयत। 20 सं 22



नवंबर धरि प्रखंड आ सेक्टर स्तर पर तैयारी बैसार होयत। तकर बाद 24 नवंबर कें सभ जिला मुख्यालय पर सुशासन दिवस-नीतीश संवाद कार्यक्रम आयोजित कयल जायत।

बैसार कें संबोधित करैत संजय कुमार झा कहलनि जे एक समय बिहारी शब्द कें अपमानजनक अर्थ मे प्रयोग कयल जाइत छल। 2005 मे नीतीश कुमार बिहारक बागडोर सम्हारलनि आ अपन दूरदर्शी सोच आ विकासपरक नीति सं बिहारक छवि बदलबाक काज कयलनि। ओ कहलनि जे नीतीश कुमार 20 बरख मे ओ काज कय देखौलनि, जे पछिला 1000 बरख मे नहि भेल। नालंदा विश्वविद्यालयक पुनरुद्धार आ बिहार म्यूजियम एकर उदाहरण अछि। प्रदेश अध्यक्ष उमेश सिंह कुशवाहा कहलनि जे 24 नवंबर बिहार लेल ऐतिहासिक महत्व रखैत अछि। एहि दिन 2005 मे नीतीश कुमार राज्यक बागडोर सम्हारने छलाह। हुनकर नेतृत्व मे बिहार जंगलराज आ कुशासन सं निकलि विकास आ सुशासनक नव दिशा दिस आगू बढ़ल। ओ दावा कयलनि जे राज्यक कोनो घर नीतीश कुमारक विकास काज सं अछूत नहि रहल अछि। दुनू नेता कार्यकर्ता सभ सं योजनाक लाभार्थी धरि पहुंचबाक आ हुनका सभ कें 24 नवंबरक कार्यक्रम मे आमंत्रित करबाक अपील कयलनि।

तेजस्वी यादवक 37म जन्मदिन सामाजिक सद्भाव दिवसक रूप मे मनाओल गेल

पटना, समदिया

राष्ट्रीय जनता दलक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष आ बिहार विधानसभाक नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादवक 37म जन्मदिन रविदिन सामाजिक सद्भाव दिवसक रूप मे मनाओल गेल। राजदक राज्य कार्यालय स्थित कपूर्री सभागार मे आयोजित समारोह मे हजारोंक संख्या मे पार्टीक नेता आ कार्यकर्ता शामिल भेलाह। एहि अवसर पर तेजस्वी यादव 37 पाउंडक केक काटि



जन्मदिन मनौलनि। उपस्थित लोक सभ कें केक आ मिठाइयो बांटल गेल। प्रदेश अध्यक्ष मंगनी लाल मंडलक अध्यक्षता मे आयोजित कार्यक्रमक संचालन प्रदेश उपाध्यक्ष डॉ. तनवीर हसन आ प्रदेश प्रवक्ता एजाज अहमद कयलनि। प्रदेश अध्यक्ष तेजस्वी यादव कें शॉल आ पुष्पगुच्छ भेंट कए जन्मदिनक शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे तेजस्वीक जन्मदिन सामाजिक सद्भावक संकल्पक संग मनयबाक लेल जुटल लोक सभक उपस्थिति हुनका प्रति विश्वास आ समर्थनक संदेश दैत अछि। एहि अवसर पर तेजस्वी यादव कहलनि जे नेता आ कार्यकर्ता सभ लालू प्रसाद यादवक विचारधारा कें मजबूती सं आगू बढ़ाबथि। नफरतक राजनीति समाप्त कए नौकरी आ रोजगारक राजनीति मजबूत करबाक लेल सभ कें सहभागी बनबाक चाही। ओ कार्यकर्ता सभ सं सकारात्मक सोचक संग संघर्ष आ आंदोलनक कार्यक्रम कें आगू बढ़ेबाक अपील कयलनि। संगहि, गांव-गांव आ घर-घर लालू प्रसाद यादवक संदेश पहुंचा कए नफरतवादी राजनीतिका परास्त करबाक आह्वान कयलनि। तेजस्वी यादव जन्मदिन समारोह मे शामिल भेल नेता, कार्यकर्ता आ पत्रकार सभक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे सभक प्रेम आ स्नेह बनल रहय।

दीपावलीक सांझ गोली सं थर्रायल पड़री गाम भतीजा चाचा कें गोली मारि केलक हत्या

पिस्टल, 40 गोली आ बुलेटप्रूफ जैकेट बरामद

बिरौल, समदिया



बिरौल थाना क्षेत्रक पड़री गाम मे दीपावलीक देर सांझ पुरान रंजिश खूनी रूप लए लेलक। चचेरा भतीजा घर मे घुसि अपन 55 वर्षीय चाचा काशीकांत ठाकुरक गोली मारि हत्या कए देलक। घटना के अंजाम देलाक बाद बाइक सं फरार होइत आरोपित कुमोद ठाकुर (45) करीब दू किलोमीटर दूर बहेड़ा थाना क्षेत्रक मलौल गाम मे दू बाइक कें टक्कर मारि देलक। एहि दुर्घटना मे तीन-चारि लोक घायल भए गेलाह। एकटा घायलक इलाज दरभंगा स्थित निजी अस्पताल मे चलि रहल अछि। टक्करक बाद ग्रामीण सभ आरोपित कें पकड़ि जमिकय पिटाई कयलनि आ एकटा स्थान पर बान्हि देलनि। सूचना पर पहुंचल बहेड़ा थाना पुलिस ओकरा ग्रामीण सभक कब्जा सं मुक्त करा हिरासत मे लेलक। तलाशी के दौरान ओकरा लग सं एकटा पिस्टल, 40 जिंदा कारतूस, बुलेटप्रूफ जैकेट, हेलमेट आ ग्लव्स बरामद भेल। घटनाक सूचना भेटिते बिरौल पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल। जांचक दौरान दीवार, दरवाजा आ बरामदाक नीचा सहित छह स्थान पर गोलीक निशान भेटल। मृतकक घर ऊंच चारदीवारी सं घेरल अछि, मुदा मुख्य गेट खुजल रहबाक कारण आरोपित आंगन मे प्रवेश कए गेल। ओहि समय काशीकांत ठाकुर बरामदा मे चौकी पर बैसल छलाह। आरोपित हुनका पर अंधाधुंध गोली चलौलक। छाती, कनपटी सहित शरीरक विभिन्न हिस्सा मे गोली लगबाक कारण घटनास्थले पर हुनकर मृत्यु भए गेल। घटनाक समय मृतकक पत्नी मीरा देवी घरक भीतर दीपावली पूजाक तैयारी कए रहल छलीह। संयोगवश ओ बाहर नहि छलीह, नहि तं ओहो हमलाक चपेट मे आबि सकैत छलीह। परिजनक अनुसार, दुनू परिवारक बीच बहुत दिन सं विवाद चलि रहल छल। आरोप अछि जे कुमोद ठाकुर करीब एक बरख सं काशीकांत ठाकुर कें जान मारबाक धमकी दैत छल। चारि महीना पहिने खेत मे सेहो पिस्टल देखा कए धमकौने छल। एकर बाद मृतक बिरौल थाना मे आवेदन दए सुरक्षा देबाक गुहार लगौने छलाह। ग्रामीण सभक कहब अछि जे आरोपितक दहशत के कारण केओ ओकर विरुद्ध गवाही देबाक लेल तैयार नहि छल, जाहि कारण प्राथमिकी दर्ज नहि भए सकल। विधवा महिला संग मारपीटक विरोधक बाद बढ़ल रंजिश ग्रामीण सभक अनुसार, करीब पांच बरख पहिने आरोपित एकटा विधवा महिला संग मारपीट कयने छल। काशीकांत ठाकुर आ हुनकर परिजन एहि घटनाक विरोध कयने छलाह। तखने दुनू परिवारक बीच विवाद आ रंजिश बढ़ैत गेल। बताओल जाइत अछि जे घटनाक राति आरोपित पांच-छह रिश्तेदारक घर जा कए दरवाजा खटखटौलक, मुदा केओ दरवाजा नहि खोललक। बाद मे काशीकांत ठाकुरक घरक गेट खुजल देख ओ भीतर घुसि हत्या कए देलक। ग्रामीण सभ बतौलनि जे आरोपित पहिने फोटोस्टेट आ साइबर कैफेक दोकान चलबैत छल। पछिला दू बरख सं खेती कए रहल छल। ओकर व्यवहार आक्रामक बताओल जाइत अछि। ग्रामीण सभक अनुसार, ओ बच्चा सभक संग सेहो मारपीट करैत छल। करीब एक बरख पहिने ओकर 16 वर्षीय बेटी पोखरि मे कूदि कए जान दए देने छलीह। मृतक काशीकांत ठाकुर किसान छलाह। हुनकर दू पुत्र छथि। पैघ पुत्र बलराम ठाकुर छत्तीसगढ़क रायगढ़ मे रेलवे मे कार्यरत छथि, जखन कि छोट पुत्र अभिराम ठाकुर कोलकाता मे चार्टर्ड अकाउंटेंट छथि। पड़री गाम सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुरक पैतृक गाम अछि। ग्रामीण सभक अनुसार, मृतक सांसदक निकट छलाह। हुनकर हत्या सांसदक पैतृक आवास सं मात्र करीब 100 मीटरक दूरी पर भेल। सरपंच अच्युतानंद ठाकुर कहलनि जे गाम मे एहि तरहक घटना पहिल बेर भेल अछि। ओ आरोपित कें कड़ा सजा देबाक मांग कयलनि। मृतकक पैघ भाइ प्रयाग ठाकुर आ पोता आशुतोष ठाकुरक कहब छलनि जे आरोपित पूरा परिवार कें निशाना बना रहल छल। परिजन प्रशासन सं न्यायालयक माध्यम सं आरोपित कें फांसीक सजा देबाक मांग कयलनि। फिलहाल बहेड़ा थाना पुलिस आर्म्स एक्ट आ बिरौल थाना पुलिस हत्या मामिला मे जांच कए रहल अछि। शव कें पोस्टमार्टम लेल डीएमसीएच पठाओल गेल अछि। घटना के बाद पूरा पड़री गाम मे मातमी सन्नाटा पसरल अछि।

ट्रैक्टरक ठोकर सं बाइक सवार 21 वर्षीय युवकक मृत्यु

गोवर्धन पूजाक लेल रस्सी आनबाक क्रम मे भेल दुर्घटना, घटनास्थले पर तोड़लनि दम

शिवाजीनगर, समदिया



शिवाजीनगर प्रखंडक दसौत पंचायत अंतर्गत दसौत गाम मे गोवर्धन पूजाक खुशी ओहि समय मातम मे बदलि गेल, जखन गामक एक 21 वर्षीय युवकक सड़क दुर्घटना मे दर्दनाक मृत्यु भए गेल। मृतकक पहचान दसौत गामक वार्ड संख्या 8 निवासी रामशंकर राय के पुत्र अमरनाथ कुमारक रूप मे कयल गेल अछि। युवकक मृत्युके खबर भेटिते परिवार मे कोहराम मचि गेल, ओतहि पूरा गाम मे शोकक लहर पसरि गेल। परिजन सं भेटल जानकारीक अनुसार, गोवर्धन पूजा कें लए अमरनाथ कुमार रस्सी अनबाक लेल दरभंगा जिलाक बिरौल थाना क्षेत्रक बंदा चौक गेल छलाह। रस्सी लए बाइक सं घर घुरबाक क्रम मे बिरौल थाना क्षेत्रक कमलपुर ईदगाहक लग सामने सं आबि रहल एकटा ट्रैक्टर हुनकर बाइक मे जोरदार ठोकर मारि देलक। टक्कर एतेक जबरदस्त छल जे अमरनाथ कुमारक घटनास्थले पर मृत्यु भए गेल। दुर्घटनाक बाद आसपासक लोक सभ घटनास्थल पर जुटि गेलाह। सूचना भेटिते परिजन सेहो ओतय पहुंचलाह। युवकक असामयिक मृत्यु सं आक्रोशित परिजन आ ग्रामीण सभ सिंघिया-दरभंगा मुख्य सड़क कें करीब तीन घंटा धरि जाम कय देलनि। सड़क जाम भेला सं एहि मार्ग पर आवागमन बाधित रहल आ राहगीर सभके बहुत परेशानी भेल। घटनाक जानकारी भेटिते शिवाजीनगर थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार पुलिस बलक संग जाम स्थल पर पहुंचलाह। ओ आक्रोशित परिजन आ ग्रामीण सभके समझा-बुझाकऽ शांत करौलनि। तकर बाद सड़क जाम समाप्त भेल। एहि दौरान पंचायतक मुखिया नटवर कुमार राय आ सरपंच विश्वनाथ राय सेहो मौजूद छलाह। बताओल जाइत अछि जे अमरनाथ अपन परिवार मे एकटा भाइ आ तीन बहिन मे सभ सं छोट छलाह। हुनकर मृत्यु सं परिवार पर दुखक पहाड़ टूटि पड़ल अछि। मां मीना देवीक रोइ-रोइ कए बुरा हाल अछि। बेटाक नाम लैत ओ बेर-बेर विलाप करैत बेहोश भए जा रहल छलीह। परिजन आ सगे-संबंधी सभक आंखि सेहो नम छल। गामक लोक शोकाकुल परिवार कें सांत्वना देबा मे लागल रहलाह। ओम्हर, बिरौल थाना पुलिस शव कें अपन कब्जा मे लए पोस्टमार्टम लेल दरभंगा पठा देलक। घटनास्थल पर पुलिस पदाधिकारी अंबिका सिंह, सुलेखा कुमारी सहित अन्य पुलिसकर्मी मौजूद छलाह। एहि हृदयविदारक घटना सं पूरा दसौत गाम मे शोक व्याप्त अछि।

अनियंत्रित बाइक पुलिया सं टकरायल दू दोस्तक मृत्यु, तेसर युवक गंभीर

कल्याणपुर, समदिया



समस्तीपुर जिलाक कल्याणपुर प्रखंड अंतर्गत चकमेहसी थाना क्षेत्र मे रविदिन देर सांझ एकटा हृदयविदारक सड़क दुर्घटना मे दू गहीर मित्रक मृत्यु भए गेल, जखन कि तेसर युवक गंभीर रूप सं घायल अछि। पूसा-कल्याणपुर मुख्य सड़क पर मालीनगर रामलीला चौकक लग तेज रफ्तार बाइक अनियंत्रित भए सड़कक कात बनल पुलिया सं टकरा गेल। दुर्घटना मे बाइक सवार तीनू युवक गंभीर रूप सं घायल भए गेल छलाह। इलाजक दौरान दू गोटेक मृत्यु भेला सं दुनू परिवार मे कोहराम मचल अछि। पूरा इलाका मे शोकक लहर पसरि गेल अछि।

भेटल जानकारीक अनुसार, रविदिन देर सांझ तीनू युवक एक्के बाइक पर सवार भए कतहु जा रहल छलाह। एहि दौरान जखन बाइक पूसा-कल्याणपुर मुख्य सड़क पर मालीनगर रामलीला चौकक लग पहुंचल तं तेज रफ्तारक कारण चालक संतुलन खोय देलक। बाइक अनियंत्रित भए सड़कक कात बनल पुलिया सं जोरदार टकरा गेल। टक्कर एतेक जबरदस्त छल जे बाइक सवार तीनू युवक सड़क पर दूर जा खसलाह। सभ गंभीर रूप सं घायल भए गेलाह। दुर्घटनाक बाद स्थानीय लोक आ परिजनक सहयोग सं तीनू घायल युवक कें इलाज लेल अस्पताल पहुंचाओल गेल। मृतक सभक पहचान मालीनगर पंचायतक वार्ड संख्या 10 निवासी सकल सहनीक 27 वर्षीय पुत्र देवकरण कुमार सहनी आ सैदपुर पंचायतक वार्ड संख्या 13 स्थित बरेवा टोला निवासी सुरेंद्र पोद्दारक 25 वर्षीय पुत्र शशिकांत कुमारक रूप मे भेल अछि। गंभीर रूप सं घायल देवकरण कुमार सहनीक मृत्यु इलाजक दौरान समस्तीपुर मे भए गेल। ओतहि शशिकांत कुमार कें नीक इलाज लेल पटना लए जाओल गेल छल, जतय सोमदिन इलाजक दौरान हुनकर मृत्यु भए गेल। दुर्घटना मे घायल तेसर युवक कुंदन कुमारक स्थिति एखनो गंभीर बनल अछि। परिजन हुनका तत्काल एकटा निजी क्लिनिक मे भर्ती करौने छथि, जतय चिकित्सक हुनकर जान बचयबाक प्रयास कए रहल छथि। कुंदनक गंभीर स्थिति कें लए परिवारक लोक चिंतित छथि। घटनाक सूचना भेटिते चकमेसी थाना पुलिस दल-बलक संग घटनास्थल पर पहुंचल आ स्थिति जायजा लेलक। पुलिस दुनू मृतकक शव कें अपन कब्जा मे लए आवश्यक कागजी प्रक्रिया पूरा कय पोस्टमार्टम करौलक।

कुटुंबा क्षेत्रक मुखिया गुलाम सरवर आ मुकेश कांग्रेस मे

पटना। औरंगाबाद जिलाक कुटुंबा विधानसभा क्षेत्र अंतर्गत संडा ग्राम पंचायतक मुखिया गुलाम सरवर आ युवा नेता मुकेश मेहता सोमदिन कांग्रेस पार्टी मे शामिल भेलाह। पटना मे बिहार प्रदेश कांग्रेस कमेटीक अध्यक्ष राजेश राम दुनू नेता कें पार्टीक सदस्यता देलनि आ कांग्रेस परिवार मे स्वागत केलनि। गुलाम सरवर हिंदुस्तानी आवाम मोर्चा (हम) के औरंगाबाद जिलाक युवा अध्यक्ष रहि चुकल छथि। कांग्रेस प्रदेश कमेटी द्वारा जारी जानकारीक अनुसार, दुनू नेता कांग्रेसक विचारधारा आ राहुल गांधीक विचार सं प्रभावित भए पार्टीक सदस्यता लेलनि। एहि अवसर पर प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश राम कहलनि जे कांग्रेसक विचारधारा, संविधानक रक्षा, लोकतंत्रक मजबूती आ सामाजिक न्याय प्रति पार्टीक प्रतिबद्धता सं प्रभावित भिन्न-भिन्न राजनीतिक दलक लोक कांग्रेस सं जुड़ि रहल छथि। ओ आशा व्यक्त केलनि जे गुलाम सरवर आ मुकेश मेहताक पार्टी मे शामिल होयबा सं औरंगाबाद जिला आ कुटुंबा विधानसभा क्षेत्र मे संगठन कें मजबूती भेटत।

54म मिथिला विभूति पर्वक उद्घाटन करताह मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी

डॉ. नागेंद्र झा स्टेडियम मे आयोजनक तैयारी पर भेल मंथन

दरभंगा, समदिया



विद्यापति सेवा संस्थानक तत्वावधान मे आगामी 22, 23 आ 24 नवंबर कें आयोजित होमयवला तीन दिवसीय 54म मिथिला विभूति पर्व समारोहक उद्घाटन मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी करताह। सोमदिन मुख्यमंत्री सं भेंट कए आमंत्रित करबाक लेल पहुंचल संस्थानक प्रतिनिधिमंडल कें ओ समारोह मे शामिल होयबाक आ उद्घाटन करबाक सहमति देलनि। दरभंगा नगर विधायक सह प्रदेश भाजपा अध्यक्ष संजय सरावगीक नेतृत्व मे मुख्यमंत्री सं भेंट करयवला प्रतिनिधिमंडल मे संस्थानक महासचिव डॉ. बैद्यनाथ चौधरी बैजू, सचिव प्रो. जीवकांत मिश्र आ मीडिया संयोजक डॉ. प्रवीण कुमार झा शामिल छलाह। एहि संबंध मे जानकारी दैत डॉ. बैद्यनाथ चौधरी बैजू कहलनि जे मुख्यमंत्री मिथिलाक एहि सांस्कृतिक महाकुंभक शुभारंभ करबाक स्वीकृति देलनि आ समारोह मे अपन सहभागिता कें गौरवपूर्ण बतौलनि। प्रतिनिधिमंडल सं मैथिली मे संवाद करैत मुख्यमंत्री कहलनि जे मिथिला सदिखन संस्कार, लोक व्यवहार आ विचारक भूमि रहल अछि। ई अवतारक संगहि दर्शन आ सृजनक भूमि के रूप मे सेहो विश्वभरि प्रसिद्ध अछि। ओ कहलनि जे हुनका एहि बात पर गर्व अछि जे पावन मिथिला हुनकर मातृभूमि अछि। मुख्यमंत्रीक प्रस्तावित कार्यक्रम कें लए प्रशासनिक स्तर पर सेहो तैयारी शुरू कए देल गेल अछि। सोमदिन जिलाधिकारी कौशल कुमार आ वरीय पुलिस अधीक्षक प्रस्तावित आयोजन स्थल सभक निरीक्षण केलनि। निरीक्षणक क्रम मे एमएलएसएम कॉलेज परिसर मुख्यमंत्रीक कार्यक्रमक दृष्टिकोण सं अनुपयुक्त पाओल गेल। एकर बाद देर सांझ संस्थानक प्रतिनिधिमंडल संग भेल विस्तृत विचार-विमर्श मे सुरक्षा आ अन्य प्रशासनिक सुविधा सभ कें ध्यान मे रखैत ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय परिसर स्थित डॉ. नागेंद्र झा स्टेडियम मे तीन दिवसीय समारोह आयोजित करबाक विकल्प पर गंभीरता सं विचार कयल गेल। एहि स्थल पर आयोजनक संभावना कें लए आगू तैयारी पर मंथन भेल।

49 बरख पुरान मां काली पूजाक परंपरा संग सांस्कृतिक रंग मे रंगायल बैरगनिया महोत्सव

सीतामढ़ी, समदिया



आस्था, परंपरा आ सांस्कृतिक विरासतक अनूठ संगम बैरगनिया मे दीपावलीक अवसर पर आयोजित होमयवला बैरगनिया महोत्सवक भव्य शुभारंभ भेल। विधायक बैद्यनाथ प्रसाद, अपर समाहर्ता संजीव कुमार, सभापति सिंधु गुप्ता, अध्यक्ष रितेश जायसवाल सहित अन्य अतिथि सभ संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमक उद्घाटन केलनि। बिहार सरकारक कला आ संस्कृति विभाग तथा सीतामढ़ी जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान मे आयोजित एहि महोत्सव सं पूरा क्षेत्र उत्सवमय बनि गेल। बैरगनियाक प्रसिद्ध मां काली मंदिर 49 बरख पुरान पूजा परंपराक कारण श्रद्धालुसभक गहींर आस्थाक केंद्र बनल अछि। दीपावलीक अवसर पर एतय मां कालीक विशेष पूजा-अर्चना होइत अछि। एहि अवसर पर बिहारक विभिन्न क्षेत्रक संगहि पड़ोसी देश नेपाल सं बड़ संख्या मे श्रद्धालु पहुंचि माताक दर्शन कए आशीर्वाद प्राप्त करैत छथि। एहि परंपरा आब बैरगनियाक धार्मिक आ सांस्कृतिक पहचान बनि चुकल अछि। धार्मिक आयोजनक अगिला दिन आयोजित बैरगनिया महोत्सव मे कला आ संस्कृतिक विविध रंग देखय लेल भेटल। एहि अवसर पर रंगोली, चित्रकला, मेहंदी आ नृत्य प्रतियोगिताक संग सांस्कृतिक संध्याक आयोजन कयल गेल। क्षेत्रक विभिन्न सरकारी आ निजी विद्यालयक छात्र-छात्रा सभ अपन प्रतिभाक प्रदर्शन केलनि। ओतहि बिहारक विभिन्न भाग आ नेपाल सं आयल कलाकार सभ अपन सांस्कृतिक प्रस्तुति सं दर्शक सभ कें मंत्रमुग्ध कयलनि।

महादेव साह अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स मे सपरिवार मां लक्ष्मीक पूजा-अर्चना

प्रदेश भाजपा नेता सह स्वर्ण व्यवसायी अमरनाथ प्रसाद देलनि दीपावलीक शुभकामना

राजनगर, समदिया



दीपावलीक पावन अवसर पर राजनगर स्थित प्रतिष्ठित प्रतिष्ठान महादेव साह अमरनाथ प्रसाद ज्वेलर्स मे प्रदेश भाजपा नेता आ स्वर्ण व्यवसायी अमरनाथ प्रसाद सपरिवार विधि-विधान आ श्रद्धा-भक्तिपूर्वक मां लक्ष्मी आ भगवान गणेशक पूजा-अर्चना कयलनि। एहि अवसर पर हुनकर धर्मपत्नी दिव्या देवी, पैघ पुत्र रिशव राज, छोट पुत्र पुष्कर राज आ पैघ पुतोहु ऐश्वर्या गुप्ता सहित परिवारक अन्य सदस्य उपस्थित छलाह। सभ गोटे सामूहिक रूप सं पूजा-अर्चना कए परिवार, प्रतिष्ठान, ग्राहक आ क्षेत्रवासी सभक सुख, शांति, समृद्धि आ मंगलमय जीवनक कामना कएलनि।

एहि अवसर पर अमरनाथ प्रसाद कहलनि जे दीपावली मात्र दीप जरेबाक पाबनि नहि, बल्कि अन्हार पर इजोत, असत्य पर सत्य आ निराशा पर आशाक विजयक प्रतीक अछि। ई पाबनि हमरा सभ कें प्रेम, सद्भाव, आपसी भाइचारा आ सेवाक भावनाक संग जीवन मे आगू बढ़बाक प्रेरणा दैत अछि। ओ मां लक्ष्मी सं प्रार्थना कयलनि जे सभक जीवन मे सुख-समृद्धि, उत्तम स्वास्थ्य आ खुशहाली बनल रहय। अमरनाथ प्रसाद अपन समस्त परिवारक दिस सं देशक समस्त नागरिक, ग्राहक, शुभचिंतक आ क्षेत्रवासी सभ कें दीपावलीक हार्दिक बधाइ आ शुभकामना देलनि। संगहि सभक उज्ज्वल भविष्य, सुख-समृद्धि आ मंगलमय जीवनक कामना कयलनि।

बाढ़िक पानि कें बनौलनि कमाइक जरिया, सिंघाड़ाक खेती सं किसान कें भेटल सफलता

- **10 कट्ठा मे 10 क्विंटल उपज, मात्र 2700 टाका लागल लागत**
- **छठ पर्व मे 50 टाका किलो बिकि रहल सिंघाड़ा, आमदनी बढ़बाक उम्मीद**

कुशेश्वरस्थान, समदिया



कोसी आ कमला बलान नदी सं घेरल कुशेश्वरस्थान पूर्वी प्रखंड मे बाढ़ि आ जलजमाव प्रत्येक साल किसान सभक लेल परेशानीक कारण बनैत अछि। मुदा एहि प्रतिकूल परिस्थिति कें उसरी पंचायतक अरराही गाम निवासी किसान जवाहर पोद्दार कमाइक अवसर बना लेलनि। ओ पारंपरिक धानक खेती छोड़ि पहिल बेर सिंघाड़ाक खेती केलनि आ नीक उत्पादन प्राप्त कयलनि। किसान जवाहर पोद्दार बतौलनि जे 10 कट्ठा जमीन मे सिंघाड़ाक खेती पर करीब 2700 टाका खर्च भेल। मात्र 2 माह 5 दिन मे फसल तैयार भए गेल आ करीब 10 क्विंटल सिंघाड़ाक उपज भेल। एखन बाजार मे सिंघाड़ा 50 टाका प्रति किलो बिकि रहल अछि। लोक आस्थाक महापर्व छठ मे प्रसादक रूप मे सिंघाड़ाक विशेष मांग रहबाक कारण नीक आमदनी होयबाक उम्मीद अछि। किसानक कहब छनि जे बाढ़िक कारण धानक फसल बर्बाद होयबाक आशंका बनल रहैत अछि। एहन परिस्थिति मे सिंघाड़ाक खेती हुनका लेल नीक विकल्प साबित भेल अछि। कम लागत आ कम समय मे तैयार होमयवला एहि फसल सं हुनका नीक उत्पादन भेटलनि। जवाहर पोद्दारक ई प्रयोग बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक आन किसान सभक लेल सेहो प्रेरणादायक बनि सकैत अछि। स्थानीय भौगोलिक परिस्थिति आ जलजमावक अनुकूल खेती अपनाकऽ किसान अपन आमदनी बढ़ा सकैत छथि। जाहि जलजमाव कें किसान सभ आब धरि अभिशाप बुझैत छलाह, ओहिठाम सिंघाड़ाक खेती ओकरा कमाइक अवसर मे बदलि देलक अछि।

बसैठ मे मोबाइल दोकान सं करीब 2 लाख टाकाक मोबाइल आ सामानक चोरि

बेनीपट्टी, समदिया



बेनीपट्टी थाना क्षेत्र मे चोरीक लगातार भए रहल घटना सभ सं आम लोक आ दोकानदारक चिंता बढ़ैत जा रहल अछि। चोर सभ आब बेखौफ भए कए दोकान आ प्रतिष्ठान सभके निशाना बना रहल छथि। पूर्वक कतेको चोरीक घटनाक उद्भेदन नहि भेला सं चोर सभक मनोबल बढ़ल अछि। ताजा घटना बसैठ गामक अछि, जतय बीतल राति दुर्गा मंदिरक लग संचालित चौधरी मोबाइल एसेसरीज एवं रिपेयरिंग सेंटर मे चोर सभ हाथ साफ कय लेलनि। भेटल जानकारीक अनुसार, चोर सभ दोकानक छत पर लागल एस्बेस्टस हटाकऽ भीतरक प्लाइ तोड़ि दोकान मे प्रवेश केलनि। तकर बाद करीब 2 लाख टाका मूल्यक मोबाइल फोन आ आन सामान चोरा लेलनि। कहल जाइत अछि जे धनतेरस कें देखैत दुकानदार आदित्य चौधरी बिक्री लेल कतेको कीमती मोबाइल सेट मंगाकऽ दोकानक शोकेस मे रखने छलाह। चोर सभ खास कए ओहि मोबाइल सेट सभ पर हाथ साफ कय लेलनि। भोर मे जखन दुकानदार आदित्य चौधरी दोकान खोलय पहुंचलाह तं कुर्सी पर प्लाइ टुकड़ा खसल देख हुनका संदेह भेलनि।

दिवालीक दिन जफरा पंचायत भवनक लग बोरा मे बंद भेटल 25 वर्षीय युवकक शव

दोस्त मनीषक घर मे पसरल भेटल खूनक निशान, सिमरी चौक पर शव राखि परिजन केलनि सड़क जाम

बेनीपट्टी/बिस्फी, समदिया



» एसपी कहलनि जे घटनाक उद्भेदन आ एहि मे संलिप्त लोक सभक गिरफ्तारी लेल एसआईटीक गठन कयल गेल अछि

मधुबनी जिलाक बिस्फी प्रखंड मे दीपावलीक दिन रवि दिन तखन सनसनी पसरि गेल, जखन पतौना थाना क्षेत्रक जफरा पंचायत भवन लग बोरा मे बंद एक युवकक शव भेटल। शव भेटबाक खबर फैलिते इलाका मे हड़कंप मचि गेल। घटनास्थल पर स्थानीय लोक सभक भारी भीड़ जुटि गेल। मृतकक पहचान बिस्फी थाना क्षेत्रक सिमरी गामक सोनमा टोल निवासी विकास यादवक रूप मे भेल अछि। युवकक संदिग्ध परिस्थिति मे भेल मृत्यु सं पूरा इलाका मे तरह-तरहक चर्चा शुरू भए गेल अछि। भेटल जानकारीक अनुसार, विकास यादव शनिदिन सांझ अपन दोस्त मनीष कुमार चौपालक संग घर सं कतहु निकलल छल। तकर बाद ओ वापस नहि घुरल। परिजन ओकर खोजबीन मे लागल छलाह आ बहुत चिंतित छलाह। एहि बीच रवि दिन सांझ जफरा पंचायत भवन लग बोरा मे बंद एकटा शव भेटबाक सूचना भेटल। घटनास्थल पर पहुंचल स्थानीय लोक सभ शवक पहचान विकास यादवक रूप मे कयलनि। तकर बाद मृतकक परिजन आ गामक लोक कें घटना संबंधी सूचना देल गेल। सूचना भेटिते पतौना थानापुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ छानबीन शुरू कयलक। पुलिस शव कें अपन कब्जा मे लए पोस्टमार्टमलेल सदर अस्पताल, मधुबनी पठा देलक। घटनास्थल सं साक्ष्य जुटेबाक लेल एफएसएल टीम कें सेहोबजाओल गेल। एहि बीच, सोमदिन भोर मे पोस्टमार्टमक बाद मृतकक शव गाम पहुंचिते परिजन आस्थानीय लोक सभक आक्रोश भड़कि उठल। आक्रोशित परिजन आ ग्रामीण सिमरी चौक पर शव राखि मुख्य सड़क जाम कए देलनि। एहि दौरान लोक सभ सरकार आ पुलिस प्रशासनक विरुद्ध नारा लगबैत घटना मे संलिप्त आरोपित सभक गिरफ्तारीक मांग कयलनि। सड़क जामक सूचना पर बिस्फी थानाध्यक्षइंस्पेक्टर अविनाश कुमार, पतौना थानाध्यक्ष अनुराग कुमार आ औंसी थानाध्यक्ष आदित्य कुमार पुलिस बलक संग पहुंचलाह। अधिकारी सभ आक्रोशित लोक कें बुझा कय जाम हटेबाक प्रयास कयलनि, मुदा प्रदर्शनकारी अपन मांग पर अड़ल रहलाह। बाद मे बेनीपट्टीक डीएसपी अमित कुमार आ सर्किल इंस्पेक्टर अखिलेश कुमार सेहो ओतय पहुंचलाह। दुनू अधिकारी लोक सभ कें बुझा-बुझा कय शांत करौलनि, तकर बाद सड़क जाम समाप्त भेल। जाम समाप्त भेलाक बाद पुलिस मृतकक दोस्त मनीष कुमार चौपालक घर पहुंचल। बताओल जाइत अछि जे पुलिसक पहुंचबाक पहिनहि मनीष आ ओकर परिजन घर छोड़ि फरार भए गेल छलाह। पुलिस कें ओकर घर मे खूनक निशान भेटल। घर मे बिखरल खूनक अतिरिक्त किछुसाड़ी आ मैट पर सेहो खूनक धब्बा पाओल गेल। एहि परिस्थिति कें देखैत पुलिस मामिला कें गंभीरता संलैत जांच तेज कए देने अछि। एहि संबंध मे डीएसपी अमित कुमार कहलनि जे पुलिस घटनाक सभ पहलू पर गंभीरतापूर्वक जांच कए रहल अछि। घटनाक उद्भेदन आ एहि मे संलिप्त लोक सभक गिरफ्तारी लेल एसआईटीक गठन कयल गेल अछि।

बेनीपट्टी मे हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल प्रकाशक पर्व दीपावली

दीपकक रोशनी आ रंग-बिरंगी विद्युत झालर सं जगमगायल पूरा इलाका

बेनीपट्टी, समदिया



प्रखंड क्षेत्र मे रवि दिन प्रकाशक महापर्व दीपावली पारंपरिक उल्लास आ हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल। सांझ होइतहि घर, दोकान आ प्रतिष्ठान सभ मे दीप जरय लागल। दीपकक रोशनी आ रंग-बिरंगी विद्युत झालरक चमक सं पूरा इलाका जगमगा उठल। दीपावली कें लए कय लोक सभ मे खास उत्साह देखलगेल। एहि अवसर पर लोक सभ अपन-अपन घर आ प्रतिष्ठान मे धन-वैभवक अधिष्ठात्री मां लक्ष्मी आ विघ्नहर्ता गणपति गणेशक विधिवत पूजा-अर्चना कय सुख, शांति, समृद्धि आ खुशहालीक कामनाकयलनि। बेनीपट्टी मुख्यालय बाजार मे विशेष रूप सं आकर्षक सजावट कयल गेल छल। दोकान, मकान आ व्यावसायिक प्रतिष्ठान सभ पर लागल रंग-बिरंगी विद्युत झालर आ आकर्षक रोशनी सं बाजारक दृश्य अत्यंत मनोरम देखाइत छल। दीपावलीक अवसर पर लोक सभ एक-दोसर कें मिठाइ खुआ कय पर्वकशुभकामना देलनि। बच्चा आ युवावर्ग मे आतिशबाजीक विशेष उत्साह देखल गेल। सांझ सं देर राति धरिपूरा वातावरण दीपकक रोशनी, उमंग आ उत्सवक रंग मे सराबोर रहल। पौराणिक मान्यता अनुसार, त्रेतायुगमे मर्यादा पुरुषोत्तम भगवान श्रीराम 14 वर्षक वनवास पूरा कय अयोध्या लौटने छलाह। हुनकर स्वागत मेअयोध्यावासी दीप जराकय पूरा नगर कें रोशन कयने छलाह। एहि परंपराक अनुरूप दीपावली कें अन्हारपर इजोर आ असत्य पर सत्यक विजयक प्रतीक पर्वक रूप मे मनाओल जाइत अछि। एहि बीच भगवान श्रीरामक जीवन प्रसंग सं जुड़ल धार्मिक मान्यता बला सिद्धपीठ उच्चैठ भगवती स्थान, बेहटा स्थित कालीस्थान सहित क्षेत्रक विभिन्न मंदिर सभ मे श्रद्धालु दीप प्रज्वलित कय देवी-देवता सभक पूजा-अर्चनाकयलनि। कुल मिलाकय रवि दिन सांझ बेनीपट्टी सहित आसपासक ग्रामीण इलाका दीपकक जगमगाहट, आकर्षक विद्युत सजावट आ उत्सवी वातावरण सं दीपावलीक खुशियाली मे सराबोर रहल।

एलएनजे कॉलेज मे छठि महोत्सव मे लोकसंस्कृति आ परंपराक देल गेल संदेश

झंझारपुर, समदिया



मिथिला स्टूडेंट यूनियनक एलएनजे कॉलेज इकाइक तत्वावधान मे कॉलेज परिसर मे भव्य छठिमहोत्सवक आयोजन कयल गेल। कॉलेज अध्यक्ष सचिन चौधरीक नेतृत्व मे आयोजित एहि कार्यक्रम मे छात्र-छात्रा आ स्थानीय लोकनिक उत्साह देखबा योग्य छल। कार्यक्रम मे मुख्य अतिथिक रूप मे झंझारपुरथानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह, मिहीर ठाकुर, अमित मिश्रा, मिथिला स्टूडेंट यूनियनक राष्ट्रीय अध्यक्ष विद्याभूषण, पूर्व जिला अध्यक्ष मुरारी मंडल, जिला अध्यक्ष कुंदन भारती सहित अविनाश भारद्वाज, गोपालचौधरी, नारायण मिश्रा आ अन्य गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक दौरान अतिथिगण छठिमहापर्वक महत्ता पर प्रकाश दैत कहलनि जे छठि मात्र आस्था आ श्रद्धाक पर्व नहि, बल्कि मिथिलाक समृद्ध लोकसंस्कृति, सामाजिक एकता आ परंपराक परिचायक सेहो अछि। एहि पर्वक माध्यम सं प्रकृति, सूर्योपासना आ लोकजीवनक बीचक गहींर संबंध देखबा लेल भेटैत अछि। एहन सांस्कृतिक आयोजन नवपीढ़ी कें अपन भाषा, संस्कृति आ विरासत सं जुड़बाक अवसर प्रदान करैत अछि। आयोजक सभ कहलनि जे एहि कार्यक्रमक मुख्य उद्देश्य मिथिलाक समृद्ध संस्कृति, लोकपरंपरा आआस्थाक महापर्व छठि कें युवा पीढ़ीक बीच प्रोत्साहित करब तथा अपन सांस्कृतिक विरासत कें संरक्षितरखब अछि। कार्यक्रमक सफल आयोजन पर कॉलेज अध्यक्ष सचिन चौधरी सभ अतिथि, यूनियनक पदाधिकारी, विद्यार्थी, सहयोगी आ सहभागी लोकनिक प्रति आभार प्रकट कयलनि। ओ कहलनि जे सभक सहयोग, सहभागिता आ समर्थन सं कार्यक्रम सफल भए सकल। संगहि ओ भविष्य मे सेहो मिथिलाक भाषा, संस्कृति आ परंपराक संरक्षण आ संवर्धन लेल एहि तरहक आयोजन जारी रखबाक प्रतिबद्धताव्यक्त कयलनि।

बेनीपट्टी थाना लग मे रेडिमेड कपड़ाक दोकान मे लगाओल गेल आगि

लाखोक सामान जरि कए राख, दोकानदारक जीवन भरिक कमाइ पल भर मे भेल खाक

बेनीपट्टी, समदिया



असामाजिक तत्व सभक दुस्साहस एहन बढ़ि गेल अछि जे आब थाना आ सर्किल इंस्पेक्टर कार्यालयकआसपासो दोकानदार सभक संपत्ति सुरक्षित नहि रहि गेल अछि। बीतल राति असामाजिक तत्व सभबेनीपट्टी थाना आ सर्किल इंस्पेक्टर कार्यालय सं किछुए कदमक दूरी पर डाकघर लग स्थित मो.सनवरक रेडिमेड कपड़ाक दोकान मे आगि लगा देलक। एहि अगलगी मे दोकानक भीतर राखल हजारोटाका मूल्यक कपड़ा आ आन सामान जरि कए राख भए गेल। दोकानदारक अनुसार, एहि घटना मे करीब 2 सं 2.5 लाख टाकाक आर्थिक क्षति भेल अछि। दीपावलीक उल्लासक बीच घटल एहि घटना संदोकानदारक मेहनतक कमाइ पल भर मे राखक ढेर मे बदलि गेल। दोकानदार बतौलनि जे रवि दिन राति धरि सभ किछु सामान्य छल। सोमदिन भोर करीब 3 बजे किछु लोक फोन कए दोकान मे आगि लगबाकसूचना देलक। सूचना भेटिते दोकानदार घबरायल अवस्था मे दोकान दिस दौड़लाह। ओतय पहुंचला परस्थानीय लोक सभक सहयोग सं पानि डालि बहुत प्रयासक बाद आगि पर काबू पाओल गेल। मुदा ताबतधरि आगि दोकानक भीतर राखल रेडिमेड कपड़ा आ आन सामान कें अपन चपेट मे लए लेने छल। दोकानक अधिकांश सामान जरि कए नष्ट भए गेल। भोर मे अपन दोकानक दुर्दशा देखिकय दोकानदारक आगू रोजी-रोटीक सहारा समाप्त भए गेल छल। हुनकर जीवन भरिक मेहनत आ पूंजी एक्के राति मे राख बनि गेल। घटनाक खबर फैलिते भोर होइत- होइत घटनास्थल पर लोक सभक भारी भीड़ जुटि गेल। जरल दोकान आ नष्ट सामान देख स्थानीय लोकसभ मे गहींर आक्रोश देखल गेल। लोक सभक कहब छल जे जाहि स्थान पर ई घटना भेल, ओतय सं बेनीपट्टी थाना आ सर्किल इंस्पेक्टर कार्यालय महज किछुए कदमक दूरी पर अछि। एहन संवेदनशीलस्थान पर अगलगीक एहि घटना बाजारक सुरक्षा व्यवस्थापर सेहो गंभीर प्रश्न ठाढ़ कए देने अछि।

मां कालीक महिमा कें भेटल राजकीय सम्मान, अगिला साल सं राजकीय समारोह बनत मधुबनीक कालीपूजा

पूर्णिया, समदिया



पूर्णियांक ऐतिहासिक मधुबनी कालीपूजा आ रामजानकी ठाकुरबाड़ी दुर्गापूजा के आब सरकारी सम्मान भेटत। बिहार सरकारक राजस्व एवं भूमि सुधार मंत्री डॉ. दिलीप जायसवाल घोषणा कयलनि जे अगिलाबरख सं दुनू धार्मिक आयोजन राजकीय समारोहक रूप मे आयोजित होयत। एहि निर्णय के पूर्णियाकधार्मिक आ सांस्कृतिक विरासत लेल पैघ उपलब्धि मानल जा रहल अछि। मंत्री डॉ. जायसवाल मधुबनी कालीस्थान चौक स्थित काली मंदिर पहुंचि विधिवत पूजा-अर्चना कयलनि आ मां कालीक चरण मे माथ टेकलनि। एहि अवसर पर ओ दुनू पूजा के राजकीय समारोहक दर्जा देबाक घोषणा कयलनि। ओ कहलनि जे एहि धार्मिक स्थल सभ सं लाखो श्रद्धालुक आस्था जुड़ल अछि।घोषणाक बाद भाजपा जिला मंत्री नूतन गुप्ता प्रसन्नता व्यक्त करैत मंत्रीक प्रति आभार जतौलनि। कार्यकर्ता आ स्थानीय लोक सभ एक-दोसर के मिठाइ खुआ कय खुशी मनौलनि। नूतन गुप्ता कहलनि जे मधुबनी काली मंदिर मे वर्षो सं पारंपरिक श्रद्धा आ विधि-विधानक संग पूजा होइत आबि रहल अछि। एतय लगयवला विशाल मेला क्षेत्रक सांस्कृतिक पहचान अछि। पारंपरिक कुश्ती प्रतियोगिता मेलाक विशेष आकर्षण रहैत अछि। मां कालीक प्रति लाखो श्रद्धालुक अटूट आस्था एहि स्थलक विशिष्ट पहचान देने अछि। ओ कहलनि जे राजकीय समारोहक दर्जा भेटब मात्र धार्मिक आयोजनक सम्मान नहि, बल्किपूर्णियाक ऐतिहासिक परंपरा, सांस्कृतिक विरासत आ जनआस्थाक सम्मान अछि। रामजानकी ठाकुरबाड़ीदुर्गापूजा के सेहो एहि सूची मे शामिल कयल जेबाक निर्णय शहर लेल दोहरी खुशी अछि। एहि अवसर परमहापौर विभा कुमारी, समाजसेवी जितेंद्र यादव, पंकज पटेल, पूजा समिति अध्यक्ष पंकज यादव, कोषाध्यक्षकुंदन यादव, प्रवीण कुमार, मनोज पासवान सहित कतेको गणमान्य व्यक्ति आ श्रद्धालु उपस्थित छलाह।

एनएच-27 पर कमला पुल पर ओवरटेकिंग मे टकराइल दू कार, बाल-बाल बचलाह चालक

झंझारपुर, समदिया

कम जगह आ तेज रफ्तार बनल दुर्घटनाक कारण

झंझारपुर मे एनएच-27 स्थित कमला नदी पुल पर ओवरटेक करबाक क्रम मे दू टा कार आपस मे टकरा गेल। एहि दुर्घटना मे दुनू कार क्षतिग्रस्त भए गेल, हालांकि कोनो व्यक्ति हताहत नहि भेल। कार सवारलोक बाल-बाल बचि गेलाह। दुर्घटनाक बाद किछु समय धरि पुल पर यातायात बाधित रहल। मिठलजानकारीक अनुसार, कमला नदी पुल पर एनएच-27 केर पुलक दीवार पर कारी आ पीयर रंग सं रंगाई-पुताईक काज चलि रहल छल। एहि कारण फुलपरास सं दरभंगा दिस जायवला लेनक आधा हिस्सा बंद कय देल गेल छल, जखन कि आधा सड़क पर आवागमन जारी छल। एहन स्थिति मे सीमित जगह रहबाक बावजूद गाड़ी सभक आवाजाही जारी छल। ओही दौरान ओवरटेक करबाक क्रम मे पाछू आबि रहल कार आगू चलि रहल कार मे पाछू दिस ठोकर मारि देलक। ठोकर एतेक जोरदार छल जे दुनू कार क्षतिग्रस्त भए गेल। एकटा कारक अगिला हिस्सा, जखन कि दोसर कारक पाछूवला हिस्सा क्षतिग्रस्त भेल। दुर्घटनाक बाद क्षतिग्रस्त कार सड़क परे पड़ल रहल। बाद मे ओकरा सड़क किनारे हटा कए यातायात फेर सामान्य कयल गेल। स्थानीय लोकक कहब छलनि जे जखन पुलक एकहि लेन मे दुनू दिस दीवारक रंगाई-पुताईक काज चलि रहल हो, तखन एक कट सं दोसर कट धरि दुनू दिसक यातायात पूर्ण रूपेण बंद कय देबाक चाही। जाहि सं वाहन सभ सुरक्षित रूप सं निकलि सकैत। हुनका सभक कहब छलनि जे आधा सड़क खोलि कए यातायात जारी रखबाक कारणे ई दुर्घटना भेल। पुल पर मरम्मत आ रंगाई-पुताईक काजक दौरान सुरक्षा मानक आ यातायात नियंत्रण पर विशेष ध्यान देबाक आवश्यकता अछि। हालांकि, सोमदिन दरभंगा संफुलपरास दिस जायवला लेन मे रंगाई-पुताईक काज होयबाक कारण दुनू दिसक यातायात पूर्ण रूपेण बंदकय देल गेल अछि।

छठि महापर्व लेल डीएम आ एसपी कयलनि सीतामढ़ी रेलवे स्टेशनक निरीक्षण

स्टेशन परिसर मे सफाई, रोशनी आ आकर्षक तोरणद्वार बनेबाक निर्देश

सीतामढ़ी, समदिया



» श्रद्धालु सभक सुविधा आ सुरक्षा लेल देलनि आवश्यक निर्देश

आगामी छठि महापर्व पर श्रद्धालु सभक संभावित भीड़ आ यात्री सभक सुविधा कें ध्यान मे रखैत जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया आ पुलिस अधीक्षक अमित रंजन सीतामढ़ी रेलवे स्टेशनक निरीक्षणकयलनि। एहि दौरान रेलवे के वरिष्ठ पदाधिकारी सभक संग जिला प्रशासनक संबंधित अधिकारी सेहोउपस्थित छलाह।उल्लेखनीय अछि जे छठि महापर्व पर विभिन्न स्थान सं पैघ संख्या मे श्रद्धालु आ व्रती ट्रेनक माध्यमसं सीतामढ़ी पहुंचैत छथि। स्टेशन पर यात्री सभक बढ़ैत भीड़ कें देखैत सुविधा, सुरक्षा, सुगम आवागमनआ विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक मुद्दा पर जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक रेलवे अधिकारी सभक संग विस्तार सं विचार-विमर्श कयलनि। निरीक्षणक दौरान रेलवे स्टेशन परिसरक साफ-सफाई, प्रकाश व्यवस्था, यात्री सभक आवागमन सुगम बनेबाक आ स्टेशन कें आकर्षक रूप सं सजाबय सहित विभिन्न बिंदु पर चर्चा भेल। जिलाधिकारी नगर निगम कें स्टेशन परिसर आ आसपासक क्षेत्र मे समुचित साफ-सफाई, पर्याप्त रोशनी आ आकर्षक तोरणद्वार बनेबाक निर्देश देलनि। संगहि रेलवे प्रशासन कें श्रद्धालु आ यात्रीसभक सुविधा लेल सभ आवश्यक तैयारी समय पर पूरा करबाक निर्देश देल गेल। रेलवे प्रशासन सेहो एहिदिशा मे आवश्यक तैयारी कए रहल अछि। निरीक्षणक क्रम मे जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक संबंधितपदाधिकारी सभ कें स्पष्ट निर्देश देलनि जे छठि महापर्वक दौरान श्रद्धालु आ व्रती सभ कें कोनो तरहक असुविधा नहि होय। एकरा लेल सभ आवश्यक व्यवस्था पहिनहि सुनिश्चित कय लेल जाए। भीड़ प्रबंधन, सुरक्षा आ विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल संबंधित विभाग आपसी समन्वयक संग काज करथि, जाहिसं श्रद्धालु सुरक्षित आ सुविधाजनक वातावरण मे यात्रा पूरा कए सकथि। जिलाधिकारी कहलनि जे छठिमहापर्व पर बाहर सं आबयवला श्रद्धालु सभक सीतामढ़ी रेलवे स्टेशन पर स्वागतयोग्य आ सुविधाजनक वातावरण सुनिश्चित करब जिला प्रशासनक प्राथमिकता अछि।

एक दिया, विधिक सेवाक नाम कार्यक्रमक माध्यम सं देल गेल निःशुल्क कानूनी सहायताक जानकारी

दरभंगा, समदिया

राष्ट्रीय विधिक सेवा दिवस पर एडीआर भवन मे कार्यशाला



राष्ट्रीय विधिक सेवा दिवसक अवसर पर रवि दिन जिला विधिक सेवा प्राधिकारक दिस सं जिला भरि मेविभिन्न कार्यक्रम आयोजित कय लोक सभ कें निःशुल्क कानूनी सहायता आ कानूनी अधिकारक प्रतिजागरूक कयल गेल। प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश सह प्राधिकारक अध्यक्ष अजय कुमार शर्मा केनिर्देश आ प्राधिकारक सचिव आरती कुमारीक मार्गदर्शन मे मुख्य समारोह न्यायालय परिसर स्थितएडीआर भवन मे आयोजित भेल। एहि दौरान एक दिया, विधिक सेवा के नाम विषय पर कार्यशाला सह विधिक जागरूकता कार्यक्रम कयल गेल। कार्यक्रम के संबोधित करैत लीगल ऐड डिफेंस चीफ प्रकाश स्वरूप सिन्हा कहलनि जे प्रत्येक बरख 9 नवंबर के राष्ट्रीय विधिक सेवा दिवस मनाओल जाइत अछि। एहि दिन 1995 मे विधिक सेवा प्राधिकरण अधिनियम, 1987 लागू भेल छल। एहि दिवस के मनयबाक मुख्यउद्देश्य समाजक कमजोर, गरीब आ वंचित वर्ग के निःशुल्क कानूनी सहायता उपलब्ध करेनाइ आ हुनकासभ कें अपन अधिकारक प्रति जागरूक करेनाइ अछि। कार्यक्रमक शुरुआत आकर्षक रंगोलीक बीच दीप प्रज्वलित कय कयल गेल। तकर बाद विधिक सेवा के प्रति जागरूकता फैलयबाक उद्देश्य सं रैलीनिकालल गेल। एहि मे पैनल अधिवक्ता, पारा विधिक स्वयंसेवक आ प्राधिकारक कर्मी सभ भाग लेलनि।एहि क्रम मे मंडल कारा दरभंगा मे लीगल ऐड डिफेंसक सदस्य पिंकु कुमार यादव आ अंकुर प्रिया बंदीसभ कें निःशुल्क विधिक सेवाक जानकारी देलनि। ओतहि उपकारा बेनीपुर मे पैनल अधिवक्ता विनोद कुमार मिश्र आ विनय कुमार झा जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कय बंदी सभ कें हुनकर कानूनी अधिकारक जानकारी देलनि। दोसर दिस, घर-घर जागरूकता अभियानक अंतर्गत केवटी प्रखंड मे पीएलवीनिलांबर मिश्र आ प्रीति कुमारी, बेनीपुर प्रखंड मे अनिल पासवान आ सीमा कुमारी तथा कुशेश्वरस्थान मेरामनाथ यादव आ रानी कुमारी घर-घर जा लोक सभ कें निःशुल्क विधिक सहायता आ कानूनी अधिकारक जानकारी देलनि। एहि कार्यक्रमक माध्यम सं आम लोक धरि सुलभ न्याय आ निःशुल्कविधिक सहायताक संदेश पहुंचयबाक प्रयास कयल गेल।

नगर निगमक 421 योजनाक उच्चस्तरीय जांच करबाक मांग, डीएम कें सौंपल गेल ज्ञापन

सरकारी राशि मे बंदरबांट आ निर्माण कार्य मे अनियमितताक लगौलक आरोप

» बाजार मूल्य आ भुगतानक मिलान करबाक मांग

सहरसा, समदिया



नगर निगम मे विकास योजनाक क्रियान्वयन, निर्माण कार्यक गुणवत्ता आ सरकारी राशि उपयोग मेकथित अनियमितता कें लए भारतीय जनता पार्टी जांचक मांग तेज कय देने अछि। भाजपा जिलाध्यक्षसाजन शर्माक नेतृत्व मे शनिदिन एकटा शिष्टमंडल जिलाधिकारी दीपेश कुमार सं भेंट कय ज्ञापन सौंपलक। शिष्टमंडल नगर निगमक 421 पूर्ण योजनासहित विभिन्न विकास कार्यक उच्चस्तरीय आ निष्पक्ष जांच करबाक मांग कयलक। ज्ञापन मे नगर निगमक सभ वार्ड मे सड़क, गली आ नाला निर्माणयोजनाक प्राक्कलन, निर्माण सामग्रीक गुणवत्ता, खरीदारी, आपूर्ति आ भुगतान प्रक्रियाक गहन जांच पर जोर देल गेल अछि। भाजपा पिछले एक बरख मे कराओल गेल निर्माण कार्यक भौतिक सत्यापन करबाक संगबाजार मूल्य आ नगर निगम द्वारा कयल गेल भुगतानक मिलान करबाक मांग कयने अछि। भाजपा जिलाध्यक्ष साजन शर्मा कहलनि जे विकास योजना मे अनियमितताक लगातार शिकायत भेटि रहल छल। पूर्व मंत्री डॉ. आलोक रंजनक पत्रक आधार पर गठित जांच समितिक रिपोर्ट आ विभागीय जांचक बादनगर आयुक्त प्रभात कुमार झाक निलंबन सं मामिला कें लए गंभीर सवाल उठल अछि। मात्र एकटा अधिकारीक निलंबन सं पूरा मामिलाक जवाबदेही समाप्त नहि होइत अछि। ओ कहलनि जे जीएसटी बिल,निर्माण सामग्रीक वास्तविक खरीद दर, आपूर्ति संबंधी दस्तावेज आ भुगतान प्रक्रियाक सेहो जांच होयबाकचाही। शिष्टमंडल नगर निगम कार्यालय मे हंगामा कय सरकारी काज बाधित करयवला लोकनिक विरुद्ध कारबाइ करबाक मांग सेहो कयलक। शिष्टमंडल मे राजीव रंजन साह, शशि सोनी आ अबु बकर शामिल छलाह।

निर्धन आ असहाय छठिव्रती महिलाक बीच ट्रस्ट बांटलक साड़ी आ पूजन सामग्री

लगातार 10 बरख सं जरूरतमंद महिलाक कें कएल जा रहल अछि सम्मानित

सीतामढ़ी, समदिया



लोकआस्थाक महापर्व छठिक अवसर पर सामाजिक सेवा आ समरसताक उदाहरण प्रस्तुत करैत श्रीराम जानकी सेवा ट्रस्ट, कन्हौलीक दिस सं 155 निर्धन आ असहाय छठिव्रती महिलाक बीच साड़ी, नारियल, अगरबत्ती सहित पूजन सामग्रीक वितरण कयल गेल। कन्हौली गाम मे ट्रस्टक संस्थापक आ सेवानिवृत्तप्रधानाध्यापक चंदेश्वर मंडलक आवास पर आयोजित कार्यक्रमक अध्यक्षता संजय मंडल कयलनि। उल्लेखनीय अछि जे चंदेश्वर मंडल लगातार 10 बरख सं जरूरतमंद महिलाक बीच साड़ी आ पूजन सामग्री बांटि रहल छथि। मुख्य अतिथि बीडीओ मृत्युंजय कुमार कहलनि जे छठि प्रकृतिक प्रति कृतज्ञता, आस्था आ पर्यावरण संरक्षणक अनुपम संदेश दैत अछि। सूर्योपासना हमर परंपरा आ प्रकृति पूजा सांस्कृतिक विरासत अछि। जरूरतमंद छठिव्रती महिलाक सम्मान आ सहायता सराहनीय पहल अछि। शिव गंगाइमरजेंसी हॉस्पिटलक निदेशक डॉ. माधवी कहलनि जे जरूरतमंद महिलाक साड़ी देब मात्र दान नहि, बल्कि हुनका सभक प्रति सम्मान आ अपनत्व प्रकट करबाक माध्यम अछि। सामाजिक कार्यकर्ता ओम प्रकाशकहलनि जे छठि मनुष्य कें प्रकृति सं जोड़ैत अछि। एहि पर्व मे स्वच्छता आ शुद्धताक विशेष महत्वअछि। राजाराम महतो आ राम एकबाल महतो सेहो अपन विचार रखलनि आ एहि पहल कें सराहलनि।ट्रस्टक संस्थापक चंदेश्वर मंडल कहलनि जे पंचायतक सभ 13 वार्डक लोकनिक सहयोग आ सहभागिता सं ई आयोजन सफल होइत अछि। पर्वक खुशी तखने सार्थक होइत अछि, जखन गरीब आ असहाय लोक सेहो सम्मानपूर्वक एहि मे सहभागी बनथि। मौका पर डॉ. महेश महतो, फकीरा मंडल, तेज नारायण मंडल, विनोद मंडल, राकेश मंडल, राम बहादुर प्रधान, अजय महतो, सुधु साह, रजय महतो, अजय पासवान, अवधेश मंडल सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

सुशासन दिवस नीतीश संवाद कें सफल बनेबाक लेल जदयू कयलक बैसार

24 नवंबर कें सिमरी बख्तियारपुर मे होयत कार्यक्रम

सहरसा, समदिया



» तैयारी कें लए 10 नवंबर कें सहरसा अतिथि गृह मे मंत्री लेसी सिंहक उपस्थिति मे बैसार

सिमरी बख्तियारपुर प्रखंड मे आगामी 24 नवंबर कें आयोजित होमयवला सुशासन दिवस नीतीश संवादकार्यक्रम कें सफल बनेबाक लेल सोमदिन जनता दल (यू) केर महत्वपूर्ण बैसार आयोजित भेल। बैठककअध्यक्षता जदयू जिलाध्यक्ष गुंजेश्वर शाह कयलनि। बैसार मे आगामी कार्यक्रमक तैयारी पर विस्तार संचर्चा कयल गेल। एहि दौरान पार्टी पदाधिकारी आ कार्यकर्ता सभ सं कार्यक्रम कें सफल आ ऐतिहासिकबनेबाक लेल सक्रिय सहभागिता सुनिश्चित करबाक अपील कयल गेल। बैसार मे जानकारी देल गेल जे 10 नवंबर कें दिनक एक बजे सहरसा अतिथि गृह मे बिहार सरकारक मंत्री श्रीमती लेसी सिंहक गरिमामय उपस्थिति मे महत्वपूर्ण बैसार आयोजित होयत। एहि बैसार मे जदयू जिला कार्यकारिणीक सदस्य, विभिन्न प्रकोष्ठक जिलाध्यक्ष, सभ प्रखंड अध्यक्ष आ पार्टीक कार्यकर्ता सभ कें उपस्थित रहबाक अपील कयल गेल,जाहि सं कार्यक्रमक तैयारी कें आखरी रूप देल जा सकय। बैसार मे प्रदेश महासचिव युवा गणेश कुमारगौरव पान, जिला प्रवक्ता डॉ. लुतफुल्लाह, जिला अध्यक्ष परशुराम सिंह, प्रखंड अध्यक्ष उपेंद्र सिंह कुशवाहा,उदय चंद्र शाह, जदयू नेता मुरारी सिंह, जिला उपाध्यक्ष रघुनंदन सिंह, सुधीर सिंह, अरुण सिंह, विजय सिंह,विपिन कुमार गुप्ता, गजेंद्र सिंह, रमेश शाह, ललित कुमार, पंचानंद शाह, मोहम्मद सलीम, लाचेंदर सिंह, किशोर कुमार सिंह आ शशि सिंह सहित पैघ संख्या मे जदयू कार्यकर्ता उपस्थित छलाह। बैठकक अंत मे उपस्थित नेता आ कार्यकर्ता सभ एकजुट भए आगामी सुशासन दिवस नीतीश संवाद कार्यक्रम कें सफल बनेबाक संकल्प लेलनि।

डीएम आ एसपी नगर क्षेत्रक छठि घाटक कयलनि निरीक्षण, तैयारी समय पर पूरा करबाक निर्देश

सीतामढ़ी, समदिया



एसडीआरएफक तैनाती सहित अन्य सुरक्षा उपायसभ लागू करबाक आ घाट सभ पर निरंतर निगरानी रखबाक निर्देश देलनि, जाहि सं कोनो अप्रिय स्थिति उत्पन्न नहि हो।

जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया आ पुलिस अधीक्षक अमित रंजन सोमदिन संयुक्त रूप सं नगर क्षेत्रक विभिन्न छठि घाट सभक निरीक्षण कयलनि आ पर्वक तैयारीक समीक्षा कयलनि। एहि दौरान नगर आयुक्त जीपी सिंह, उपनगर आयुक्त कुलदीप सिंहा, सदर एसडीओ आनंद कुमार, एसडीपीओ, डीपीआरओकमल सिंह, डुमरा बीडीओ आ सीओ सहित अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह। अधिकारी सभक संयुक्तदल लखनदेई पुल, खरका घाट, कैलाशपुरी स्थित लखनदेई नदी घाट सहित नगर क्षेत्रक प्रमुख छठि घाट सभक जायजा लेलनि। निरीक्षणक क्रम मे जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे छठि पूजा के अवसर पर श्रद्धालु आ व्रती सभ कें कोनो तरहक असुविधा नहि हो, एकरालेल सभ आवश्यक व्यवस्था समय रहैत पूरा कय लेल जाए। ओ सभ घाट सभक सफाई, सुरक्षा, प्रकाशव्यवस्था, पेयजल, अस्थायी शौचालय, चेंजिंग रूम, वॉच टावर, मेडिकल टीम, नियंत्रण कक्ष, गश्ती दल आवाहन पार्किंगक समुचित प्रबंध सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया कहलनिजे सूर्योपासनाक एहि महापर्व पर पैघ संख्या मे श्रद्धालु सभक जुटान होइत अछि। एहि कारण भीड़प्रबंधन आ विधि-व्यवस्था सर्वोच्च प्राथमिकता रहत। ओ एसडीआरएफक तैनाती सहित अन्य सुरक्षा उपायसभ लागू करबाक आ घाट सभ पर निरंतर निगरानी रखबाक निर्देश देलनि, जाहि सं कोनो अप्रिय स्थिति उत्पन्न नहि हो।

बच्चेदानीक कैंसरक प्रति महिला सभ कें डॉ. अविनाश कुमार आनंद देलनि निर्देश

असामान्य लक्षण कें नहि करी इग्नोर

बेनीपुर, समदिया

महिला सभ मे बच्चेदानीक कैंसरक बढ़ैत मामिला चिंताक विषय बनल अछि। एहि बेमारीक नाम सुनिते महिला सभक मन मे एकटा अदृश्य डर पैदा होइत अछि। एहि कारण बहुत रास महिला एहि विषय परखुलिकय बातचीत करय आ अपन समस्या बताबय सं परहेज करैत छथि। अतिरिक्त प्राथमिक स्वास्थ्यकेंद्रक चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. अविनाश कुमार आनंद (झा) महिला सभ कें बच्चेदानीक कैंसरक प्रतिजागरूक रहबाक अपील कयलनि अछि। डॉ. आनंद कहलनि जे महिला सभ मे होमयवला गंभीर बेमारी सभ मे बच्चेदानीक कैंसर सेहो शामिल अछि। मुदा समय पर लक्षणक पहचान आ उचित चिकित्सकीय परामर्श लेला सं एहि बेमारीक नीक उपचार संभव अछि। एहि लेल महिला सभ कें शरीर मे होमयवला असामान्य बदलाव पर ध्यान देबाक चाही। ओ कहलनि जे मेनोपॉज यानी मासिक धर्म बंद भेला के बाद योनि सं रक्तस्राव, दू पीरियड्सक बीच असामान्य रक्तस्राव, लगातार पेल्विक दर्द आ असामान्य योनि स्राव सन लक्षण कें कखनो नजरअंदाज नहि करबाक चाही। एहि तरहक कोनो लक्षण देखाइ देला पर बिना देरीकयने स्त्री रोग विशेषज्ञ सं संपर्क करब आवश्यक अछि। डॉ. झा महिला सभ कें अपन स्वास्थ्यक प्रतिसजग रहबाक सलाह देलनि। ओ कहलनि जे कोनो असामान्य शारीरिक बदलाव कें नुकेबाक बजाय समयपर डॉक्टर सं परामर्श लेबाक चाही। नियमित स्वास्थ्य जांच, बेमारीक प्रति जागरूकता आ समय पर उपचार सं कैंसरक गंभीरता कें नियंत्रित करबा मे सहायता भेटि सकैत अछि। ओ महिला सभ सं अपनस्वास्थ्य कें प्राथमिकता देबाक आ कैंसर संबंधी भ्रांति सं दूर रहबाक अपील कयलनि। हुनकर कहबछलनि जे जागरूकता आ समय पर जांच कैंसरक विरुद्ध सब सं मजबूत हथियार अछि।

निविदाक फेर मे फंसल 95 छठि घाटक सफाइ, पर्व समीप अयबाक संग बढ़ल चिंता

नगर आयुक्तक निलंबनक बाद ठप भेल प्रक्रिया

सहरसा, समदिया



» डीडीसी कें एखन धरि नहि भेटल वित्तीय प्रभार आ डिजिटल डोंगल

करबाक छल आ 31 अक्टूबर कें निविदा खोलल जेबाक छल। बाद मे कार्यालय स्तर पर किछु कारण सं तिथि बढ़ा कए 3 नवंबर दिनक तीन बजे कय देल गेल। एहि बीच 3 नवंबर कें नगर आयुक्त प्रभात कुमार झा निलंबित भए गेलाह। बताओल जाइत अछि जे निविदा प्रक्रियाक लेल आवश्यक डिजिटलडोंगल हुनके नाम पर छल। निलंबनक बाद हुनकर यूजर आइडी आ पासवर्ड बंद भेला सं निविदा प्रक्रियाआगू नहि बढ़ि सकल। जिलाधिकारीक आदेश पर डीडीसी गौरव कुमार कें नगर आयुक्तक अतिरिक्त प्रभार देल गेल अछि, मुदा हुनका एखन धरि वित्तीय प्रभार आ डिजिटल डोंगल नहि भेटलनि। एहि कारण नवनिविदा प्रक्रिया शुरू करबा मे परेशानी भए रहल अछि। 13 नवंबर कें नहाय-खाय संग छठि महापर्व शुरू होयत। नगर निगमक किछु कर्मीक अनुसार, शहरक कई पोखरि मे एखनहु गंदगीक अंबार लागल अछि। समय पर सफाई नहि भेल तं छठिव्रती सभ कें घाट परपूजा-अर्चना करबा मे परेशानी भए सकैत अछि। ओम्हर उपनगर आयुक्त मो. शाहिद रजा खान कहलनि जे पर्वक महत्व कें देखैत एजेंसी अथवा सफाई कर्मीक माध्यम सं घाट सभक साफ-सफाई कराओल जायत। आब देखबाक ई अछि जे प्रशासन समय रहैत सभ 95 घाटक सफाई सुनिश्चित कय पबैत अछि वा नहि।

फजीलत परीक्षा मे प्रथम स्थान प्राप्त कए मौलाना बढ़ौलनि जिलाक मान

» जामियातुल अशरफियां अरबी विश्वविद्यालय मे मौलाना मो. अहसन रजा मिस्बाही हासिल केलनि सफलता

सीतामढ़ी, समदिया



प्रतिभा, मेहनत आ लगनक बल पर फतहपुर निवासी मौलाना इजराइल खानक पुत्र मौलाना मो. अहसनरजा मिस्बाही धार्मिक शिक्षाक क्षेत्र मे उल्लेखनीय सफलता हासिल कय जिला आ बिहारक मान बढ़ौलनिअछि। ओ उत्तर प्रदेशक आजमगढ़ स्थित प्रसिद्ध धार्मिक शिक्षण संस्थान जामियातुल अशरफियां अरबीविश्वविद्यालय, मुबारकपुर मे फजीलत परीक्षा मे प्रथम स्थान प्राप्त कयलनि। हुनकर एहि उपलब्धि सं फतहपुर सहित पूरा क्षेत्र मे खुशीक लहर दौड़ि गेल अछि। मौलाना अहसन रजा मिस्बाहीक एहि सफलता कें क्षेत्र लेल गौरवक विषय मानल जा रहल अछि। हुनकर मेहनत, लगन आ शैक्षणिक प्रतिभाक चारू दिस प्रशंसा भए रहल अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे हुनकर सफलता क्षेत्रक अन्य छात्र-छात्रा सभ कें उच्च शिक्षा हासिल करबाक आ अपन लक्ष्य प्राप्त करबाक लेल प्रेरित करत। अपन उपलब्धि पर मौलानामो. अहसन रजा मिस्बाही कहलनि जे जीवन मे कोनो लक्ष्य हासिल करबाक लेल मेहनत, लगन,अनुशासन आ निरंतर अध्ययन आवश्यक अछि। एहि सफलता मे हुनकर शिक्षक सभक मेहनत आ माता-पिताक आशीर्वाद आ दुआक महत्वपूर्ण योगदान अछि। ओ कहलनि जे शिक्षा मनुष्यक जीवन कें नीक बनयबाक संग समाज कें सही दिशा देबाक माध्यम अछि।विद्यार्थी सभ कें चाही जे पूरा ईमानदारी आ लगनक संग पढ़ाई जारी रखथि आ अपन माता-पिता, शिक्षकआ क्षेत्रक नाम रोशन करथि। हुनकर एहि उपलब्धि पर मौलाना नसीम अख्तर निजामी, मौलाना सनाउल्लाह खान, मौलाना कमरे आलम, कारी जफीर सहित कतेको लोक प्रसन्नता व्यक्त करैतमुबारकबाद देलनि आ हुनकर उज्ज्वल भविष्यक कामना कयलनि। लोक सभ कहलनि जे धार्मिक शिक्षाकक्षेत्र मे ई सफलता हुनकर परिवारक संग-संग बिहार लेल सेहो गौरवक विषय अछि।

मां काली मंदिर मे प्राण प्रतिष्ठा, दर्शन लेल उमड़ल श्रद्धालुक भीड़

बुधदिन कलश विसर्जनक संग महोत्सवक होयत समापन

सहरसा, समदिया



» दीपावलीक मध्यरात्रि निशा पूजाक बाद खोलल गेल मंदिरक पट

शहरक बनगांव रोड स्थित नेताजी सुभाष चौक, रिफ्यूजी कॉलोनीक नवनिर्मित मां काली मंदिर मे आयोजित चारि दिवसीय मां काली स्थापना यज्ञ महोत्सवक तेसर दिन सोमदिन माता काली,सिद्धिविनायक गणेश आ भैरव बाबाक विधि-विधानपूर्वक गृह प्रवेश कराओल गेल। आचार्य बमबम झा,पंडित नीलांबर झा आ पंडित गोविंद झा सहित पांच विद्वान पंडितक वैदिक मंत्रोच्चारक बीच धार्मिक अनुष्ठान संपन्न भेल। दीपावलीक मध्यरात्रि मे माता काली सहित तीनू देवी-देवताक प्रतिमाक प्राणप्रतिष्ठा, निशा पूजा आ बलि प्रदानक अनुष्ठान संपन्न कराओल गेल। तकर बाद श्रद्धालु सभक दर्शन आ पूजा-अर्चना लेल मंदिरक पट खोलि देल गेल। सोमदिन भोरहि सं मंदिर मे दर्शन लेल श्रद्धालुक भारीभीड़ उमड़ि पड़ल। मां काली पूजा समितिक संयोजक मनीष कुमार बतौलनि जे विशेष पूजा-अर्चनाक बाददिनभरि प्रसाद वितरण कयल गेल। सांझ मे भजन-कीर्तन आ भव्य आरतीक आयोजन भेल। ओ कहलनि जे विगत 15 बरख सं निर्माणाधीन मंदिरक काज पूरा होयब श्रद्धालु सभक लेल हर्ष आ गौरवक विषय अछि। ओ कहलनि जे मंगलदिन माता कें प्रसिद्ध खिचड़ी आ तरकारीक छप्पन भोग अर्पित कयल जायत। बुधदिन कलश विसर्जनक संग चारि दिवसीय महोत्सवक समापन होयत। एहि दौरान विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल पुलिस प्रशासन आ पूजा समितिक सदस्य सक्रिय रहलाह।

बालश्रम आ बाल व्यापारक विरुद्ध 11 नवंबर कें मानवताक लेल उपवास

बच्चा सभक प्रति दया आ करुणा जगेबाक लेल मुकुंद चौधरीक अद्भुत आत्मिक पहल

सीतामढ़ी, समदिया



आगामी बाल दिवस सं पूर्व प्रसिद्ध बाल अधिकार कार्यकर्ता मुकुंद चौधरी बालश्रम आ बाल दुर्व्यापारजेहन सामाजिक कुरीति के विरुद्ध मानवीय आ संवेदनशील पहल करबाक घोषणा कयलनि अछि। ओआगामी 11 नवंबर 2026 कें एक दिवसीय स्वैच्छिक 'मानवताक लेल उपवास' रखताह। मुकुंद चौधरी भावुकअपील करैत कहलनि जे ई उपवास ककरो विरोध मे नहि, बल्कि बच्चा सभ सं बालश्रम करयवला नियोक्ता आ बाल दुर्व्यापार मे शामिल लोकनिक भीतर सुतल मानवता जगयबाक लेल अछि। बालश्रम मानवता पर पैघ कलंक अछि आ समाज कें बच्चा सभक प्रति संवेदनशील होयबाक जरूरत अछि। ओ कहलनि जे जिला प्रशासन, पुलिस, मानव तस्करी निरोध इकाई, अदिथी कवच परियोजना आ सभ संबंधितपक्ष द्वारा बाल सुरक्षा क्षेत्र मे कयल जा रहल प्रयास सराहनीय अछि। हुनकर ई उपवास एहि कानूनी आसामाजिक प्रयास सभ कें आत्मिक बल देबाक एकटा प्रयास अछि। ई हुनकर पूर्णतः व्यक्तिगत आस्वैच्छिक पहल अछि। मुकुंद चौधरी कहलनि जे सामूहिक जिम्मेदारी आ सामाजिक सहभागिते सं बाल दुर्व्यापार आ बालश्रम मुक्त समाजक निर्माण संभव अछि। हुनकर एहि पहल कें समाजसेवी संजय कुमार वर्मा, रितेश भारती, चंदन मांझी, मुखिया धनेश्वर पासवान आ सामाजिक कार्यकर्ता मो. कमर अख्तर सहितअन्य लोकनि पूर्ण समर्थन देलनि। समाजसेवी सभ कहलनि जे बच्चा सभक सुरक्षित बचपन लेलसमाजक भीतर एहन मानवीय चेतना जागब अत्यंत आवश्यक अछि। मुकुंद चौधरीक ई पहल प्रशंसनीयआ प्रेरणादायक अछि।

सहरसा पुलिसक विशेष अभियान मे 13 अभियुक्त गिरफ्तार, 41 लीटर कोरेक्स सिरप बरामद

सहरसा, समदिया

» 24 घंटा मे 38 समन आ 32 वारंटक भेल निष्पादन, वाहन जांच मे 51 हजार रुपैया जुर्माना वसूल

जिला मे अपराध नियंत्रण आ विधि-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल सहरसा पुलिस द्वारा पछिला 24 घंटा मे चलाओल गेल विशेष अभियानक दौरान विभिन्न मामिला मे 13 अभियुक्त कें गिरफ्तार कयल गेल।गिरफ्तार अभियुक्त सभ मे छह कें न्यायिक हिरासत मे जेल पठाओल गेल, जखन कि सात अभियुक्त कें रिकॉल पर मुक्त कय देल गेल। पुलिस अभियानक दौरान 38 समन आ 32 वारंटक निष्पादन कयल गेल।मद्यनिषेध कानूनक अंतर्गत कारबाइ करैत 10 लीटर देशी शराब आ 41 लीटर प्रतिबंधित कोरेक्स सिरप बरामद कयल गेल। मद्यनिषेध सं जुड़ल मामिला मे तीन अभियुक्त कें गिरफ्तार कयल गेल, जखन कि शराब पीबाक आरोप मे दू गोटे कें पकड़ल गेल।ओतहि हत्या करबाक प्रयासक एकटा मामिला मे एक अभियुक्त कें गिरफ्तार कयल गेल। जिला मेचलाओल गेल वाहन जांच अभियानक दौरान यातायात नियमक उल्लंघन करयवला लोकनिक विरुद्ध सब सं 51हजार टाका शमन राशि वसूल कयल गेल। पुलिसक अन्य बरामदगी मे एकटा मोटरसाइकिल शामिलअछि। एहि दौरान पुलिस एकटा अपहृत व्यक्ति कें सेहो बरामद करबा मे सफलता हासिल कयलक। पुलिस बतौलक जे जिला मे अपराध आ अवैध गतिविधि पर अंकुश लगयबाक लेल विशेष अभियान आगू सेहोजारी रहत। एहि क्रम मे असामाजिक तत्व आ कानून तोड़यवला लोकनिक विरुद्ध लगातार कारबाइकयल जायत।

दीपावलीक महानिशा मे जागल सगर संसार, वैश्विक मंच पर चमकल भारतीय संस्कृति

किशन सनमुखदास भावनानी

वैश्विक स्तर पर दीपावली आब मात्र दीप जरयबाक, मिठाइ बांटबाक आ आतिशबाजी करबाक पर्व नहि रहि गेल अछि, बल्कि ई भारतीय सभ्यता, सनातन संस्कृति, आध्यात्मिक चेतना, आर्थिक समृद्धि आ सामाजिक एकताक वैश्विक पहचान बनि गेल अछि। दीपावली 2026 एहि पहिचान कें नव आयाम देलक। अमेरिकाक टाइम्स स्क्वायर सं लंदन, संयुक्त अरब अमीरात, ऑस्ट्रेलिया आ सिंगापुर धरि करोड़ो भारतवंशी अपन सांस्कृतिक जड़ि सं जुड़ैत माता लक्ष्मी आ भगवान गणेशक आराधना कयलनि। एहि अवसर पर भारत मे प्रधानमंत्रीक छत्तीसगढ़क बस्तर मे सुरक्षा बलक जवान सभक संग दीपावली मनायब, महाराष्ट्रक मुख्यमंत्री द्वारा किसान परिवारक संग जमीन पर बैसि भोजन करब आ शेयर बाजार मे संवत 2083क मुहूर्त ट्रेडिंगक आयोजन एहि पर्व कें आध्यात्मिकताक संग राष्ट्रीय, सामाजिक आ आर्थिक दृष्टिकोण सं सेहो महत्वपूर्ण बना देलक।

महानिशां, अखंड दीप आ माता लक्ष्मीक आराधना

सनातन धर्म मे दीपावलीक अमावस्या रात्रिक विशेष धार्मिक आ आध्यात्मिक महत्व अछि। एहि रात्रि कें कतेको परंपरा मे महानिशा कहल जाइत अछि। मान्यता अछि जे एहि पावन अवसर पर माता लक्ष्मी पृथ्वी पर भ्रमण करैत छथि आ स्वच्छ, प्रकाशमय तथा श्रद्धा सं सजल घर मे सुख-समृद्धिक आशीर्वाद दैत छथि। एहि विश्वासक संग परिवार सभ पूजा घर मे माता लेल विशेष आसन सजबैत अछि। मुख्य द्वार सं पूजा स्थल धरि दीप जराओल जाइत अछि आ रंगोली बनाओल जाइत अछि। कतेको परिवार मे रात्रि जागरणक परंपरा सेहो अछि। भक्तजन भजन-कीर्तन, मंत्रजाप आ लक्ष्मी स्तोत्रक पाठ करैत छथि। कनकधारा स्तोत्र, लक्ष्मी सूक्त आ ॐ श्रीं ह्रीं श्रीं कमले कमलालये प्रसीद प्रसीद मंत्रक श्रद्धापूर्वक जाप कयल जाइत अछि। कतेको घर मे अखंड दीप जराओल जाइत अछि, जे भोर धरि प्रज्वलित रहैत अछि। ई दीप ज्ञान, आशा, सकारात्मकता आ समृद्धिक प्रतीक अछि।

बस्तर मे जवान सभक संग प्रधानमंत्रीक दीपावली

8 नवंबर 2026क दीपावली राष्ट्रीय जीवन लेल विशेष संदेश लय आयल। प्रधानमंत्री छत्तीसगढ़क बस्तर मे सुरक्षा बलक जवान सभक बीच दीपावली मनौलनि। ई मात्र सरकारी कार्यक्रम नहि, बल्कि देशक आंतरिक सुरक्षा आ शांति लेल कठिन परिस्थिति मे कर्तव्य निभाबयवला जवान सभक प्रति राष्ट्रक कृतज्ञता व्यक्त करबाक अवसर छल। प्रधानमंत्री कहलनि जे ई पहिल दीपावली अछि, जखन देशक प्रत्येक जिला नक्सलवाद सं मुक्त अछि। एहि



उपलब्धिक श्रेय ओ सुरक्षा बलक साहस, समर्पण आ बलिदान कें देलनि। कहियो नक्सली हिंसा आ भय लेल चर्चित बस्तर मे आइ विकास, शिक्षा, सड़क आ नव अवसरक चर्चा होयब पैघ परिवर्तनक संकेत अछि। प्रधानमंत्री लगातार 13म वर्ष सुरक्षा बलक संग दीपावली मनौलनि। ई संदेश अछि जे देशक सुरक्षा मे तैनात जवान सेहो राष्ट्रीय परिवारक अभिन्न अंग छथि।

सीमापर सेहो जगमग भेल राष्ट्रभक्तिक दीप

रक्षामंत्री राजनाथ सिंह सेहो दीपावली पर सेना आ सुरक्षा बलक जवान सभ कें शुभकामना देलनि। 7 नवंबर कें ओ बागडोगरा आ सुकना सैन्य क्षेत्र पहुंचल छलाह। ओतय 33म कोर अर्थात त्रिशक्ति कोरक जवान सभक संग संवाद कयलनि। 8 नवंबर कें सिक्किमक शेराथांग युद्ध स्मारक पर शहीद सैनिक सभ कें श्रद्धांजलि देबाक आ सीमावर्ती क्षेत्रक जवान सभ सं भेंट करबाक कार्यक्रम छल। ई दृश्य दर्शबैत अछि जे देशक उत्सव सैनिक सभक त्याग आ समर्पणक बिना पूरा नहि होइत अछि।

किसान परिवारक संग मुख्यमंत्रीक दीपावली

महाराष्ट्रक मुख्यमंत्री दीपावली पर नागपुर जिलाक नरखेड़ तहसीलक लोहारी सावंगा गाम मे किसान अरुणाबाई आ रामभाऊ बालपांडे परिवारक घर पहुंचलाह। ओ कोनो भव्य सरकारी आयोजनक बदला किसान परिवारक संग जमीन पर बैसि पारंपरिक भोजन कयलनि। प्रधानमंत्री सेहो 8 नवंबर कें एहि पहलुक प्रशंसा कयलनि। किसान फसिल लागति, सिंचाई, मौसिमक अनिश्चितता आ उचित मूल्य सन कतेको समस्या सं जूझैत छथि। एहन स्थिति मे मुख्यमंत्रीक किसानक घर पहुंचनाइ शासन आ जनताक बीच दूरी घटेबाक संवेदनशील संदेश दैत अछि। खुशियां तखने सार्थक होइत अछि, जखन समाजक आखरी व्यक्ति सेहो ओहि मे सहभागी बनय।

संवत 2083क मुहूर्त ट्रेडिंग

दीपावलीक संबंध भारतीय व्यापारिक परंपरा सं सेहो जुड़ल अछि। 8 नवंबर 2026 कें बीएसई आ एनएसई मे संवत 2083क शुभारंभ पर विशेष मुहूर्त ट्रेडिंग आयोजित भेल। कारोबारक समय दुपहर 2:20 सं 3:30 बजे धरि निर्धारित छल। प्री-ओपन सत्र 2:05 बजे शुरू भेल। शुरूआती कारोबार मे सेंसेक्स लगभग 271 अंक बढ़ि 81,299 पर आ निफ्टी लगभग 40 अंक बढ़ि 25,070क आसपास पहुंचि गेल। निवेशक एहि परंपरा कें नव वित्तीय वर्षक शुभारंभक प्रतीक मानैत छथि। मुदा शुभ मुहूर्त मे निवेश लाभक गारंटी नहि दैत अछि। निवेशक कें कंपनीक वित्तीय स्थिति आ दीर्घकालीन लक्ष्य ध्यान मे रखबाक चाही।

टाइम्स स्क्वायर सं लंदन धरि दीपावलीक उजास

दीपावली 2026क वैश्विक स्वरूप सेहो उल्लेखनीय रहल। न्यूयॉर्कक टाइम्स स्क्वायर, लंदन, संयुक्त अरब अमीरात, ऑस्ट्रेलिया आ सिंगापुर सहित कतेको देश मे प्रवासी भारतीय सभ दीप, रंगोली आ पारंपरिक सजावट संग पर्व मनौलनि। धार्मिक आयोजनक अतिरिक्त सांस्कृतिक कार्यक्रम, संगीत, नृत्य आ सामूहिक भोज सेहो आयोजित भेल। आब एहि उत्सव मे भारतीय मूलक लोकक संग स्थानीय नागरिक आ विभिन्न समुदाय सेहो भाग लैत छथि। ई भारतीय सांस्कृतिक विरासत आ वैश्विक सद्भावक सशक्त परिचायक बनि गेल अछि। समग्र रूप सं दीपावली 2026 चारि महत्वपूर्ण संदेश देलक-देशक सुरक्षा मे सैनिकक सम्मान, किसान आ ग्रामीण समाजक प्रति संवेदनशीलता, परंपरा आ आधुनिक अर्थव्यवस्थाक समन्वय तथा सनातन संस्कृतिक वैश्विक पहिचान। बस्तरक जंगल सं देशक सीमा धरि, महाराष्ट्रक किसानक घर सं शेयर बाजार धरि आ भारतक गाम सं न्यूयॉर्कक टाइम्स स्क्वायर धरि दीपावली एक्के संदेश देलक जे अन्हार कतेको गहींर हो, आस्था, साहस, परिश्रम आ एकताक दीप ओकरा पराजित कए सकैत अछि। दीप मात्र घर मे नहि, बल्कि प्रत्येक हृदय, गाम, सीमा आ राष्ट्रक भविष्य मे जरबाक चाही। एहने अछि दीपावली 2026क वास्तविक वैश्विक संदेश।

एहि रात्रि कें कतेको परंपरा मे महानिशा कहल जाइत अछि। मान्यता अछि जे एहि पावन अवसर पर माता लक्ष्मी पृथ्वी पर भ्रमण करैत छथि आ स्वच्छ, प्रकाशमय तथा श्रद्धा सं सजल घर मे सुख-समृद्धिक आशीर्वाद दैत छथि। एहि विश्वासक संग परिवार सभ पूजा घर मे माता लेल विशेष आसन सजबैत अछि। मुख्य द्वार सं पूजा स्थल धरि दीप जराओल जाइत अछि आ रंगोली बनाओल जाइत अछि। कतेको परिवार मे रात्रि जागरणक परंपरा सेहो अछि। भक्तजन भजन-कीर्तन, मंत्रजाप आ लक्ष्मी स्तोत्रक पाठ करैत छथि। कनकधारा स्तोत्र, लक्ष्मी सूक्त आ ॐ श्रीं ह्रीं श्रीं कमले कमलालये प्रसीद प्रसीद मंत्रक श्रद्धापूर्वक जाप कयल जाइत अछि। कतेको घर मे अखंड दीप जराओल जाइत अछि, जे भोर धरि प्रज्वलित रहैत अछि। ई दीप ज्ञान, आशा, सकारात्मकता आ समृद्धिक प्रतीक अछि।

अंतस मे उजास अनबाक संदेश दैत अछि दियाबाती

प्रवीण दत्त

दियाबाती उमंग, उल्लास, हर्ष आ उत्साहक पर्व अछि। ई भारतीय संस्कृतिक विराट स्वरूपक परिचायक सेहो अछि। भगवान धन्वंतरिक जयंती, नरक चतुर्दशी, दीपावली, गोवर्धन पूजा आ भरदुतिया-एहि पांच दिन धरि चलयबला उत्सवक श्रृंखला अछि। उत्सव तखन होइत अछि, जखन मनुष्य प्रसन्न रहैत अछि, आत्मा नकारात्मकता छोड़ि सकारात्मकता कें अपनबैत अछि आ अंतर्मनक अन्हार दूर भए प्रकाशक प्राकट्य होइत अछि। वास्तविक उत्सवक अर्थे ई अछि। दीपावली संग कतेको मान्यता आ कथा जुड़ल अछि। सुखद आश्चर्य अछि जे एकर चर्चा सतयुग, त्रेता, द्वापर आ कलियुगक कथा सभ मे सेहो भेटैत अछि। कठोपनिषद् मे यम आ नचिकेताक प्रसंग अबैत अछि। कहल जाइत अछि जे नचिकेता यमलोक जा धर्मराज सं जीवन-मृत्युक रहस्य बुझलनि आ मृत्युपर विजय प्राप्त कए संसार मे वापस अयलाह। हुनकर वापसीक खुशी मे लोक घृतक दीप जरौने छल। मान्यता अछि जे दीपावली मनयबाक आ दीप जरयबाक परंपरा एही घटना सं आरंभ भेल। एकटा दोसर कथा समुद्र मंथन सं जुड़ल अछि। मान्यता अछि जे ऋषि दुर्वासाक शापक कारण माता लक्ष्मी समुद्र मे समा गेल छलीह। संसार लक्ष्मीविहीन भेला



पर असुर सभ देवता पर आक्रमण कय देलक। एहि संकट सं मुक्ति लेल भगवान विष्णु समुद्र मंथन करयबाक योजना बनौलनि। समुद्र मंथनक चौदहम रत्नक रूप मे माता लक्ष्मीक प्राकट्य भेलनि। हुनका भगवान विष्णु स्वीकार कयलनि। लक्ष्मीक पुनः प्राकट्य सं देवता सभ फेर शक्ति आ तेज प्राप्त कयलनि आ असुर सभक पराजय भेल। एहि शुभ अवसर पर सभ लोक दीपमाला प्रज्वलित कय उत्सव मनौलक। एहि तरहें दीपावलीक परंपरा जुड़ल। दीपावलीक संग भगवान कृष्ण द्वारा गोसेवाक संदेश, गोवर्धन पर्वत धारण करबाक प्रसंग आ यमराजक अपन बहिन यमुना सं भैया दूजक दिन भेंट करबाक कथा सेहो जुड़ल अछि। ऐतिहासिक दृष्टिकोण सं एहि दिन आर्य समाजक प्रवर्तक स्वामी दयानंद आ जैन धर्मक तीर्थंकर भगवान महावीर कें निर्वाण प्राप्त भेल छलनि। महान संत स्वामी रामतीर्थक जन्म आ मृत्यु सेहो दीपावलीक दिन भेल छलनि। महाराज विक्रमादित्य द्वारा विक्रम संवत् आरंभ करबाक कथा सेहो एहि पर्व सं जुड़ल अछि। मुदा दीपावलीक सर्वाधिक महत्वपूर्ण केंद्र भगवान श्रीराम छथि। वास्तव मे दीपावली जन-जनक पर्व बनल अछि तं एकर प्रमुख कारण भगवान श्रीराम छथि। दीपावली सं पूर्व रामलीला आ रामकथा आयोजनक परंपरा लोकमानस मे एहि पर्वक प्रति उमंग जगबैत अछि। दीपावली हमरा सभ कें श्रीरामक जीवनक आदर्श अपनयबाक आ हुनकर संदेश आत्मसात करबाक प्रेरणा दैत अछि। सीताहरणक बाद श्रीराम चाहितथि तं रावण कें कतहु सं तकैत दंडित कए सकैत छलाह, मुदा ओ मर्यादाक पालन करैत वानर सन सामान्य पात्र सभक सहयोग लेलनि। हनुमान, सुग्रीव, अंगद आ विभीषण प्रति हुनकर आत्मीयता आ सम्मानक भाव अनुकरणीय अछि। आइ समाज मे देखैत छी जे कनेक धन, बल आ विद्या प्राप्त होइतहि मनुष्य अहंकारी भए जाइत अछि आ निर्बल पर अत्याचार करय लगैत अछि। श्रीराम हमरा सभ कें सिखबैत छथि जे अहंकार रहित जीवन आ मर्यादाक पालन मे मनुष्यक कल्याण निहित अछि। एहि लेल हुनका मर्यादा पुरुषोत्तम कहल जाइत अछि।

थिएटर कमांड पर सेनाक अंतहीन बहस समाप्त करय सरकार

ले. जन. एच. एस. पनाग (रिटायर्ड)

एकीकृत थिएटर कमांडक गठन अंतहीन विचार-विमर्श मे फंसि कए नहि रहि जाए, ई सरकार लेल चिंताक विषय होयबाक चाही। सात वर्ष पहिने चीफ ऑफ डिफेंस स्टाफ (सीडीएस)क पद सृजित कयल गेल छल आ हुनका थिएटर कमांड गठित करबाक जिम्मेदारी देल गेल छल। मुदा एखन धरि तीनू सेनाक बीच एकर स्वरूप आ संरचना पर सहमति नहि बनि सकल अछि। पूर्व सीडीएस जनरल अनिल चौहान मई मे तीनटा थिएटर कमांड-पश्चिमी, उत्तरी आ समुद्री-गठन करबाक प्रस्ताव तीनू सेनाध्यक्षक अनुमोदनक लेल रक्षामंत्री राजनाथ सिंह लग पठौने छलाह। मुदा भारतीय वायुसेना (आईएएफ)क मूलभूत आपत्ति एखनो कायम अछि। 25 अक्तूबर कें पीटीआई कें देल गेल साक्षात्कार मे वायुसेना प्रमुख एयर चीफ मार्शल ए.पी. सिंह कहलनि जे थिएटर व्यवस्था लागू करबाक अर्थ युद्धक संसाधन सभक भौगोलिक आधार पर स्थायी बंटवारा नहि होमक चाही। वायुसेना एकीकरण आ संयुक्त अभियानक पक्षधर अछि, मुदा जतय आवश्यक हो, ओतय केंद्रीय नियंत्रण आ जतय उचित हो, ओतय विकेंद्रित नियंत्रण रहबाक चाही। वायुसेनाक तर्क अछि जे ओकर विमानक गति, पहुंच आ लंबी दूरी तक मारि करबाक क्षमता ओकरा



विभिन्न मोर्चा पर उपयोगी बनबैत अछि। पूर्व चेतावनी देबयवला विमान, हवा मे ईंधन भरयवला विमान आ विशेष इलेक्ट्रॉनिक युद्धक विमानक संख्या सीमित अछि। एहि कारण ओकरा अलग-अलग थिएटर कमांड मे स्थायी रूप सं बांटब व्यावहारिक नहि होयत। वायुसेनाक स्वीकृत लड़ाकू विमान क्षमता 42.5 स्क्वाड्रन अछि, मुदा वर्तमान मे ओकरा लग मात्र 29 स्क्वाड्रन अछि। एहन स्थिति मे तीनटा थिएटर कमांड मे विमानक स्थायी बंटवारा कयला पर ओकर सामरिक क्षमता प्रभावित भए सकैत अछि। दू मोर्चा पर एक्के समय युद्ध भेलापर वायुसेनाक शक्ति कम पड़बाक आशंका रहत। वायुसेनाक ई चिंता उचित अछि। ओकरा मात्र थलसेना आ नौसेनाक सहायक शाखा मानब गलत होयत। रणनीतिक हवाई अभियान आ जवाबी हवाई कारबाइ मे ओकर स्वतंत्र भूमिका अछि। मुदा एहि आधार पर थिएटर कमांडक गठन रोकल नहि जा सकैत अछि।

लचीला कमांड व्यवस्था जरूरी : विमान अपन वर्तमान हवाई अड्डा पर वायुसेनाक प्रशासनिक आ तकनीकी नियंत्रण मे रहि सकैत अछि, मुदा आवश्यकतानुसार ओकरा विभिन्न थिएटर कमांडक अभियान मे तैनात कयल जा सकैत अछि। परिस्थिति बदललापर संसाधनक आवंटन आ पुनः आवंटन सेहो संभव होयबाक चाही। एकीकृत व्यवस्था मे महत्वपूर्ण संसाधनक स्थायी भौगोलिक बंटवारा आवश्यक नहि। भारत मे चीफ्स ऑफ स्टाफ कमिटी, जाहि मे सीडीएस स्थायी अध्यक्ष छथि, ओकरा अधिक प्रभावी बनयबाक जरूरत अछि। तीनू सेनाक ऑपरेशन निदेशालय कें मिला कए एकटा संयुक्त मुख्यालय गठित कयल जा सकैत अछि। ई मुख्यालय रणनीतिक योजना लागू करत, अभियानक जिम्मेदारी सौंपत आ थिएटर कमांड सभ कें संसाधन उपलब्ध कराओत। प्रत्येक थिएटर कमांड मे वायुसेनाक थ्री-स्टार अधिकारी एयर कंपोनेंट कमांडर रहताह। ओ हवाई अभियानक योजना आ क्रियान्वयनक जिम्मेदारी सम्हारताह। थिएटर कमांडर कें वायुसेनाक तैनाती आ अभियानक विषय मे सलाह देताह।

बालमनक आंगन मे संस्कृतिक 'इजोत'




सच्चिदानंद सच्चू

बाल साहित्यक संसार मे कोनो पत्रिकाक प्रवेश मात्र एकटा नव प्रकाशनक आरंभ नहि होइत अछि, बल्कि बालमनक कल्पनाशीलता, जिज्ञासा आ रचनात्मकता कें एकटा नव दिशा देबाक प्रयास सेहो होइत अछि। इजोत बाल-पत्रिकाक प्रवेशांक एहि दृष्टिएं महत्वपूर्ण अछि। नवंबर 2026 मे दियाबातीक अवसर पर प्रकाशित इजोतक पहिल अंक अपन नामक अनुरूप बच्चा सभक जीवन मे ज्ञान, संस्कार आ सृजनशीलताक इजोत पसारबाक उद्देश्य लए उपस्थित भेल अछि। वरिष्ठ साहित्यकार तारानंद वियोगीक संपादकीय दृष्टि आ पत्रिकाक विषय-वस्तु देखला पर स्पष्ट होइत अछि जे एकर प्राथमिकता मैथिलीक बाल-साहित्य कें समृद्ध करब, बच्चा सभ कें अपन भाषा-संस्कृति सं जोड़ब आ हुनका सभ मे सामाजिक तथा पर्यावरणीय चेतना विकसित करब अछि। बाल-पत्रिकाक सफलता एहि बात पर निर्भर करैत अछि जे ओ बच्चा सभ कें मात्र उपदेश नहि दैक, बल्कि मनोरंजनक माध्यम सं सोचबाक, बुझबाक आ प्रश्न करबाक अवसर सेहो प्रदान करय। इजोत एहि दिशा मे एकटा सार्थक प्रयास करैत देखाइत अछि।

संपादकीय मे संस्कृति आ पर्यावरणक चिंता पत्रिकाक संपादकीय मिथिला देसक दियाबाती एहि अंकक वैचारिक आधार प्रस्तुत करैत अछि। संपादक तारानंद वियोगी मिथिलाक दियाबातीक पारंपरिक स्वरूपक चर्चा करैत छथि। गहबर मे कुलदेवता पूजन, माटिक दीप जरायब, ऊक खेलब, ग्रामदेवताक दर्शन, वयोवृद्धक आशीर्वाद लेब तथा परिवारक संग भोजन करबाक परंपरा एहि संपादकीयक प्रमुख प्रसंग अछि। संपादकीयक विशेषता ई अछि जे ओ परंपराक वर्णन मात्र नहि करैत अछि, बल्कि आधुनिक उत्सवधर्मिताक प्रवृत्ति पर प्रश्न सेहो उठबैत अछि। चीनी लाइट, प्लास्टिकक सजावट, पटाखा, बम आ रॉकेटक बढ़ैत प्रचलनक माध्यम सं पर्यावरण आ स्वास्थ्य पर पड़ैत दुष्प्रभावक चर्चा कयल गेल अछि। संपादक माटिक दीप, लोकगीत आ पारंपरिक संस्कारक महत्त्व कें रेखांकित करैत छथि। ई दृष्टिकोण बच्चा सभ मे अपन सांस्कृतिक विरासत प्रति आत्मीयता उत्पन्न करबाक संग प्रकृति-अनुकूल जीवनशैलीक शिक्षा सेहो दैत अछि। संपादकीयक ई पक्ष विशेष रूप सं प्रशंसनीय अछि।

विश्वक प्रकाश पर्व सं परिचय : रश्मि चौधरीक आलेख दोसर देशक दियाबाती पत्रिकाक एकटा रोचक आ ज्ञानवर्धक रचना अछि। एहि आलेख मे थाइलैंडक लोई क्राथोंग आ यी पेंग, जापानक ओबोन, चीनक लालटेन महोत्सव, यहूदी समाजक हनुका, यूरोपक सेंट लूसिया डे तथा मेक्सिको कें डे ऑफ द डेड जेकां उत्सवक परिचय देल गेल अछि। एहि रचनाक माध्यम सं बच्चा सभ बुझि सकैत छथि जे प्रकाश, स्मृति, आस्था आ आशाक प्रतीक विभिन्न समाज मे अलग-अलग रूप मे अभिव्यक्त होइत अछि। एकर माध्यम सं सांस्कृतिक विविधताक प्रति सम्मानक भाव विकसित होइत अछि। मैथिली मे एहन तुलनात्मक सांस्कृतिक आलेख बच्चा सभक ज्ञानक दायरा बढ़ेबाक दृष्टिएं उपयोगी अछि।

कविता आ लोकसंस्कृतिक रंग : पत्रिकाक काव्यखंड मे वैद्यनाथ मंडल, हितनाथ झा, अखिलेश दाऊजी, पूर्णेंदु कुमार झा, मुन्नी कुमारी, वीरेंद्र झा, रानी देवी आ उषा कुमारी आदि रचनाकारक कविता शामिल अछि। अधिकांश कविता दियाबाती, प्रेम, सद्भाव, स्वच्छता, सामूहिकता आ ज्ञानक प्रकाश जेकां विषय पर आधारित अछि। दियाबाती आ सुखराती जेकां कविता मिथिलाक पारंपरिक परिवेश, घरेलू जीवन आ लोकाचार कें सामने अनैत अछि। हुक्का लोलीमे बच्चासभक सामूहिक खेल, मेल-जोल, हंसी-खुशी आ गामक सामाजिक जीवनक सुंदर चित्र भेटैत अछि। ई कविता विशेष रूप सं उल्लेखनीय अछि, कारण ई



बच्चा सभ कें अपन लोकजीवन आ सामूहिक सांस्कृतिक गतिविधि सं जोड़ैत अछि। रानी देवीक दीपक बनि जाउ कविता बच्चा सभ कें स्वयं प्रकाश बनबाक प्रेरणा दैत अछि। कवयित्रीक आग्रह अछि जे मनुष्य सूर्य नहि बनि सकय तं दीप बनि दोसरक जीवन प्रकाशित करय। एहि तरहें कविता मनोरंजनक संग नैतिक आ मानवीय मूल्यक संचार करैत अछि। मैथिली बाल-कविताक दृष्टिएं एहि अंक मे लोकशब्द, पारंपरिक बिंब आ सहज अभिव्यक्तिक उपयोग एकटा सकारात्मक पक्ष अछि।

समीक्षा

कथा : मनोरंजनक संग जीवनक सीख : कथात्मक सामग्री एहि अंकक महत्वपूर्ण आकर्षण अछि। मूस आ बेंग नामक कथा परिश्रम आ अवसरवादिताक भेद स्पष्ट करैत अछि। मूस अपन मेहनत सं धान उपजाबैत अछि, जखनकि बेंग प्रत्येक अवसर पर श्रम करबाक जिम्मेदारी सं बचैत अछि। मुदा जखन मेहनतक फल तैयार भए जाइत अछि, तखन ओहि फल मे हिस्सेदारी लेल आगू अबैत अछि। कथाक अंत बच्चा सभ कें ई सीख दैत अछि जे बिना योगदान केने दोसरक उपलब्धि पर अधिकार जतायब उचित नहि। दू टा बड़बक के खिस्सा हास्यक माध्यम सं मानवीय मूर्खताक रोचक चित्र प्रस्तुत करैत अछि। दू गोटे अपन-अपन मूर्खताक कथा सुना कए एक-दोसर सं बेसी बुड़बक सिद्ध करबाक प्रयास करैत अछि। एहि कथा मे हास्यक स्थिति स्वाभाविक अछि आ संवादक माध्यम सं कथाक प्रवाह बनल रहैत अछि। ई रचना बच्चासभक संग पैघ पाठक कें सेहो मनोरंजन प्रदान कए सकैत अछि।

उराशिमा तारो : एगो जापानी लोककथा एहि अंकक एकटा विशेष आकर्षण अछि। जापानक लोकजीवन सं जुड़ल एहि कथा मे दयालुता, जीव-जंतुक प्रति संवेदना, वचनक महत्त्व आ समयक रहस्यमयता कें रोचक ढंग सं प्रस्तुत कयल गेल अछि। कछुआक प्राण बचेबाक प्रसंग सं आरंभ होइत कथा समुद्रक अद्भुत संसार धरि पहुंचैत अछि। एहि तरहक विदेशी लोककथा बच्चासभक कल्पनाशक्तिक विस्तार करैत अछि आ दोसर देशक सांस्कृतिक संसार सं परिचित करबैत अछि।

विज्ञान आ पर्यावरण : जिज्ञासाक नव संसार : इजोतक एकटा उल्लेखनीय विशेषता ई अछि जे एहि पत्रिका मे साहित्यक संग विज्ञान आ पर्यावरण कें सेहो पर्याप्त महत्त्व देल गेल अछि। आशुतोष झाक प्रकृति प्रेम कथा मे गुडलू आ ओकर बाबाक संवादक माध्यम सं गाछ-वृक्षक महत्त्व, ऑक्सीजन, कार्बन डाइऑक्साइड, गुरुत्वाकर्षण आ प्रकृतिक संतुलनक चर्चा कयल गेल अछि। विज्ञानक जटिल विषय कें पारिवारिक संवाद आ बाल-जिज्ञासाक सहारे बुझयबाक प्रयास सराहनीय अछि। मालती मंडलक पर्यावरण कविता आ दिलीप कुमार झाक तितली रानी बच्चा सभ कें गाछ लगेबाक, स्वच्छता बनौने रखबाक आ जीव-जंतुक संरक्षण करबाक संदेश दैत अछि। विज्ञान शीर्षक अंतर्गत मधुमाछी पर प्रस्तुत सामग्री सेहो उपयोगी अछि। एहि लेख मे परागण, मधुमाछीक शरीरक संरचना आ ओकर वैगल डांसक माध्यम सं संचार करबाक प्रक्रियाक जानकारी देल गेल अछि। विज्ञानक एहन सामग्री बाल-पत्रिकाक लेल आवश्यक अछि। बच्चा सभ कें मात्र पाठ्यपुस्तकीय ज्ञान नहि, बल्कि अपन चारू कातक प्राकृतिक संसार कें वैज्ञानिक दृष्टिएं देखबाक आदति विकसित करबाक जरूरत अछि। इजोत एहि आवश्यकता कें बुझबाक प्रयास कयने अछि।

स्वास्थ्य, खेल आ मनोरंजन : डॉ. गणेश चौधरीक स्वास्थ्य चर्चा : योगासन एहि अंकक उपयोगी स्तंभ अछि। एहि लेख मे ऊंट आसन, सिंह गर्जना आसन, तितली आसन, कुकुर आसन, वृक्षासन, भुजंगासन आ मयूरासन आदिक चर्चा कयल गेल अछि। बच्चासभक शारीरिक सक्रियता, लचीलापन आ आत्मविश्वास बढ़ेबाक दृष्टिएं ई सामग्री उपयोगी अछि। संगहि सुदोकू, बुझौवल आ हास्यपूर्ण कविता पेट कबड्डी खेलय मूस पत्रिका मे मनोरंजनक विविधता अनैत अछि। विशेष बात ई अछि जे पत्रिका बच्चा सभ कें मात्र पढ़बाक लेल सामग्री नहि दैत अछि, बल्कि हुनका सभ कें सोचबाक, बूझबाक आ खेलबाक अवसर सेहो दैत अछि।

भाषा, प्रस्तुति आ संपादकीय पक्ष : इजोतक भाषा मूलतः सहज, संवादपरक आ बालोपयोगी रखबाक प्रयास कयल गेल अछि। मैथिलीक पारंपरिक शब्दावली, लोकजीवनक प्रसंग आ सांस्कृतिक प्रतीकक उपयोग पत्रिका कें अपन माटि-पानि सं जोड़ैत अछि। उर्दू साहित्य मे दियाबातीक चर्चा करैत मंजर सुलेमानक आलेख एहि अंकक वैचारिक विस्तारक एकटा आओर उदाहरण अछि। एहि आलेख मे नजीर अकबराबादी, अल्लामा इकबाल, नजीर बनारसी, शाद आरफी आ फैज अहमद फैज आदिक रचनाक माध्यम सं भारतीय सांस्कृतिक समन्वय आ सामाजिक सौहार्दक बात कहल गेल अछि। ई रचना बच्चा सभ कें भाषा आ धर्मक सीमा सं ऊपर उठि साहित्यक मानवीय पक्ष देखबाक अवसर दैत अछि। मुदा पत्रिकाक प्रस्तुति आ संपादनक स्तर पर किछु सुधारक गुंजाइश सेहो देखाइत अछि। कतिपय रचना मे भाषा आ वर्तनीक एकरूपता, वाक्य-विन्यास तथा प्रूफ-संशोधन पर बेसी ध्यान देबाक आवश्यकता बुझाइत अछि। किछु सामग्रीक प्रस्तुति आ विषयक विस्तार मे सेहो संतुलन अपेक्षित अछि। बाल-पत्रिका मे भाषा जतबा सरल हो, ओतबे आवश्यक अछि जे ओकर शुद्धता आ प्रवाह सेहो बनल रहय। संगहि कठिन वैज्ञानिक शब्दक संग छोट-छोट अर्थ अथवा उदाहरण देल जाए तं बच्चा सभ लेल सामग्री आओर सुगम भए सकैत अछि।

भविष्यक संभावना : समग्र रूप सं देखल जाए तं इजोतक प्रवेशांक मैथिली बाल-साहित्यक क्षेत्र मे एकटा स्वागतयोग्य पहल अछि। एहि अंक मे साहित्य, लोकसंस्कृति, विज्ञान, पर्यावरण, स्वास्थ्य, हास्य, पहेली आ विदेशी लोककथाक जे विविधता भेटैत अछि, से एकर संपादकीय उद्देश्य कें स्पष्ट करैत अछि। पत्रिका बच्चा सभ कें अपन भाषा आ संस्कृति सं जोड़बाक संग आधुनिक ज्ञान-विज्ञानक संसार सं परिचित करय चाहैत अछि। एहि प्रयास कें आओर प्रभावकारी बनेबाक लेल आगामी अंक सभ मे बच्चा सभक मौलिक रचना कें बेसी स्थान देबाक चाही। बाल-पाठकक पत्र, चित्रकला, कविता, कथा, अनुभव आ जिज्ञासाक लेल नियमित स्तंभ होयबाक चाही। मैथिलीक प्रसिद्ध बाल-साहित्यकारक संग नवोदित बाल-रचनाकार कें सेहो अवसर भेटय। मिथिलाक लोकखेल, लोकगीत, लोककथा, बाल-पहेली आ वैज्ञानिक प्रयोग पर नियमित सामग्री प्रकाशित कयल जाए तं पत्रिकाक उपयोगिता आर बढ़त। आगामी फगुआ विशेषांकक घोषणा एहि दृष्टिएं उत्साहवर्धक अछि। ई अपेक्षा कयल जा सकैत अछि जे पत्रिका अपन अगिला अंक सभ मे विषय-विविधता आ साहित्यिक गुणवत्ता दुनू क्षेत्र मे निरंतर विकास करत। अंततः, इजोत मात्र एकटा बाल-पत्रिका नहि, बल्कि मैथिली मे बाल-पाठकक एकटा नव पीढ़ी तैयार करबाक संभावना सेहो अछि। जाहि समय मे बच्चा सभक पढ़बाक रुचि मोबाइल आ डिजिटल मनोरंजनक बीच प्रभावित भए रहल अछि, ओहि समय मे अपन भाषा मे एहन पत्रिकाक प्रकाशन विशेष महत्त्व रखैत अछि। एकर पहिल अंक मे किछु संपादकीय सुधारक आवश्यकता अवश्य अछि, मुदा एकर उद्देश्य, विषय-विविधता आ सांस्कृतिक प्रतिबद्धता प्रशंसनीय अछि। मैथिली बाल-साहित्यक समृद्धि लेल इजोतक नियमित प्रकाशन आ दीर्घजीविता आवश्यक अछि। आशा करबाक चाही जे ई पत्रिका बच्चासभक हाथ मे पहुंचि हुनका सभक जिज्ञासा, कल्पना आ सृजनशीलता कें नव आकाश देत।

बीतल नौ साल मे आठ बेर दीपावलीक दोसर दिन बिगड़ल दिल्ली-एनसीआरक हवा

दयानिधि

दिल्ली-एनसीआर मे अक्तूबरक अंत आ नवंबर अर्थात जाड़क शुरूआत होइतहि दमघोंटू धुंध लागि जाइत अछि। एहि बीच दीपावलीक पर्व वायु प्रदूषण कें आरो बढ़ा दैत अछि। पछिला दस साल सं ई प्रवृत्ति लगातार देखल जा रहल अछि। दिल्ली-एनसीआरक वायु गुणवत्ता खराब सं बहुत खराब आ गंभीर श्रेणी धरि पहुंचि रहल अछि। मौसिमक प्रतिकूल स्थिति प्रदूषण कें वातावरण मे रोकि रखैत अछि तं आपात स्थिति उत्पन्न भए सकैत अछि। वर्ष 2026 केर दीपावली सेहो दिल्ली-एनसीआर मे पटाखाक गूंज आ आंखि मे जलनक बीच बीतल। पटाखाक उपयोग नियंत्रित करबाक लेल सुप्रीम कोर्ट पछिला एक दशक मे कतेको बेर आदेश आ निर्देश देलक, मुदा ओकर प्रभावी पालन नहि भए सकल। कहियो पटाखा बिक्री पर रोक लगाओल गेल, तं कहियो कम धुआं छोड़यवला आ हरित पटाखा कें शर्तक संग अनुमति देल गेल। एहि सभ न्यायिक हस्तक्षेपक बावजूद एहि बेर दीपावलीक राति दिल्लीक कतेको इलाकाक हवा गंभीर श्रेणी मे पहुंचि गेल। 8 नवंबर 2026 केर राति दिल्लीक 59 वायु गुणवत्ता निगरानी केंद्र मे 20 केंद्र पर वायु गुणवत्ता सूचकांक (एक्यूआइ) 401 सं ऊपर दर्ज कयल गेल। राति करीब 10 बजे दिल्लीक समग्र एक्यूआइ 371 छल। एहि समय 33



केंद्र पर हवा बहुत खराब आ छह केंद्र पर खराब श्रेणी मे छल। सोनिया विहार मे एक्यूआइ 463 आ जहांगीरपुरी मे 450 दर्ज कयल गेल। सोनिया विहार, जहांगीरपुरी, पंजाबी बाग, बुराड़ी, ओखला आ रोहिणी मे पूरा दिन हवा गंभीर श्रेणी मे बनल रहल। केंद्रीय प्रदूषण नियंत्रण बोर्ड (सीपीसीबी) केर वास्तविक समयक आंकड़ा सेहो प्रदूषणक स्थिति स्पष्ट करैत अछि। राति 9 बजे दिल्लीक एक्यूआइ 370 छल, जे राति 11 बजे 373 भए गेल। दुनू समय पीएम2.5 प्रमुख प्रदूषक रहल। ई आंकड़ा खास समयक अछि, 24 घंटाक औसत नहि। राति 11 बजे एक्यूआइ गंभीर श्रेणीक 401 अंकक सीमा सं 28 अंक नीचा छल। एनसीआरक दोसर शहर सभहक स्थिति सेहो खराब रहल। राति 9 सं 11 बजे धरि गाजियाबादक एक्यूआइ 353 सं 360, नोएडाक 312 सं 319, गुरुग्रामक 276 सं 280 आ फरीदाबादक 291 सं 297 भए गेल। ग्रेटर नोएडा मे ई 299 सं बढ़ि 301 पहुंचल। बहादुरगढ़ मे 327 सं 340 आ रोहतक मे 328 सं 339 दर्ज कयल गेल। देशक 285 शहरक सूची मे राति 11 बजे दिल्ली 373 एक्यूआइ संग चारिम स्थान पर छल।

दिल्ली पर प्रदूषणक चद्दरि : दीपावलीक बाद 9 नवंबरक भोर मे सेहो दिल्लीक हवा मे कोनो खास सुधार नहि देखल गेल। भोर 3 बजे एक्यूआइ 367 छल। सीपीसीबीक आंकड़ा अनुसार 6 नवंबर कें ई 382, 7 नवंबर कें 369 आ 8 नवंबर कें 376 रहल। एहि तरहे लगातार तीन दिन शहरक हवा बहुत खराब श्रेणी मे रहल। 8 नवंबरक दैनिक औसत एक्यूआइ 376 छल, जे 7 नवंबरक 369 सं सात अंक बेसी छल।

बीतल नौ सालक आंकड़ा देलक चेतावनी : 2017 सं 2025 धरि दिल्ली, गाजियाबाद, नोएडा, ग्रेटर नोएडा, गुरुग्राम आ फरीदाबादक आंकड़ाक तुलना करला पर पता चलैत अछि जे नौ मे आठ साल दीपावलीक दोसर दिन औसत एक्यूआइ पहिल दिनक अपेक्षा बेसी रहल। 2022 एहि प्रवृत्तिक अपवाद छल। 2018 मे दीपावलीक दिन छह शहरक औसत एक्यूआइ करीब 269 छल, जे दोसर दिन बढ़ि 416 भए गेल। 2020 मे ई 404 सं 430 आ 2021 मे 387 सं बढ़ि करीब 469 पहुंचल। 2023 मे दीपावलीक दिन औसत एक्यूआइ करीब 187 छल, मुदा दोसर दिन 352 भए गेल। 2021 मे सभ छह शहरक एक्यूआइ दोसर दिन 460म ओकरा आसपास पहुंचि गेल छल। 2023 मे छह शहर मे प्रदूषण तेजी सं बढ़ल आ औसत एक्यूआइ करीब 88 प्रतिशत बढ़ि गेल। 2017 सं 2025 धरि उपलब्ध 52 तुलनात्मक आंकड़ा मे 44 बेर एक्यूआइ बढ़ल, सात बेर घटल आ एक बेर अपरिवर्तित रहल। अर्थात करीब 85 प्रतिशत अवसर पर दीपावलीक दोसर दिन हवा आरो खराब भेल।

पटाखा पर सुप्रीम कोर्टक कतेको आदेश : नवंबर 2016 मे सुप्रीम कोर्ट दिल्ली-एनसीआर मे पटाखाक थोक आ खुदरा बिक्रीक सभ लाइसेंस निलंबित करबाक आदेश देलक। सितंबर 2017 मे पूर्ण रोक मे संशोधन कए अस्थायी लाइसेंसक संख्या आधा करबाक निर्देश देल गेल। 23 अक्तूबर 2018 कें कम उत्सर्जनवला आ हरित पटाखाक निर्माण आ बिक्री कें अनुमति भेटल, मुदा दोसर पटाखा पर रोक लागल। ऑनलाइन बिक्री आ बेरियम लवणक उपयोग सेहो प्रतिबंधित कयल गेल। दीपावली पर राति 8 सं 10 बजे धरि पटाखा फोड़बाक समय निर्धारित भेल। 2021 मे अदालत पूर्ण प्रतिबंधक मांग अस्वीकार कयलक, मुदा प्रतिबंधित रसायन आ हरित पटाखा संबंधी निर्देश जारी रखलक। 2023 मे स्पष्ट कयल गेल जे बेरियम आ प्रतिबंधित रसायनवला पटाखा पर रोक पूरा देश मे लागू होयत। 2024-25 मे साल भरि प्रतिबंध लगयबाक दिशा मे कदम उठाओल गेल। मुदा 2025 मे सीमित अवधि लेल प्रमाणित हरित पटाखा बेचल आ चलयबाक अनुमति देल गेल। 29 अक्तूबर 2026 कें सेहो 7 आ 8 नवंबर लेल निर्धारित समय मे हरित पटाखा चलयबाक अनुमति देल गेल। अस्पताल, स्वास्थ्य केंद्र, वृद्धाश्रम आ अधिसूचित शांत क्षेत्रक 300 मीटरक भीतर पटाखा चलयबाक रोक रहल। 9 नवंबर सं पूर्ण प्रतिबंध फेर लागू करबाक निर्देश देल गेल।



एहि बेर सेहो गंभीर श्रेणी मे पहुंचल वायु गुणवत्ता

पटाखा संग मौसिम सेहो जिम्मेदार : दीपावलीक बाद प्रदूषण बढ़बाक कारण मात्र पटाखा नहि अछि। प्रतिकूल मौसिम, वाहनक धुआं आ आसपासक राज्य मे पराली जरयबाक घटना सभ सेहो एकर कारण अछि। वायु गुणवत्ता पूर्व चेतावनी तंत्र 9 नवंबर सं हवा गंभीर श्रेणी मे पहुंचबाक आशंका जतौने छल। जखन हवा औसतन 10 किलोमीटर प्रति घंटा सं कम चलैत अछि आ वेंटिलेशन इंडेक्स 6,000 वर्गमीटर प्रति सेकेंड सं नीचा रहैत अछि, तखन प्रदूषक कण वातावरण मे जमा होमय लगैत अछि। अनुमान अनुसार 8 नवंबर कें दिल्लीक प्रदूषण मे परिवहन क्षेत्रक हिस्सेदारी 19 प्रतिशत आ पराली जरयबाक हिस्सेदारी 3.5 प्रतिशत छल। 9 नवंबर लेल परालीक हिस्सेदारी 2.99 प्रतिशत अनुमानित छल। पीएम2.5 प्रमुख प्रदूषक बनल रहल। पटाखा सेहो हवा मे कणीय प्रदूषण बढ़ौलक। स्पष्ट अछि जे दीपावलीक दोसर दिन वायु गुणवत्ता पर मौसिम, हवा गति आ प्रदूषणक विभिन्न स्रोत सभक असर पड़ैत अछि। मुदा नौ सालक आंकड़ा ई देखबैत अछि जे अधिकांश अवसर पर दीपावलीक बाद दिल्ली-एनसीआरक हवा आरो खराब भेल। एहि बेर सेहो नियम आ समय-सीमा निर्धारित रहबाक बावजूद दिल्लीक कतेको इलाका गंभीर प्रदूषणक चपेट मे आबि गेल। पूवार्नुमान अनुसार आगूक किछु दिन धरि वायु गुणवत्ता खराब बनल रहबाक आशंका अछि।

डिजिटल खेती मे महिला कें बराबरीक अधिकार भेटय

ललित

खेती-बाड़ी मे आब तकनीकक उपयोग तेजी सं बढ़ि रहल अछि। मौसिमक जानकारी देबयवला मोबाइल ऐप, फसल कें कीड़ा-मकोड़ा सं बचयबाक डिजिटल सलाह आ कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआइ) सन नव तकनीक किसान सभक लेल आशाक नव किरण बनि रहल अछि। मुदा प्रश्न अछि जे एहि सुविधाक लाभ महिला कें सेहो बराबरी सं भेटि रहल अछि कि नहि? जं महिलाक लग तकनीकक उपयोग करबाक साधन आ सामर्थ्य नहि रहतनि, तं' डिजिटल खेतीक सपना अपूर्ण रहत। विश्व बैंकक वरिष्ठ कृषि सलाहकार आ ग्लोबल एग्रीकल्चर एंड फूड सिक्योरिटी प्रोग्राम (जीएएफएसपी) प्रमुखक कहब छनि जे महिलाके डिजिटल तकनीक सं जोड़ब मात्र पर्याप्त नहि अछि। हुनका एहि सुविधा पर खर्च करबाक क्षमता, उपयोगक प्रशिक्षण आ तकनीक सं होयबला आमदनी पर अपन अधिकार सेहो भेटबाक चाही।



संकटक मारि महिलापर बेसी : जलवायु परिवर्तन, खाद्य असुरक्षा, युद्ध आ महंगाइ सन समस्या दुनिया भरिक लोक कें प्रभावित क' रहल अछि। रूस-यूक्रेन युद्ध आ मध्य-पूर्वक संघर्ष सं खादक कीमत पर दबाव बढ़ल अछि। ओतहि मौसिमक प्रतिकूलता किसानक कठिनाइ बढ़ा रहल अछि। छोट किसानक लेल खेती-बाड़ी चुनौतीपूर्ण बनि गेल अछि। महिला किसानक समस्या आओर गंभीर अछि, किएक तं हुनका आर्थिक साधन, जमीन आ पानि धरि पहुंच सीमित रहैत अछि। सीजीआइएआरक रिपोर्ट अनुसार, वैश्विक कृषि श्रमशक्ति मे महिलाक हिस्सेदारी 38 प्रतिशत अछि। खाद्य कारोबार सं जुड़ल अन्य क्षेत्र मे सेहो 41 प्रतिशत महिला कार्यरत छथि। मुदा कमाइ, निर्णय लेबाक अधिकार आ आर्थिक सुरक्षा मे हुनका कतेको बाधाक सामना करय पड़ैत अछि।

तकनीक प्रशिक्षण आ सहज कर्ज सं महिला किसानक आर्थिक स्वावलंबन बढ़ेबाक आवश्यकता

बिना गारंटी सेहो भेटि सकैत अछि कर्ज : महिलाक आर्थिक स्थिति मजबूत करबाक लेल सहज कर्ज आवश्यक अछि। गरीब परिवारक बहुतो महिलाक लग जमीन-मकान वा दोसर संपत्ति नहि होइत अछि, जाहि कें बंधक राखि बैंक सं कर्ज लेल जा सकय। इथियोपिया मे भेल एकटा प्रयोग एहि दिशा मे महत्वपूर्ण अछि। विश्व बैंकक अफ्रीका जेंडर इनोवेशन लैबक सहयोग सं महिला उद्यमी सभके पारंपरिक जमानतक बदला मनोवैज्ञानिक आकलनक आधार पर कर्ज देबाक व्यवस्था कयल गेल। एहि सुविधा पाबयबला 89 प्रतिशत महिला तीन वर्षक भीतर औपचारिक कर्ज लेलनि, जखन कि तुलना समूह मे ई आंकड़ा 42 प्रतिशत छल।

मोबाइल खाता सं बढ़ल आमदनी : युगांडा मे भेल अध्ययन अनुसार, मोबाइल मनी खाताक माध्यम सं कर्ज पाबयबला महिलाक नाफा नकद कर्ज लेनिहार महिला सं 15 प्रतिशत बेसी रहल। एहि सं स्पष्ट अछि जे कर्ज देबाक तरीका सेहो महत्वपूर्ण अछि। महिलाक अपन नियंत्रणबला बैंक खाता सं हुनकर आर्थिक स्वतंत्रता मजबूत भए सकैत अछि।

डिजिटल जानकारी सं बढ़त आत्मविश्वास : बांग्लादेश मे जीएएफएसपीक सहयोग सं चलि रहल परियोजना मे महिला आलू उत्पादक सभ कें एफएओक रूरलइन्वेस्ट डिजिटल साधन सं जोड़ल जा रहल अछि। एहि माध्यम सं महिला सभ हिसाब-किताब, वित्तीय अभिलेख आ निवेशक योजना बनयबाक प्रशिक्षण लए' रहल छथि। एहि पहल सं ओ सभ मात्र तकनीकक उपयोगकर्ता नहि, बल्कि कारोबारक निर्णय मे भागीदार बनि रहल छथि। जीएएफएसपी 2010 सं आब तक कम आयवला देश सभक 300 सं बेसी परियोजना मे लगभग 2.5 अरब डॉलर निवेश कयने अछि। एहि परियोजना सभक लाभार्थी मे लगभग 41 प्रतिशत महिला छथि। वस्तुतः डिजिटल खेतीक सफलता एहि बात पर निर्भर करत जे तकनीक सं महिलाक आमदनी, हुनकर हुनर आ निर्णय लेबाक क्षमता कतेक बढ़ल। 2050 तक खाद्य, भूमि आ जल व्यवस्था कें मजबूत बनयबाक लक्ष्य तखने पूरा होयत, जखन महिला किसानक जरूरत, परिस्थिति आ सुझाव कें ध्यान मे राखि योजना बनत आ हुनका पर्याप्त आर्थिक साधन उपलब्ध होयत। महिला सभके मात्र लाभार्थी नहि, बल्कि खेतीक भविष्य तय करयबला भागीदार बनेबाक आवश्यकता अछि।

पूर्वी चंपारणक मोतीझीलक दुर्दशा : बेर-बेर न्यायालय कें करय पड़ैत अछि हस्तक्षेप

आठ वर्ष मे राज्यक 8 हजार सं बेसी जलस्रोत विलुप्त, मोतीझीलक अस्तित्व पर सेहो संकट

शशि

आठ वर्षक भीतर बिहारक 8 हजार सं बेसी जलस्रोत विलुप्त भए गेल। ई आंकड़ा भारत सरकारक जलशक्ति मंत्रालय द्वारा 2025 मे बिहार, असम, दिल्ली, लद्दाख आ सिक्किम मे कराओल गेल जलस्रोतक दोसर जनगणना पर आधारित अछि। एहि गणना अनुसार, 2018-19 मे बिहार मे कुल 45,793 जलस्रोत छल, जे 2025 मे घटि कए 36,856 रहि गेल। अर्थात आठ वर्ष मे लगभग 8 हजार जलस्रोत जमीन पर सं गायब भए गेल। जनसंख्याक दृष्टि सं बिहारक दोसर पैघ जिला पूर्वी चंपारणक मुख्यालय मोतिहारीक जीवनरेखा मानल जायबला मोतीझील आइयो अस्तित्व मे अछि। मुदा न्यायालयी आदेशक गंभीरतापूर्वक पालन नहि भेल, तं संभव अछि जे अगिला जलस्रोत जनगणना मे एकर नामो विलुप्त जलस्रोतक सूची मे आबि जाय। जलस्रोतक विनाशक जे कारण सभ होइत अछि, ताहि मे अधिकांश समस्या मोतीझील मे सेहो उपलब्ध अछि। हालांकि, पटना उच्च न्यायालयक सक्रियता आ सख्ती सं एकटा आशा जरूर जगल अछि।

छह मास मे पुनरुद्धार पूरा करबाक निर्देश : लगभग चारि वर्ष धरि चलल कानूनी लड़ाइक बाद न्यायमूर्ति मोहित कुमार शाह आ न्यायमूर्ति सौरेंद्र पांडेयक खंडपीठ 1 अक्टूबर 2026 के मोतीझील संरक्षण संबंधी महत्वपूर्ण आदेश देलक। न्यायालय बिहारक मुख्य सचिव कें निर्देश देलक जे मार्च 2027 धरि झीलक गाद सफाइ, ड्रेजिंग, शेष अतिक्रमण हटेबाक काज आ संपूर्ण क्षेत्रक सौंदर्यीकरण पूरा कराओल जाय। न्यायालय याचिकाकर्ता कुमार अमित कें ई स्वतंत्रता सेहो देलक जे निर्धारित छह मास मे आदेशक वास्तविक भावना अनुरूप पालन नहि भेल, तं ओ फेर अवमानना याचिका दायर कए सकैत छथि।

पहिनहुं देल गेल छल निर्देश : पटना उच्च न्यायालय 5 मई 2023 के सेहो मोतीझीलक पुनरुद्धार लेल महत्वपूर्ण निर्देश देने छल। एहि मे गाद सफाइ आ ड्रेजिंग पूरा करबाक, झील आ आसपासक अतिक्रमण हटेबाक, तटबंध, पार्क आ आधारभूत संरचनाक विकास करबाक तथा वृक्षारोपण आ सौंदर्यीकरण करबाक बात कहल गेल छल। झीलक मुख्य जलस्रोत रत्नागिरि चैनल कें अतिक्रमणमुक्त करब सेहो आवश्यक बताओल गेल छल। एहि निर्देश सभक पालन मे कथित लापरवाही कें लए' क' अवमानना याचिका दायर कयल गेल। याचिकाकर्ता आ पटना उच्च न्यायालयक अधिवक्ता कुमार अमितक कहब छनि जे मोतीझील कें बचयबाक लेल रत्नागिरि चैनलक जलप्रवाह फेर बहाल करब आवश्यक अछि। संगहि रामरेखा होइत जानपुल दिस सं आबयवला पानिक प्रवाह सुनिश्चित करय पड़त। तखने झीलक अस्तित्व बचि सकत। ओ स्पष्ट केलनि जे आदेशक पालन नहि भेल तं फेर अवमानना वाद दायर करताह।

एहि बेर उत्तर भारत मे कुहेस बढ़ाओत परेशानी

अभिषेक

नवंबरक दोसर सप्ताह मे देशक विभिन्न हिस्सा मे मौसिमक मिजाज बदलय जा रहल अछि। कतहु बरखा दस्तक देत, तं कतहु तेज हवा आ मेघगर्जन लोकक परेशानी बढ़ाओत। ओतहि उत्तर भारतक मैदानी इलाका मे भोरे-भोर घनघोर कुहेस जनजीवन आ यातायातक गति पर रोक लगा सकैत अछि। भारतीय मौसिम विज्ञान विभाग द्वारा 9 नवंबर, 2026 कें जारी पूवार्नुमानक अनुसार, 9 सं 15 नवंबर धरि उत्तर-पश्चिम भारतक पहाड़ी क्षेत्र, पूर्वी भारत, पूर्वोत्तर आ दक्षिण भारतक विभिन्न भाग मे वर्षाक गतिविधि देखबाक लेल भेटत। जखन कि दिल्ली-एनसीआर सहित उत्तर भारतक मैदानी इलाका मे फिलहाल वर्षाक बदला कुहासा आ ठंढक प्रभाव बेसी रहबाक संभावना अछि।

दू चक्रवाती परिसंचरण आ पश्चिमी विक्षोभक पड़त प्रभाव

मौसिम मे एहि बदलावक पाछू कतेको मौसमी प्रणाली सक्रिय अछि। उत्तर हरियाणा आ लगपासक इलाका मे ऊपरी वायुमंडल मे चक्रवाती परिसंचरण बनल अछि। ओतहि उत्तर-पश्चिम राजस्थान आ लगपासक क्षेत्र मे सेहो एकटा दोसर चक्रवाती परिसंचरण सक्रिय अछि। एहि मौसमी प्रणाली सभक प्रभावस आसपासक वातावरण मे नमी आ हवाक प्रवाह प्रभावित भए रहल अछि। एहि बीच उत्तर-पश्चिम भारतक मौसिम मे एकटा आओर पैघ बदलाव होयबाक संभावना अछि। मौसिम विभागक अनुसार, 10 नवंबर सं एकटा नव पश्चिमी विक्षोभ पश्चिमी हिमालयी क्षेत्रक मौसिम कें प्रभावित क' सकैत अछि। एकर प्रभावस जम्मू-कश्मीर, लद्दाख, उत्तराखंड आ हिमाचल प्रदेश मे बरखा आ हिमपातक गतिविधि बढ़बाक आसार अछि। उत्तराखंड मे 9 आ 10 नवंबरक बाद 13 सं 15 नवंबरक बीच बरखा भए सकैत अछि। एहि दौरान ऊंच पहाड़ी चोटी सभ पर हिमपात होबाक संभावना अछि। जम्मू-कश्मीर आ आसपासक कतेको इलाका मे 12 आ 13 नवंबर के बरखा आ ऊंचाईवला क्षेत्र मे बर्फ गिरबाक अनुमान अछि। 10 सं 15 नवंबरक बीच एहि क्षेत्र सभ मे मेघगर्जन, वज्रपात आ 40 सं 50 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं तेज हवा चलबाक संभावना अछि। हवाक झोंका 60 किलोमीटर प्रति घंटा धरि पहुंचि सकैत अछि। हिमाचल प्रदेश मे 11 सं 15 नवंबर धरि वर्षाक आसार अछि। ओतहि पंजाबक किछु हिस्सा मे 12 सं 15 नवंबरक बीच हल्का सं मध्यम बरखा भए सकैत अछि।



दिल्ली-एनसीआर मे वायु प्रदूषणक संग कुहासा बढ़ाओत मुश्किल

दिल्ली आ आसपासक मैदानी इलाका मे फिलहाल वर्षाक कोनो पैघ गतिविधि होबाक संभावना नहि अछि। मुदा वायु प्रदूषणक संग भोरे-भोर कुहासा लोकक चिंता बढ़ा सकैत अछि। 9 नवंबरक भोरे 5:30 बजे हरियाणा, चंडीगढ़ आ दिल्लीक किछु हिस्सा मे अत्यंत घनघोर कुहासा देखल गेल। पूर्वी उत्तर प्रदेशक किछु इलाका मे सेहो घनघोर सं मध्यम कुहासाक स्थिति रहल। उत्तराखंडक कतेको इलाका मे हल्का कुहेस देखल गेल, जखन कि पंजाबक किछु हिस्सा मे सेहो भोरे दृश्यता प्रभावित रहल। एहन स्थिति मे सबेरे सड़क पर चलयवला वाहन चालक सभ कें विशेष सावधानी बरतबाक जरूरत अछि। कुहासाक कारण सड़क पर आगू देखबाक दूरी घटि सकैत अछि, जाहि सं दुर्घटनाक आशंका बढ़ि जाइत अछि।

पूर्वी भारत मे बरखा, अंडमान-निकोबार मे भारी पानि

पूर्वी भारत मे सेहो मौसिम सक्रिय रहबाक संभावना अछि। पश्चिम बंगाल आ सिक्किम मे 9 सं 12 नवंबर धरि बरखा भए सकैत अछि। झारखंड मे 10 आ 11 नवंबर, बिहार मे 11 नवंबर आ ओडिशा मे 10 सं 12 नवंबरक बीच बरखा होबाक पूवार्नुमान अछि। अंडमान आ निकोबार द्वीपसमूह मे पूरा सप्ताह वर्षाक सिलसिला जारी रहि सकैत अछि। एहि दौरान 9 सं 13 नवंबरक बीच किछु इलाका मे भारी बरखा होबाक आशंका जताओल गेल अछि।

दक्षिण भारत मे मेघगर्जन, तमिलनाडु-पुडुचेरी मे भारी वर्षाक चेतावनी

दक्षिण-पूर्वी बांग्लादेश आ आसपासक क्षेत्र मे ऊपरी हवा मे चक्रवाती परिसंचरण बनल अछि। एहि प्रणाली सं जुड़ल एकटा गर्त दक्षिण तमिलनाडु, दक्षिण केरल आ दक्षिण-पूर्वी अरब सागर होइत मध्य-पूर्वी अरब सागर धरि पसरल अछि। एहि मौसमी प्रणालीक प्रभावस दक्षिण भारत मे बरखा, मेघगर्जन आ वज्रपातक गतिविधि बढ़बाक आसार अछि। दक्षिण भारत मे मौसिमक सर्वाधिक असर तमिलनाडु मे देखबाक संभावना अछि। तमिलनाडु, पुडुचेरी आ कराईकलक किछु हिस्सा मे भारी बरखा भए सकैत अछि। आंध्र प्रदेश, केरल, माहे आ लक्षद्वीप मे मेघगर्जनक संग वज्रपात आ 30 सं 40 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं तेज हवा चलबाक संभावना अछि। आंध्र प्रदेशक किछु इलाका मे तेज सतही हवा सेहो चलि सकैत अछि। पूर्वोत्तर भारत मे सेहो बादल छाओल रहत। अरुणाचल प्रदेश, असम आ मेघालय मे 9 सं 12 नवंबर धरि, जखन कि नागालैंड, मणिपुर, मिजोरम आ त्रिपुरा मे 9 सं 13 नवंबरक बीच बरखा होबाक अनुमान अछि।

कतहु बरखा दस्तक देत, तं कतहु तेज हवा आ मेघगर्जन लोकक परेशानी बढ़ाओत

पूर्वी भारत मे घटत तापमान

तापमानक मोर्चा पर अगिला दू सं तीन दिन मे पूर्वी भारतक अधिकतम तापमान मे 2 सं 3 डिग्री सेल्सियस धरि गिरावट आबि सकैत अछि। हालांकि, तकर बाद तापमान मे कोनो पैघ बदलावक संभावना नहि अछि। मौसम विभागक अनुसार, 8 नवंबर, 2026 के कर्नाटकक कारवार मे देशक सर्वाधिक अधिकतम तापमान 39.2 डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। ओतहि मैदानी इलाका मे हिमाचल प्रदेशक मंडी मे न्यूनतम तापमान 10 डिग्री सेल्सियस रहल। कुल मिलाक' नवंबरक दोसर सप्ताह देशक अलग-अलग हिस्सा मे मौसिमक अलग-अलग रूप देखाओत। पहाड़ी इलाका मे पश्चिमी विक्षोभक प्रभावस बरखा आ हिमपात होयत, दक्षिण भारत मे चक्रवाती परिसंचरणक कारण बादल सक्रिय रहत, जखन कि उत्तर भारतक मैदानी इलाका मे कुहासा सबेरे-सबेरे लोकक परेशानी बढ़ाओत। एहि दौरान सड़क, रेल आ हवाई यातायात पर सेहो मौसिमक प्रतिकूल प्रभाव पड़बाक आशंका रहत।

जमीन विवाद मे पानि प्लांट पर चलल गोली, शटर पर भेटल तीनटा निशान

रोसड़ा/समस्तीपुर, समदिया

बाइक सवार लोक पर फायरिंग करबाक आरोप, दोकान मे सुतल आदमी बाल-बाल बचलाह



» घटनाक बाद इलाका मे दहशतक माहौल, पुलिस शुरू केलक जांच

रोसड़ा थाना क्षेत्रक भरवाड़ी पंचायतक वार्ड संख्या 8 मे जमीन विवाद कें लए एकटा पानि प्लांट पर गोलीबारी के घटना सामने आयल अछि। घटना शनिदिन रातिक बताओल जा रहल अछि। एहि दौरानपानि प्लांटक शटर पर गोलीक तीनटा निशान भेटल अछि। घटना के बाद इलाका मे दहशतक माहौलबनल अछि। दोकानक भीतर सुतल संचालक राहुल कुमार चौधरी गोलीबारी मे बाल-बाल बचि गेलाह।घटनाक संबंध मे राहुल कुमार चौधरी बतौलनि जे शनिदिन राति ओ अपन पानि प्लांट स्थित दोकान मेसुतल छलाह। एही दौरान बाइक पर सवार भए किछु लोक ओतय पहुंचलाह आ अनचोके गोली चलाबयलगलाह। आरोप अछि जे जमीन विवाद कें लए एहि घटनाके अंजाम देल गेल अछि। गोली दोकानक शटरपर लागल, जाहि सं ओहिपर तीनटा निशान बनि गेल। राहुल कुमार चौधरीक कहब छनि जे जाहि दिशा दिस गोली चलाओल गेल, ओहि दिशा मे ओ सुतल नहि छलाह। संयोग नीक छल जे ओ गोलीक निशानाबनय सं बचि गेलाह। हुनकर कहब छनि जे जं ओ ओहि दिशा मे सुतल रहितथि तं गोली लगबाकआशंका रहैत आ कोनो पैघ अनहोनी भए सकैत छल। अनचोके भेल एहि घटना सं ओ बहुत भयभीतछथि। घटनाक बाद आसपासक लोक सभ मे तरह-तरहक चर्चा शुरू भए गेल अछि। स्थानीय लोककअनुसार, जमीन विवाद कें लए एहि तरहक गोलीबारी होयब क्षेत्रक शांति आ सुरक्षा लेल चिंता बढ़ेबयवला अछि। रातिक समय दोकान मे सुतल व्यक्ति पर गोली चलबाक घटना सं व्यवसायी आ आसपासक लोकसभ सेहो भयभीत छथि। घटनाक सूचना भेटलाक बाद स्थानीय पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि मामलेकछानबीन शुरू कय देलक अछि। पुलिस पानि प्लांटक शटर पर लागल गोलीक निशान आ घटनाक अन्य पहलू सभक जांच कय रहल अछि। बाइक सवार लोकक पहचान आ गोलीबारीक कारणक पता लगयबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। फिलहाल घटना मे केकरा-केकरा संलिप्तता अछि, ई स्पष्ट नहि भए सकल अछि। पुलिस जांचक बादे गोलीबारीक वास्तविक कारण आ आरोपित सभक संबंध मे स्थिति स्पष्ट होयत। लगातार जमीन विवाद कें लए आपराधिक घटना सामने आयब स्थानीय प्रशासन लेल सेहो चुनौती बनल अछि।

कुशेश्वरस्थान आ मनीगाछी मे हर्षोल्लासक संग मनाओल गेल दीपावली आ काली पूजा

विभिन्न गाम मे कलश शोभायात्रा संग काली पूजाक आयोजन

कुशेश्वरस्थान/मनीगाछी, समदिया



कुशेश्वरस्थान आ मनीगाछी प्रखंड क्षेत्र मे प्रकाशक पर्व दीपावली हर्षोल्लास आ पारंपरिक रीति-रिवाजक संग मनाओल गेल। एहि अवसर पर लोक सभ अपन घर आ प्रतिष्ठान सभके दीप आ रंग-बिरंगी विद्युतझालर सभ सं सजा देने छलाह। महिला सभ आंगन आ दरबज्जा पर आकर्षक रंगोली बनौलनि। सांझ होइतहि घर-घर मे माता लक्ष्मी, भगवान गणेश आ कुबेरक पूजा-अर्चना कय सुख-समृद्धिक कामना कयलगेल। पूजाक बाद लोक एक-दोसर कें मिठाइ खुआ कए शुभकामना देलनि। बच्चा आ युवा सभ आतिशबाजी आ पारंपरिक लुक्का-पाती खेलि पर्वक आनंद उठौलनि। ओम्हर, मनीगाछी प्रखंडक चनौर,नेहरा, मनीगाछी, कटमा, बहुअरबा आ उजान गाम मे कलश शोभायात्राक संग माता कालीक पूजा-अर्चना कयल जा रहल अछि। नेहरा, चनौर आ कटमा सहित विभिन्न गाम मे सांस्कृतिक कार्यक्रम आ रात्रिजागरणक आयोजन कयल गेल। श्रद्धालु सभ राति भरि भगवतीक आराधना मे लीन रहलाह। पूजाकदौरान शांति-व्यवस्था बनौने रखबाक लेल मनीगाछी, नेहरा आ बाजितपुर थानाध्यक्ष क्रमशः रंजीत कुमारसिंह, मोती कुमार आ मुकेश कुमार पुलिस बलक संग क्षेत्र मे गश्ती करैत रहलाह। विभिन्न पूजा स्थलसभ पर सेहो पुलिस बल तैनात कयल गेल छल। एहि अवसर पर विधायक राजेश कुमार उर्फ ईश्वर मंडल,पूर्व मंत्री ललित यादव आ लोजपा (आर) केर प्रदेश महासचिव प्रदीप ठाकुर क्षेत्र भ्रमण कय लोक सभकेदीपावली आ काली पूजाक शुभकामना देलनि। ओ सभ विभिन्न पूजा स्थल पर पहुंचि माता कालीक पूजा-अर्चना कय आशीर्वाद प्राप्त कयलनि। दुनू प्रखंड मे पर्व शांतिपूर्ण आ सौहार्दपूर्ण वातावरण मे संपन्न भेल।

तेजस्वी यादवक जन्मदिन पर अररिया मे राजद कार्यकर्ता काटलनि केक

अररिया, समदिया



राष्ट्रीय जनता दल (राजद) केर राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष आ बिहार विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादवक 37म जन्मदिन रविदिन अररिया जिला मुख्यालय मे उत्साह आ उल्लासक संग मनाओलगेल। एहि अवसर पर राजद परिवारक दिस सं आयोजित समारोह मे पार्टीक नेता आ कार्यकर्ता सभ केककाटि अपन प्रिय नेताक जन्मदिन मनौलनि। एक-दोसर कें केक खुआ कए खुशी साझा कयलनि। एहिदौरान सभगोटे तेजस्वी यादवक स्वस्थ जीवन, दीर्घायु आ उज्ज्वल भविष्यक कामना कयलनि। समारोह केंसंबोधित करैत राजदक निवर्तमान जिलाध्यक्ष डॉ. अविनाश आनंद कहलनि जे तेजस्वी प्रसाद यादवबिहारक लोकप्रिय युवा नेता आ जनआकांक्षाक सशक्त प्रतिनिधि छथि। युवा, किसान, मजदूर सहित समाजक विभिन्न वर्ग मे हुनका प्रति व्यापक विश्वास आ उम्मीद अछि। ओ कहलनि जे राजद परिवार, अररियाक दिस सं तेजस्वी यादव कें जन्मदिनक हार्दिक बधाई दैत हुनकर उज्ज्वल राजनीतिक भविष्यककामना कयल गेल अछि। डॉ. आनंद कहलनि जे बिहारक जनता कें आगामी समय मे तेजस्वी यादवकनेतृत्व मे मजबूत, स्थिर आ जनहितकारी सरकार बनेबाक उम्मीद अछि। एहन सरकार, जे बेरोजगारी,बदहाली आ विकास सं जुड़ल चुनौतीसभक समाधान करैत प्रदेशके विकास, समृद्धि आ नव संभावना दिसआगू बढ़ाओत। ओ कहलनि जे सामाजिक न्याय, जनकल्याण आ बिहारक सर्वांगीण विकासक राजनीति कें मजबूत करब राजदक प्राथमिकता अछि। एहि दिशा मे पार्टीक कार्यकर्ता पूरा प्रतिबद्धताक संग काजकरैत रहताह। समारोह मे उपस्थित राजद नेता, संगठनक पदाधिकारी आ कार्यकर्ता सभ तेजस्वी यादवकनेतृत्व मे बिहारक विकास आ सामाजिक न्याय केर लड़ाई कें आओर मजबूती सं आगू बढ़ेबाक संकल्पलेलनि। एहि अवसर पर मो. नसीम, कमाले हक, दीपशेखर जिम्मी, संतोष यादव, नन्हे प्रियदर्शी, शुभमकुमार, कुशफूद दोजा, विजेंद्र कुमार सहित पैघ संख्या मे राजद नेता आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

रोसड़ा मे धूमधाम सं मनाओल गेल काली पूजा, पट खुलिते उमड़ल श्रद्धालुक भीड़

रोसड़ा/समस्तीपुर, समदिया



रोसड़ा नगर परिषद क्षेत्रक गांधी चौक स्थित श्री राजराजेश्वरी वैष्णवी काली मंदिर सहित प्रखंड क्षेत्रकविभिन्न स्थान पर रविदिन राति श्रद्धा आ भक्तिभावक संग काली पूजाक आयोजन कयल गेल। एहिअवसर पर मंदिर आ पूजा स्थल सभके आकर्षक ढंग सं सजाओल गेल छल। विधि-विधानपूर्वक पूजा-अर्चनाक बाद माता कालीक प्रतिमाक पट खुलिते दर्शन लेल श्रद्धालुक भीड़ उमड़ि पड़ल। गांधी चौकस्थित श्री राजराजेश्वरी वैष्णवी काली मंदिर मे भोरहेर सं श्रद्धालुक पहुंचबाक सिलसिला शुरू भए गेल छल। पूजाक बाद पट खुलिते महिला आ पुरुष श्रद्धालु माता कालीक दर्शन कय परिवारक सुख-समृद्धि आ शांतिक कामना कयलनि। मंदिर परिसर मे दिनभरि भक्तिमय वातावरण बनल रहल। काली पूजा केंलए शहर आ ग्रामीण क्षेत्र मे कतेको स्थान पर भव्य पूजा पंडाल बनाओल गेल अछि। आकर्षक सजावटआ रंग-बिरंगी रोशनी सं पूजा स्थल जगमगा रहल अछि। विभिन्न स्थान पर माता कालीक प्रतिमास्थापित कय विशेष पूजा-अर्चना कयल गेल। किछु एहन मंदिर सेहो अछि, जतय माता कालीक प्रतिमास्थापित अछि आ सालो भरि श्रद्धालु पूजा-अर्चना करैत छथि।पूजा कें लए श्रद्धालु सभ मे विशेष उत्साह देखल गेल। सांझ होइतहि पूजा स्थल पर लोकक भीड़ बढ़य लागल। श्रद्धालुक निरंतर आवाजाही सं पूरा क्षेत्र मे धार्मिक उत्साह आ भक्तिमय वातावरण बनल रहल। देर राति धरि लोक माता कालीक दर्शन लेल पहुंचैत रहलाह।

सरायरंजन मे वित्तीय समावेशन शिविर, ग्रामीण सभ कें देल गेल बैंकिंग योजनाक जानकारी

सरायरंजन/समस्तीपुर, समदिया

बिहार ग्रामीण बैंकक खजूरी चौक शाखा दिस सं गंगसारा पंचायत मे आयोजित भेल शिविर



» साइबर ठगी आ फर्जी कॉल सं बचबाक बताओल गेल उपाय, 12 ग्रामीणक खोलल गेल बचत खाता

समस्तीपुर जिलाक सरायरंजन प्रखंड क्षेत्र मे वित्तीय साक्षरता आ डिजिटल बैंकिंग कें बढ़ावा देबाक लेल सोम कें विशेष वित्तीय समावेशन शिविर आयोजित कयल गेल। बिहार ग्रामीण बैंकक खजूरी चौक शाखाकदिस सं ग्राम पंचायत गंगसारा मे डिजिटल फाइनेंशियल सर्विसेज (डीएफएस) अंतर्गत एहि शिविरकआयोजन कयल गेल। एहि मे पैघ संख्या मे ग्रामीण आ बैंक उपभोक्ता भाग लेलनि। हुनका सभके केंद्रसरकारक विभिन्न जनकल्याणकारी योजना, सुरक्षित बैंकिंग आ डिजिटल लेन-देनक तरीका संबंध मेविस्तार सं जानकारी देल गेल। शिविर मे बिहार ग्रामीण बैंकक शाखा प्रबंधक प्रफुल्ल बासुकी मिश्रा आबैंक अधिकारी चंदन कुमार ग्रामीणसभके केंद्र सरकारक विभिन्न महत्वाकांक्षी योजना सं अवगतकरौलनि। अधिकारी सभ प्रधानमंत्री सुरक्षा बीमा योजना, प्रधानमंत्री जीवन ज्योति बीमा योजना, अटलपेंशन योजना आ प्रधानमंत्री जनधन योजनाक लाभ आ आवेदन प्रक्रियाक जानकारी देलनि। ओ ग्रामीण सभ सं अपील कयलनि जे निष्क्रिय पड़ल जनधन खातासभके शीघ्र फेर सं चालू कराबी। एकरसंग बैंक खाता मे ई-केवाईसी आ सी-केवाईसी प्रक्रिया अनिवार्य रूप सं पूरा करयबाक सलाह देलनि, जाहिसं सरकारी योजनाक लाभ भेटय मे कोनो बाधा नहि हो। डिजिटल माध्यम सं बढ़ैत ठगीक घटनाके देखैत बैंक अधिकारी ग्रामीणसभके विशेष रूप सं सतर्क कयलनि। ओ कहलनि जे अनजान व्यक्ति संग कहियो एटीएम पिन, सीवीवी नंबर, वन टाइम पासवर्ड (ओटीपी) अथवा मोबाइल बैंकिंगक पासवर्ड साझा नहि करी। एआइ आधारित फर्जी कॉल आ विभिन्न प्रकारक डिजिटल धोखाधड़ी सं सेहो सावधान रहबाक सलाह देलगेल। अधिकारी सभ कहलनि जे थोड़े सावधानी बरतला सं लोक अपन मेहनतक कमाइ सुरक्षित राखिसकैत छथि। कार्यक्रम मे क्यूआर स्कैनर, मोबाइल बैंकिंग आ डिजिटल भुगतानक लाभ सेहो बताओल गेल। अधिकारी सभ कहलनि जे डिजिटल लेन-देन सं समयक बचत होइत अछि आ आर्थिक व्यवहार मे पारदर्शिता बनल रहैत अछि। एकर संग बैंक सं लेल गेल ऋणक समय पर भुगतान करबाक आ एनपीए (नॉन परफॉर्मिंग एसेट) खाताके नियमित रखबाक महत्व बुझाओल गेल। समय पर ऋण चुकता केला संभविष्य मे ग्राहकसभके बैंक सं बेसी राशि ऋण लेबा मे सुविधा भए सकैत अछि। शिविरक दौरान उपस्थितग्रामीणसभके सीधा लाभ भेटलनि। एहि अवसर पर 12 नव ग्रामीणक बचत खाता खोलल गेल। कार्यक्रम मे ग्राहक सेवा केंद्रक संचालक अविनाश ठाकुर, जीविका सं जुड़ल धनराज पासवान, सुमित सिंह, बरेलालराय, उपमुखिया संतोष गुप्ता, कविता देवी, ललिता देवी सहित क्षेत्रक दर्जनों ग्रामीण आ गणमान्य लोकउपस्थित छलाह। एहि तरहक आयोजन सं ग्रामीण क्षेत्र मे बैंकिंग सेवा आ डिजिटल लेन-देनक प्रति जागरूकता बढ़यबाक प्रयास कयल जा रहल अछि।

तीन दिनक भीतर कर्मी सभक वेतन आ लंबित भुगतान सुनिश्चित करी : जिलाधिकारी

तकनीकी बाधा आ लंबित प्रक्रियाक अविलंब निराकरण करबाक निर्देश

सीतामढ़ी, समदिया



» छठि महापर्व सं पहिने सभ विभागक पदाधिकारी सभ कें भुगतान प्रक्रिया पूरा करबाक निर्देश

सरकारक निर्देशक आलोक मे जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक अध्यक्षता मे जिला एनआईसी सभागार मेसभ विभागक पदाधिकारीसभक संग महत्वपूर्ण बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे छठि महापर्व केंदेखैत सभ सरकारी कर्मीसभक वेतन भुगतान आ विभिन्न मद मे लंबित राशिक भुगतानक स्थितिसमीक्षा कयल गेल। जिलाधिकारी सभ विभागीय पदाधिकारी सभ कें स्पष्ट निर्देश देलनि जे अपन-अपनविभाग मे लंबित वेतन आ आन देय राशिक आकलन कय आगू तीन दिनक भीतर अनिवार्य रूप संभुगतान सुनिश्चित करथि। ओ कहलनि जे छठि महापर्वक अवसर पर कर्मी सभ कें कोनो तरहक आर्थिक कठिनाइक सामना नहि करय पड़य, एहि लेल वेतन आ अन्य लंबित देय राशि समय पर भुगतान करबप्रशासनक प्राथमिकता अछि। एहि काज मे कोनो तरहक अनावश्यक देरी अथवा लापरवाही बर्दाश्त नहिकयल जायत। जिलाधिकारी सभ पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे भुगतान सं संबंधित लंबित प्रक्रिया आ तकनीकी बाधासभक त्वरित निराकरण कय निर्धारित समय-सीमाक भीतर भुगतानक कारबाइ पूरा करथि। एकर संग भुगतानक दिशा मे कयल जा रहल कारबाइक नियमित निगरानी सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देलनि। बैसार मे विभिन्न विभागक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

छठि पर्व पर यात्रीसभक भीड़ कें देखैत रेलवे केलक विशेष तैयारी

स्टेशनक पुल पर यात्रीसभक बैसब आ अनावश्यक रूप सं ठाढ़ रहब प्रतिबंधित

समस्तीपुर, समदिया



» अतिरिक्त टिकट काउंटर, हेल्प बूथ आ व्हीलचेयरक व्यवस्था
» सीसीटीवी कैमरा आ आरपीएफ-जीआरपी जवान रखताह भीड़ पर नजरि

लोक आस्थाक महापर्व छठि कें देखैत रेलवे प्रशासन यात्रीसभक सुरक्षा आ सुविधाके लए विशेष सतर्कता बरत रहल अछि। दीपावलीक बाद परदेश सं घर घुरयवला लोक आ अन्य यात्रीसभक भारी भीड़ कें ध्यानमे रखैत पूर्व मध्य रेलक समस्तीपुर मंडल व्यापक कार्ययोजना लागू कयने अछि। मंडलक प्रमुख रेलवेस्टेशन सभ पर भीड़ नियंत्रण, सुरक्षा आ यातायात व्यवस्था सुचारु रखबाक लेल विशेष इंतजाम कयलगेल अछि। स्टेशन सभ पर अत्यधिक भीड़ नियंत्रित करबाक आ भगदड़क आशंका रोकबाक लेल रेलवेकिछु सख्त निर्देश जारी कयने अछि। एहि अंतर्गत फुट ओवर ब्रिज (एफओबी) पर यात्रीसभक बैसब आबिना कोनो प्रयोजन ठाढ़ रहब प्रतिबंधित कय देल गेल अछि। रेलवे सुरक्षा बल (आरपीएफ) आ राजकीय रेल पुलिस (जीआरपी) के जवान सभके लगातार निगरानी रखबाक निर्देश देल गेल अछि, जाहि संयात्रीसभक आवाजाही निर्बाध बनल रहय आ पुल पर जामक स्थिति नहि बनय। यात्रीसभक बढ़ैत संख्या कें देखैत टिकट काउंटर पर विशेष व्यवस्था कयल जा रहल अछि। स्टेशन सभ पर टिकट काउंटरक पर्याप्त संख्या मे कर्मचारी तैनात करबाक संग अतिरिक्त पीआरएस आ यूटीएस काउंटर उपलब्ध करयबाक निर्देश देल गेल अछि। एकरा अतिरिक्त मोबाइल पर यूटीएस टिकट सुविधा आ हेल्प बूथ सभक सुचारु संचालन सुनिश्चित कयल जा रहल अछि, जाहि सं यात्रीसभके टिकट लेब आ आवश्यक जानकारीप्राप्त करबा मे परेशानी नहि हो। प्रमुख स्टेशन सभ पर यात्रीसभके सही जानकारी आ सहायता देबाक लेल वाणिज्यिक कर्मचारीसभक तैनाती कय मे आई हेल्प यू काउंटर शुरू कयल गेल अछि। खानपान व्यवस्था कें नीक बनयबाक लेल जन आहार आ आवश्यकतानुसार जनता मील उपलब्ध करयबाक निर्देश देल गेलअछि। सामान्य श्रेणीक डिब्बा सभ मे सेहो खानपान सेवाके सुचारु रखबाक पर विशेष जोर देल गेल अछि। वरिष्ठ नागरिकसभक सुविधा लेल पर्याप्त संख्या मे व्हीलचेयर उपलब्ध कराओल गेल अछि। सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक लेल प्रमुख स्टेशन सभ पर भीड़ प्रबंधनक उद्देश्य सं अस्थायी सीसीटीवी कैमरा लगाओल गेल अछि। एहि कैमरा सभक माध्यम सं स्टेशन परिसर आ प्लेटफॉर्म पर निगरानी राखल जायत। एकरा अतिरिक्त छठि पर्वक दौरान रेलवे ट्रैकक आसपास स्थित घाट आ पोखरिक लग उचित बाड़बंदी करबाक निर्देश देल गेल अछि, जाहि सं ट्रेन परिचालनक दौरान कोनो दुर्घटनाक आशंका नहि रहयआ श्रद्धालु सुरक्षित रूप सं छठि पर्व मना सकथि।

दरभंगा आरएमएस आ आईसीएच कें मुजफ्फरपुर मे विलय करब उचित नहि : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

वर्तमान व्यवस्था बनल रखबाक लेल सांसद डाक विभागक उच्चाधिकारी सभ सं केलनि बात

दरभंगा, समदिया



दरभंगा राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर तेजी सं विकसित होइत महत्वपूर्ण केंद्र अछि। एहन परिस्थिति मे एतय संचालित रेलवे मेल सर्विस (आरएमएस) आ आईसीएच कें मुजफ्फरपुर मे विलय करब उचित नहि अछि। उक्त बात स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर रविदिनलहेरियासराय स्थित अपन संसदीय कार्यालय मे आरएमएस कर्मचारीसभक प्रतिनिधिमंडल सं मुलाकातक दौरान कहलनि। सांसद कहलनि जे दरभंगा मे दूटा विश्वविद्यालय, हवाई अड्डा, तारामंडल, आईटी पार्क,डीएमसीएच आ सुपरस्पेशियलिटी अस्पताल सन महत्वपूर्ण संस्थान संचालित अछि। ओतहि एम्स, इसरो केंद्र सहित कतेको महत्वपूर्ण परियोजना निर्माणाधीन अछि। एहन स्थिति मे दरभंगा मे आरएमएस केंद्रकउपयोगिता आओर बढ़ि गेल अछि। ओ बतौलनि जे डाक विभागक बिहार परिमंडल द्वारा 4 नवंबर 2026 कें जारी आदेश मे दरभंगा आरएमएस आ आईसीएच कें मुजफ्फरपुर मे विलय करबाक जानकारीभेटलनि। एहि संबंध मे ओ विभागक शीर्ष अधिकारी सभ सं बातचीत कय वर्तमान व्यवस्था बनल रखबाक अनुरोध कयलनि अछि। सांसद कहलनि जे एहि विलय सं स्थानीय डाक सेवा सभ आ कर्मचारी सभ कें व्यावहारिक कठिनाइयक सामना करय पड़ि सकैत अछि। जरूरत पड़लापर ओ केंद्रीय डाक एवंसंचार मंत्री सं सेहो भेंट करताह। ओ स्पष्ट कहलनि जे दरभंगा आरएमएस केंद्र एतहि रहत, जाहि सं आमलोकक सुविधा आ स्थानीय हित प्रभावित नहि हो।

दीपावलीक बाद झारखंडक शहर सभ मे वायु प्रदूषणक स्तर बढ़ल

रांची,समदिया

हजारीबागक एक्यूआई 336, धनबादक 325 रहल



दीपावलीक राति भेल आतिशबाजीक बाद झारखंडक कतेको शहरक हवा प्रभावित देखल जा रहल अछि। सोमदिन भोर राज्यक अलग-अलग शहर मे वायु प्रदूषणक स्तर बढ़ल दर्ज कयल गेल। सब सं खराब स्थिति हजारीबाग आ धनबादक रहल, जतय एयर क्वालिटी इंडेक्स (एक्यूआई) 300 पार पहुंचि गेल। ओतहि, राजधानी रांची मे सेहो हवा कें गुणवत्ता नीक नहि रहल। एक्यूआई डॉट इनक रियल टाइम एयर पॉल्यूशन डैशबोर्ड पर उपलब्ध आंकड़ा कें अनुसार, हजारीबागक एक्यूआई 336 दर्ज कयल गेल, जे बेहद खतरनाक श्रेणी मे अछि। धनबाद मे ई आंकड़ा 325 रहल। चितरंजन मे एक्यूआई 202, चक्रधरपुर मे 176, रांची मे 189 आ जमशेदपुर मे 150 दर्ज कयल गेल। हालांकि, चितरंजन पश्चिम बंगाल मे अछि, एहि लेल एकरा झारखंडक शहर सभक आंकड़ा सं अलग राखब जरूरी अछि। उपलब्ध आंकड़ा मे हजारीबाग आ धनबाद मे प्रदूषणक स्तर सब सं बेसी रहल। दुनू शहरक एक्यूआई 300 पार दर्ज कयल गेल। ओतहि, रांची कें एक्यूआई 189 रहल, जे अस्वास्थ्यकर श्रेणी मे अछि। जमशेदपुर मे एक्यूआई 150 आ चक्रधरपुर मे 176 दर्ज कयल गेल। राजधानी रांची मे प्रदूषणक प्रमुख कण सभक बात करी तं पीएम 2.5 कें स्तर 110 माइक्रोग्राम प्रति घन मीटर आ पीएम 10 कें स्तर 229 माइक्रोग्राम प्रति घन मीटर दर्ज कयल गेल। ओतहि, तापमान 21 डिग्री सेल्सियस आ हवा मे नमी 63 प्रतिशत रहल। भोरक समय शहरक कतेको इलाका मे कुहासा आ धुआं जेकां स्थिति सेहो देखल गेल। राज्यक पठारी आ ऊंचाई बला इलाका मे आन क्षेत्रक तुलना मे ठंडक असरि बेसी महसूस कयल जा रहल अछि। भोर आ सांझ तापमान कम रहबाक कारण लोक सभ कें ठंडक एहसास होमय लागल अछि। गुमला, लोहरदगा, पलामू, हजारीबाग आ रांची मे ठंडक असरि बढ़ि रहल अछि। खास कए गुमला मे तापमान मे लगातार गिरावट देखल जा रहल अछि। मौसिम विभागक पूर्वानुमानक अनुसार, नवंबरक दोसर सप्ताह मे झारखंडक मौसिम मे उतार-चढ़ाव जारी रहत। 9 नवंबर कें भोर मे हल्का कुहासा रहि सकैत अछि, जखनकि दिन मे आंशिक बादल छाओल रहत। उत्तर-पूर्वी जिला सभ मे हल्का बरखाक संभावना अछि। 10 नवंबर कें किछु इलाका मे बादल छाओल रहबाक संग गरज-चमक आ हल्की बरखा भए सकैत अछि। 11 नवंबर कें रांची मे भोर मे कुहासा आ दिन मे आंशिक बादल देखय लेल भेटि सकैत अछि। एकर बाद 12 नवंबर कें आकाश मुख्य रूप सं साफ रहबाक आ रौद निकलबाक अनुमान अछि। 13 नवंबर कें भोर मे हल्का कुहासाक बाद मौसिम साफ भए सकैत अछि। ओतहि, 14 नवंबर कें राज्यक अधिकांश हिस्सा मे आकाश साफ रहबाक संग मौसिम शुष्क रहबाक संभावना अछि। हवा मे प्रदूषणक कणक मौजूदगी कें देखैत बच्चा, बुजुर्ग आ सांस संबंधी परेशानी सं जूझि रहल लोक सभ कें विशेष सावधानी बरतबाक जरूरत अछि। भोरक समय बिना जरूरी काज बाहर निकलय सं बचू। ओतहि, वाहन चालक सभ कें कुहासा के दौरान सतर्क रहबाक चाही।

झारखंड फायर ब्रिगेड कें भेटत 397 गृह रक्षक, आइ सं प्रशिक्षण

» चालकक रिक्त पद पर नियमित बहाली होयबा धरि 1 वर्ष लेल होयत प्रतिनियुक्ति

झारखंड,समदिया



झारखंड अग्निशमन सेवा मे कर्मचारी आ चालक सभक कमी दूर करबाक लेल राज्यक 397 गृह रक्षक कें प्रतिनियुक्त कयल गेल अछि। एहि सभ जवान कें सोमदिन (9 नवंबर) सं दू सप्ताहक विशेष बुनियादी प्रशिक्षण देल जाएत। प्रशिक्षण पूरा होइते हुनका सभ कें अलग-अलग जिला कें अग्निशमन केंद्र पर तैनात कए देल जाएत। एहि संबंध मे झारखंड गृह रक्षा वाहिनी एवं अग्निशमन सेवा मुख्यालय शुक्रदिन आधिकारिक आदेश जारी कए देने अछि। मुख्यालय स्तर सं ई निर्देश रांची, पलामू, हजारीबाग आ दुमका प्रमंडलक जिला समादेष्टा सभ कें पठा देल गेल अछि। जारी आदेशक अनुसार, अग्निशमन सेवा मे अग्निक चालक (फायरमैन ड्राइवर) श्रेणीक रिक्त पद पर सीधा नियुक्तिक प्रक्रिया पूरा होयबा आ नवनियुक्त कर्मी सभक प्रशिक्षण संपन्न होयबा धरि ई वैकल्पिक व्यवस्था कयल गेल अछि। 99 महिला जवान सभ संभालतिह मोर्चाः विभाग द्वारा कयल गेल ई प्रतिनियुक्ति फिलहाल 1 वर्षक लेल प्रभावी रहत। चयनित 397 गृह रक्षकक दल मे 298 पुरुष आ 99 महिला गृह रक्षक शामिल छथि। अग्निशमन जेकां चुनौतीपूर्ण आ आपातकालीन विभाग मे 99 महिला जवानक प्रतिनियुक्ति कें महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि।

मांग पूरा नहि भेलापर शिक्षक करताह आंदोलन

पाकुड़,समदिया

तकर बाद रांची मे देताह धरना



» 186 मदरसा आ 12 संस्कृत विद्यालयक शिक्षक 25 नवंबर धरि करताह प्रतीक्षा

झारखंड प्रदेश मदरसा संस्कृत शिक्षक समन्वय समिति कें बैठक पाकुड़ मे भेल। शिक्षक सभ कहलनि जे 25 नवंबर 2026 धरि मांग सभ पर ठोस प्रगति नहि भेल तं ओ रांची मे राज्यव्यापी विरोध प्रदर्शन आ धरना देताह। बैठक अरकम पब्लिक स्कूल परिसर मे आयोजित भेल। बैठकक अध्यक्षता मदरसा टीचर्स यूनियन, पाकुड़क पूर्व अध्यक्ष बदरुद्दोजा कएलनि। एहि मे राज्यक 186 संबद्ध मदरसा आ 12 संस्कृत विद्यालयक शिक्षक शामिल भेलाह। समिति कें आमंत्रण पर लगभग सभ जिला सं शिक्षक पहुंचलाह आ अपन समस्या सभ पर चर्चा कएलनि। शिक्षक सभक चारि प्रमुख मांग अछि—2014क पेंशन अधिसूचना लागू करब, सातम वेतन आयोगक अनुसार वेतन देब, झारखंड मदरसा बोर्डक गठन करब आ 2023 सं लंबित आलिम आ फाजिलक परीक्षा करायब। शिक्षक सभक कहब अछि जे सरकार 2014 मे अधिसूचना संख्या 2020/2014क माध्यम सं मदरसा आ संस्कृत शिक्षक सभक लेल पेंशन मंजूर केने छल। बाद मे रघुवर सरकार एकरा रद्द कए देने छल। उच्च न्यायालय पेंशन रद्द करबाक निर्णय कें गलत बतबैत एकरा फेर बहाल करबाक आदेश देने छल, मुदा एखन धरि एहि आदेश पर अमल नहि भेल अछि। शिक्षक सभ कहलनि जे दोसर सरकारी आ सहायता प्राप्त संस्थान मे 2016 सं सातम वेतन आयोगक अनुसार वेतन भेटि रहल अछि। जखनकि मदरसा आ संस्कृत विद्यालयक शिक्षक एखनो छठम वेतन आयोगक अनुसार वेतन पाबि रहल छथि। शिक्षक सभ एकरा भेदभाव बतौलनि। हुनका सभक कहब अछि जे अल्पसंख्यक विद्यालय सभ कें पेंशन आ सातम वेतन आयोगक लाभ भेटि रहल अछि, जखनकि मदरसा आ संस्कृत विद्यालयक शिक्षक एहि लाभ सं वंचित छथि। सरकार निर्णय पर नहि कए रहल अछि अमलः मोहम्मद हामिद अल गाजी बैठक मे महासचिव मोहम्मद हामिद अल गाजी कहलनि जे हेमंत सरकार 2014 मे शिक्षक सभक लेल पेंशन मंजूर केने छल, मुदा आब अपनहि निर्णय पर अमल नहि कए रहल अछि। ओ कहलनि जे ई बुझबा मे नहि अबैत अछि जे शिक्षक सभ कें लगातार किएक परेशान कयल जा रहल अछि। ओ सवाल उठौलनि जे की ई अधिकारी सभक मनमानी अछि अथवा सरकारक शीर्ष नेतृत्व सेहो एहि मामिला मे गंभीर नहि अछि। बैठक मे अध्यक्ष सैयद फजलुल हुदा, प्रेम राज हांस जी, अलाउद्दीन साहब, मास्टर फिरोज साहब, उपाध्यक्ष गाजी सलाहुद्दीन, मुस्लिम साहब, जितेंद्र पांडे, कलाम साहब, अब्दुल्लाहिल बाकी, नूर आलम साहब, शाफिउर रहमान साहब आ आन पदाधिकारी सभ सेहो अपन विचार रखलनि। बैठक मे ऑल झारखंड मदरसा टीचर्स एसोसिएशनक अध्यक्ष यूनियनक पिछला एक वर्षक आय आ व्ययक विस्तृत रिपोर्ट प्रस्तुत कएलनि। उपस्थित लोक सभ रिपोर्ट पर संतोष व्यक्त कएलनि। अंत मे उपस्थित सभ गोटे संकल्प लेलनि जे 25 नवंबर धरि चारू मांग पर ठोस प्रगति नहि भेल तं ऑल झारखंड मदरसा टीचर्स एसोसिएशन, संस्कृत विद्यालय आ आन संबंधित शिक्षक सभक सहयोग सं लोकतांत्रिक आ कानूनी दायरा मे रहैत रांची मे राज्यव्यापी विरोध प्रदर्शन आ धरना देल जाएत।

झारखंड मे 66.92 लाख परिवार कें प्रत्येक मास भेटत एक किलो चना दालि

सरकार निकाललक टेंडर



रांची,समदिया

झारखंडक करीब 66.92 लाख राशन कार्डधारी परिवार कें हर मास 1 किलो चना दालि उपलब्ध करयबाक प्रक्रिया शुरू भए गेल अछि। खाद्य एवं उपभोक्ता मामिला निदेशालय वित्तीय वर्ष 2026-27 लेल चना दालक खरीद आ आपूर्ति कें संबंध मे ऑनलाइन निविदा जारी केने अछि। एहि अंतर्गत अप्रैल 2026 सं मार्च 2027 तक चना दालक आपूर्ति लेल आपूर्तिकर्ता सभक चयन कयल जाएत। सरकारी प्रावधानक अनुसार, राष्ट्रीय खाद्य सुरक्षा अधिनियम (एनएफएसए) आ झारखंड राज्य खाद्य सुरक्षा योजना (जेएसएफएसएस) कें पात्र लाभुक परिवार कें हर मास 1 किलो चना दालि देल जाएत। एहि मे प्राथमिकता प्राप्त परिवार (पीएचएच), अंत्योदय अन्न योजना (एएवाई) आ हरियर राशन कार्डधारी परिवार शामिल छथि। लाभुक सभ कें जन वितरण प्रणाली (पीडीएस) दोकानक माध्यम सं निर्धारित रियायती दर पर चना दालि उपलब्ध कराओल जाएत। उपलब्ध आंकड़ा कें अनुसार, झारखंड राज्य खाद्य सुरक्षा योजनाक अंतर्गत 5,87,567 परिवार पंजीकृत अछि। एहि परिवार मे कुल 18,54,015 सदस्य शामिल छथि। ओतहि, राष्ट्रीय खाद्य सुरक्षा अधिनियमक अंतर्गत राज्यक 61,05,156 परिवार राशनक लाभ उठा रहल अछि। एहि मे प्राथमिकता प्राप्त परिवारक संख्या 51,88,089 आ अंत्योदय अन्न योजनाक लाभुक परिवारक संख्या 9,17,067 अछि। दुनू योजना कें मिला कए करीब 66.92 लाख परिवार चना दालि वितरणक दायरा मे आओत। चना दालक आपूर्तिक लेल निविदा मे शामिल होमय बला इच्छुक आपूर्तिकर्ता सभ कें 12,82,75,200 रुपैयाक अर्नेस्ट मनी डिपॉजिट (ईएमडी) जमा करय पड़तनि। ई राशि झारखंड ई-प्रोक्योरमेंट पोर्टल पर ऑनलाइन माध्यम सं स्वीकार कयल जाएत। आपूर्तिकर्ता सभक चयन ई-टेंडरक बाद ई-रिवर्स ऑक्शन प्रक्रिया द्वारा कयल जाएत। निविदा लेल आवेदन आ जरूरी दस्तावेज जमा करबाक आखरी तिथि 23 नवंबर 2026 निर्धारित कयल गेल अछि। ओतहि, 25 नवंबर कें भोर 11 बजे तकनीकी रूप सं प्राप्त निविदा खोलल जाएत। चयनित आपूर्तिकर्ता सभक संग वित्तीय वर्ष 2026-27 लेल दर अनुबंध कयल जाएत।

चतरा मे पटाखा सं 12 सं बेसी लोक घायल

चतरा,समदिया

आतिशबाजीक दौरान भेल दुर्घटना,सभ घायल सभक सदर अस्पताल मे चलल इलाज



दीपावलीक खुशियालीक बीच आतिशबाजी कतेको परिवार लेल परेशानीक कारण बनि गेल। पटाखा छोड़बाक दौरान भेल दुर्घटना मे बच्चा सभ सहित एक दर्जन सं बेसी लोक घायल भए गेलाह। ककरो हाथ झुलसि गेल तं ककरो पैर आ शरीरक आन हिस्सा मे चोट आएल। जिला कें अलग-अलग थाना क्षेत्र सं घायल सभ कें इलाज लेल चतरा सदर अस्पताल पहुंचाओल गेल। अस्पताल मे घायल सभक संख्या बढ़ला सं देर राति धरि इलाज चलैत रहल। बताओल जाइत अछि जे कतेको जगह लोक लापरवाही सं पटाखा छोड़ि रहल छलाह। किछु लोक शराबक नशा मे आतिशबाजी कए रहल छलाह। ओतहि, कतेको अभिभावक छोट बच्चा सभक हाथ मे सेहो पटाखा दए देने छलाह। पटाखा जरयबाक दौरान बच्चा सभ दुर्घटनाक शिकार भए गेलाह। ककरो हाथ झुलसि गेल तं ककरो पटाखाक चिंगारी सं चोट लागल। दुर्घटनाक बाद परिजन आनन-फानन मे घायल सभ कें लए अस्पताल पहुंचलाह। दीपावलीक राति अस्पताल मे बच्चा सभक संख्या बेसी रहल।

सदर अस्पताल मे सभ घायल सभक इलाजः घायल सभक इलाज लेल सदर अस्पताल मे डॉक्टर सभक टीम सक्रिय रहल। ड्यूटी पर तैनात डॉ. अजहर बतौलनि जे दीपावलीक आतिशबाजीक दौरान कतेको बच्चा आ पैघ लोक घायल भए कए अस्पताल पहुंचल छथि। ककरो हाथ जरल अछि तं ककरो पैर आ शरीरक आन हिस्सा मे चोट आएल अछि। सभ घायल सभक अस्पताल मे इलाज कयल जा रहल अछि। ओ बतौलनि जे एखन अधिकांश घायल सभक स्थिति नियंत्रण मे अछि। ककरो नीक इलाज लेल बाहर रेफर करबाक आवश्यकता नहि पड़ल अछि। डॉक्टर सभक निगरानी मे घायल सभक उपचार जारी अछि। स्थिति मे सुधार भेलाक बाद रोगी सभ कें घर पठाओल जाएत। डॉ. अजहर लोक सभ सं आतिशबाजीक दौरान विशेष सावधानी बरतबाक अपील कएलनि। ओ कहलनि जे पटाखा छोड़ैत समय कनेक लापरवाही सेहो गंभीर दुर्घटनाक कारण बनि सकैत अछि। अभिभावक सभ कें चाही जे छोट बच्चा सभ कें पटाखा कदापि नहि देथि आ हुनका आतिशबाजी सं दूर राखथि। जं पैघ लोक पटाखा छोड़ैत छथि तं बच्चा सभ कें सुरक्षित दूरी पर राखथि।

मेगा लिफ्ट सिंचाइ योजना कें मंजूरी, सरायकेला-खरसावां के कुकड़ू-नीमडीहक खेत धरि पहुंचत चांडिल डैमक पानि

सरायकेला-खरसावां,समदिया



जिलाक नीमडीह आ कुकड़ू प्रखंडक किसान सभक बरखौं पुरान मांग पूरा होयबाक दिशा मे कदम बढ़ल अछि। राज्य सरकार चांडिल जलाशय सं पानि लिफ्ट कए खेत धर पहुंचय बला 'नीमडीह-कुकड़ू मेगा लिफ्ट सिंचाइ योजना' लेल 607.0332 करोड़ रुपैयाक प्रशासनिक स्वीकृति दए देने अछि। एहि परियोजना सं 14 पंचायतक 9336 हेक्टेयर कृषि भूमि मे सिंचाइ सुविधा उपलब्ध होयत आ क्षेत्रक हजारो किसान कें सीधा लाभ भेटत। चांडिल जलाशय लग रहबाक बावजूद नीमडीह आ कुकड़ू प्रखंड मे खेती एखन धरि बरखा पर निर्भर छल। नियमित सिंचाइ सुविधाक अभाव मे किसान मात्र खरीफ मौसिम मे धानक खेती तक सीमित रहैत छलाह। बरखा नहि होयला वा कम होयला पर फसल नोकसानक आशंका बनल रहैत छल। आब मेगा लिफ्ट योजनाक अंतर्गत जलाशय सं पानि पंप कए भूमिगत पाइपलाइन आ वितरण नेटवर्कक माध्यम सं खेत धर पहुंचाओल जाएत।

प्रशासनिक स्वीकृति भेटिते योजना कें धरातल पर उतारबाक प्रक्रिया शुरू भए गेल अछि। शीघ्र एकर टेंडर जारी कयल जाएत। निर्माण एजेंसीक चयन होइते जनवरी-फरवरी धरि निर्माण काज शुरू होयबाक संभावना अछि। सिंचाइ व्यवस्था दुरुस्त भेलाक बाद किसान धानक अतिरिक्त रबी मौसिम मे गेहूं, दलहन, तिलहन आ हरियर सब्जीक भरपूर उपज कए सकताह। साल मे दू वा तीन फसल लेबाक अवसर भेटला सं किसानक उत्पादकता बढ़त, फसलक जोखिम घटत आ ग्रामीण अर्थव्यवस्था कें नव गति भेटत।

धानक बाद आब रबी आ सब्जीक सेहो होयत भरपूर उपजः वर्तमान हेमंत सरकारक सोच अछि जे लंबा आ पैघ सिंचाइ योजना पूरा होयबा मे बेसी समय लगैत अछि। किसान धर शीघ्र सिंचाइ सुविधा पहुंचयबाक लेल लिफ्ट इरिगेशन योजना बेसी कारगर होयत। एहि लेल अधिकांश डैम आ नदी सं पानि लिफ्ट कए खेत धर पहुंचयबाक योजना बनाओल जा रहल अछि। ई व्यवस्था मात्र बेसी कारगर साबित नहि होइत अछि, बल्कि निर्धारित समय-सीमा मे योजना पूरा करब सेहो संभव होइत अछि। चांडिल जलाशयक निर्माणक बावजूद आसपासक कतेको कृषि क्षेत्र धर नियमित सिंचाइ लेल पानि नहि पहुंच पबैत अछि। नीमडीह आ कुकड़ू प्रखंड मे खेतीक पैघ हिस्सा मानसून पर निर्भर अछि। बरखा कम होयला वा समय पर नहि होयला सं किसान कें फसल नोकसानक जोखिम उठाबय पड़ैत अछि। सिंचाइ सुविधाक अभाव मे किसान मुख्य रूप सं खरीफ मौसिमक खेती तक सीमित रहि जाइत छथि। 9336 हेक्टेयर भूमि पर सालो भरि पानि उपलब्ध रहत। किसान सभ कें खेती लेल आब मात्र बरखा पर निर्भर नहि रहय पड़त। ओ रबी, दलहन आ सब्जीक खेतीक तैयारी कए सकताह। जमीन अधिग्रहणक पैघ बाधा बिना भूमिगत पाइपलाइनक माध्यम सं पानि सीधे खेत धर पहुंचत। किसान साल मे एक फसलक बदला दू वा तीन फसल लए सकताह। एहि सं हुनकर आमदनी आ ग्रामीण रोजगार मे बढ़ोतरी होयत।

2-3 मास मे काज शुरू कयल जाएतः योजनाक मंजूरी भेटि गेल अछि। बहुत जल्दि आन जरूरी प्रक्रिया पूरा कए अगिला दू सं तीन मास मे एकर काज शुरू कए देल जाएत। एहि सं कम समय मे खेत धर पानि पहुंचि सकत।

— हफीजुल हसन, मंत्री, जल संसाधनः जल संसाधन विभाग शीघ्र टेंडर आमंत्रित करत। एजेंसीक चयन पूरा होइते जनवरी-फरवरीक दौरान पंपिंग स्टेशन आ पाइपलाइन बिछयबाक काज शुरू होयत। किसान सभ कें मानसूनक अनिश्चितता सं मुक्ति भेटत आ ओ बहुफसली खेती अपना सकताह। फसल बर्बाद होयबाक जोखिम घटत, उपज बढ़त आ स्थानीय कृषि बाजार मे कारोबार तेज होयत। सालो भरि खेती होयला सं कृषि आधारित स्थानीय रोजगारक अवसर सेहो बढ़त।

धानक संग रबी, दलहन आ सब्जीक खेतीक रास्ता खुजतः परियोजना पूरा भेलाक बाद सिंचाइ सुविधा भेटला सं किसान सभ कें खेती लेल मात्र मानसून पर निर्भर नहि रहय पड़त। खरीफ मौसिम मे धानक खेतीक अतिरिक्त रबी मौसिम मे गेहूं, दलहन, तिलहन आ सब्जीक खेतीक संभावना बढ़त। खेत मे जरूरतक अनुसार पानि उपलब्ध रहला सं फसलक उत्पादकता बढ़य आ नोकसान घटय मे मदद भेटत। किसान एक मौसिमक बदला साल मे दू वा बेसी फसल लेबाक दिशा मे आगू बढ़ि सकताह। एहि सं कृषि आधारित रोजगार, स्थानीय बाजार आ ग्रामीण अर्थव्यवस्था कें सेहो मजबूती भेटबाक उम्मीद अछि।

महादलित टोल मे ग्रामीण सभक संग डीएम मनौलनि दीपावली

बच्चा सभ कें बांटलनि मिठाइ आ पटाखा, सड़क, पेयजल आ शिक्षा संबंधी समस्या सुनलनि

बांका, समदिया

बांका के डीएम अंशुल अग्रवाल अमरपुर प्रखंडक सलेमपुर पंचायतक खेमीचक महादलित टोला मे ग्रामीण सभक संग दीपावली मनौलनि। एहि अवसर पर जिला प्रशासनक कतेको वरिष्ठ अधिकारी आ कर्मचारी सेहो उपस्थित छलाह।

डीएम बच्चा सभ कें मिठाइ आ पटाखा बांटलनि। ओ ग्रामीण सभ कें दीपावलीक शुभकामना देलनि आ डॉ. भीमराव आंबेडकरक प्रतिमा आ तैलचित्र पर माल्यार्पण कएलनि।

सरकारी योजना सं जुड़ल समस्या बतौलनि

डीएम ग्रामीण सभक संग बैसि टोला मे उपलब्ध सुविधा सभक संबंध मे बातचीत कएलनि। ग्रामीण सभ सड़क, पेयजल, शिक्षा आ सरकारी योजना सभ सं जुड़ल समस्या आ जरूरत सभक जानकारी



देलनि। डीएम संबंधित अधिकारी सभ कें जरूरी निर्देश देलनि आ समस्या सभक शीघ्र समाधान करयबाक भरोसा देलनि।

प्रशासन आ आम लोकक बीच विश्वास

डीएम कहलनि जे समाजक आखरी पायदान पर ठाढ़ लोक सभ तक विकास आ खुशहाली पहुंचायब जिला प्रशासनक उद्देश्य अछि। ओ कहलनि जे एहन आयोजन सभ सं प्रशासन आ आम लोकक बीच विश्वासक संबंध मजबूत होइत अछि।

ओ दीपावली आ छठक दौरान बच्चा सभक सुरक्षा पर ध्यान रखबाक अपील कएलनि। डीएम अभिभावक सभ सं कहलनि जे पटाखा छोड़ैत समय बच्चा सभ कें एकसर नहि छोड़थि आ ज्वलनशील वस्तु सभ सं दूर राखथि।

जलाशय सभ पर बच्चा सभक विशेष निगरानी रखबाक सलाह

ओ छठि पर्वक दौरान घाट आ जलाशय सभ पर बच्चा सभक विशेष निगरानी रखबाक तथा हुनका पानिक नजदीक एकसर नहि जेबाक देबाक अपील कएलनि। डीएम जिलावासी सभ सं दुनू पर्व कें शांतिपूर्ण, सौहार्दपूर्ण आ सुरक्षित माहौल मे मनयबाक आग्रह कएलनि। एहि आयोजनक माध्यम सं जिला प्रशासन सामाजिक समानता, समरसता आ प्रशासन तथा आम जनता कें बीच नीक संवादक संदेश देलक।

शेखपुरा-छठि घाट सभ पर पुलिस आ दंडाधिकारी रहताह तैनात

गहींर पानि बला जगह पर बैरिकेडिंग आ लाल कपड़ा लगेबाक निर्देश

शेखपुरा, समदिया

छठि पूजा कें लए तैयारीक जायजा लेबाक लेल अनुमंडल पदाधिकारी प्रियंका कुमारी आ अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी राकेश कुमार अरियरी प्रखंडक हुसैनाबाद-कोरियारी नदी घाट आ इटहरा छठि घाटक निरीक्षण कएलनि।

अधिकारी सभ घाट सभक स्थिति, पानिक गहराइ, श्रद्धालु सभक सुरक्षा आ आवागमनक व्यवस्थाक जायजा लेलनि।

गहींर पानि बला घाट पर होयत बैरिकेडिंग

निरीक्षणक दौरान अधिकारी सभ गहींर पानि आ संभावित खतरनाक स्थान पर बैरिकेडिंग करयबाक निर्देश अंचल अधिकारी कें देलनि। खतरनाक स्थान सभक पहचान करबाक लेल लाल कपड़ा लगयबाक निर्देश सेहो देलनि, जाहि सं श्रद्धालु सतर्क रहथि।

अर्घ्यक समय मुख्य मार्ग पर लगत ड्रॉप गेट

स्थानीय जनप्रतिनिधि सभक



मांग पर अर्घ्यक समय मुख्य मार्ग पर ड्रॉप गेट लगयबाक निर्देश देल गेल। एहि सं भीड़ आ वाहनक आवाजाही नियंत्रित कयल जा सकत। ग्रामीण सभ कें जरूरतक अनुसार आवागमनक सुविधा देबाक निर्देश सेहो देल गेल।

घाट सभ पर पुलिस आ दंडाधिकारी रहताह तैनात

एसडीएम घाट सभ पर पर्याप्त सुरक्षा व्यवस्था करबाक, पुलिस बल आ दंडाधिकारी सभक तैनाती करबाक तथा चिकित्सा आ आपातकालीन सुविधा उपलब्ध करयबाक निर्देश देलनि। ओ सभ तैयारी समय पर पूरा करबाक आ संवेदनशील घाट सभ पर विशेष सतर्कता बरतबाक लेल कहलनि।

श्रद्धालु सभक सुरक्षा पर प्रशासनक नजरि

एसडीएम प्रियंका कुमारी कहलनि जे छठक दौरान श्रद्धालु सभक सुरक्षा, सुविधा आ आवागमनक व्यवस्था पर जिला प्रशासन लगातार नजरि रखने अछि। ओ श्रद्धालु सभ सं प्रशासनक सुरक्षा निर्देश सभक पालन करबाक अपील कएलनि।

भागलपुर मे पटाखाक लुत्ती सं मकान मे लागल आगि, पार्किंग मे राखल एसी आ फ्रिज जरल



भागलपुर, समदिया

आदमपुर पोस्ट ऑफिसक सामने रवि राति पटाखा सं निकलल चिंगारीक कारण एकटा मकान मे आगि लागि गेल। आगिक चपेट मे आबि पार्किंग मे राखल एसी आ फ्रिज जरि कए क्षतिग्रस्त भए गेल। ई मकान मुकेश कुमार सिंहक अछि। घटनाक बाद इलाका मे किछु देर लेल अफरा-तफरी मचि गेल।

भेटल जानकारीक अनुसार, पटाखा सं निकलल चिंगारी मकानक पार्किंग मे खसि पड़ल, जाहि के बाद ओतय आगि लागि गेल। आगिक लपट उठैत देखि अग्निशमन विभाग कें सूचना देल गेल। सूचना भेटिते दमकल टीम सक्रिय भए गेल आ करीब 10 मिनटक भीतर घटनास्थल पर पहुंचि गेल। दमकलकर्मी सभ आगि बुझेबाक काज शुरू कएलनि आ आगि पर काबू पा लेलनि।

आगिक चपेट मे एबाक कारण मकानक एकटा कोठरी मे राखल एसी आ फ्रिज जरि गेल। हालांकि, दमकल टीम समय पर पहुंचि आगि कें पसरय सं रोकि लेलनि। एहि घटना मे ककरो हताहत होयबाक सूचना नहि अछि। पटाखाक चिंगारी सं आगि लगलाक बाद आसपासक लोक सेहो सतर्क भए गेलाह।

नवादा मे 12 नवंबर कें लागत रोजगार कैंप, 75 पद पर होयत बहाली

10म सं स्नातक धरिक अभ्यर्थी कए सकताह आवेदन

नवादा, समदिया

नवादा मे 12 नवंबर 2026 कें रोजगार कैंप आयोजित कयल जायत। युवा, रोजगार एवं कौशल विकास विभाग, बिहार, पटना के निर्देश पर जिला नियोजनालय-सह-मॉडल कैरियर सेंटर एकर आयोजन करत।

ई कैंप संयुक्त श्रम भवन (सरकारी आईटीआई), नवादा मे भोर 10:30 बजे सं सांझ 4 बजे तक चलत। जिला नियोजन पदाधिकारी सुनील कुमार सुमन एहि जानकारी देलनि।

75 पद पर महिला आ पुरुष अभ्यर्थी सभक होयत चयन

एक्सपर्ट मैनपावर सर्विसेज, पटना हेल्पर, मशीन ऑपरेटर आ टेलीकॉलरक कुल 75 पद पर महिला आ पुरुष अभ्यर्थी सभक चयन करत। एहि पद सभ लेल न्यूनतम योग्यता 10वीं, 12वीं, आईटीआई अथवा स्नातक राखल गेल अछि।

अभ्यर्थीक उम्र 18 सं 35 वर्षक बीच होयबाक चाही



चयनित अभ्यर्थी सभ कें हर मास 10 हजार सं 28 हजार रुपैया तक वेतन भेटत। एकर संगहि पीएफ, ईएसआईसी आ ओवरटाइमक सुविधा देल जायत। महिला टेलीकॉलर लेल कार्यस्थल बिहारक सभ जिला होयत।

हेल्पर आ मशीन ऑपरेटरक पद पर चयनित अभ्यर्थी सभ कें अहमदाबाद, गुजरात मे काज करय पड़तनि।

कैंप मे शामिल होय बला अभ्यर्थी अपन शैक्षणिक प्रमाणपत्र आ पहचानपत्रक छायाप्रति, रंगीन फोटो आ बायोडाटा संग अनथि।

एनसीएस पोर्टल पर रजिस्ट्रेशन जरूरी

कैंप मे भाग लेबाक लेल रोजगार सेतु पोर्टल, बिहार आ एनसीएस पोर्टल पर रजिस्ट्रेशन करेनाइ जरूरी अछि। जिनका एखन धरि रजिस्ट्रेशन नहि भेलनि, ओ ऑनलाइन अथवा जिला नियोजनालय, नवादा जा कए रजिस्ट्रेशन करा सकैत छथि।

सुनील कुमार सुमन बतौलनि जे निजी कंपनी अभ्यर्थी सभक चयन करत। नौकरी सं जुड़ल शर्त आ जिम्मेदारी लेल कंपनी जवाबदेह रहत। जिला नियोजनालय कंपनी आ अभ्यर्थी सभक बीच सुविधा उपलब्ध करयबाक काज करत।

निर्मली मे सात दिवसीय काली पूजनोत्सव शुरू

गाजा-बाजा संग निकलल कलश यात्रा, 201 कन्या भेली शामिल



निर्मली, समदिया

निर्मलीक पैघ दुर्गा मंदिर परिसर मे सात दिवसीय काली पूजनोत्सव शुरू भेल। रविदिन 201 कन्या कलश यात्रा निकाललनि। यात्रा गाजे-बाजे संग पूजा स्थल सं शुरू भेल। एहि दौरान जय मां कालीक जयकारा लगाओल गेल। यात्रा महावीर चौक, आलू गद्दी रोड, भगत सिंह चौक आ स्टेशन रोड होइत तिलयुंगा नदी पहुंचल।

कन्या सभ नदी सं कलश मे पानि भरलनि आ फेर पूजा स्थल पर पहुंचली। ओतय पंडित सभ कलशक पूजा कएलनि। एकर बाद काली पूजनोत्सव शुरू भेल आ कन्या सभ कें भोजन कराओल गेल।

पूजा समिति के अनुसार, पूजा स्थल पर पंडाल बनाओल गेल अछि। ओतय मां कालीक सहित अन्य देवी-देवता सभक प्रतिमा स्थापित कयल गेल अछि।

विविध

स्वच्छ स्पेस मिशनः अंतरिक्षक कचरा कोना साफ करत भारत, की अछि स्वच्छ स्पेस मिशन 2030?

भारत सरकार स्वच्छ स्पेस मिशन शुरू केने अछि। एहि अभियानक अंतर्गत वर्ष 2030 तक अंतरिक्ष मे बड़का पैमाना पर मौजूद कचरा कें कम करबाक आ मलबा मुक्त अंतरिक्ष बनयबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एहि पहल कें डेब्रिस फ्री स्पेस मिशन कहल जाइत अछि। एकर घोषणा वर्ष 2024 मे कयल गेल छल। एकर मुख्य उद्देश्य अंतरिक्ष मे मौजूद पुरान कचरा कें एके बेर मे साफ करब मात्र नहि, बल्कि भारतीय सरकारी आ निजी अंतरिक्ष गतिविधि सभक कारण नव मलबा पैदा होयब रोकब सेहो अछि। आउ, एहि बहाने बुझैत छी जे आखिर भारतक स्वच्छ स्पेस मिशन की अछि? अंतरिक्ष मे कतेक कचरा मौजूद अछि आ भारत एकरा कोना साफ करत? दुनिया भरिक अंतरिक्ष एजेंसी सभ एहि काज मे कोना मदद करत?

वास्तव मे अंतरिक्ष मानव जीवन आ पर्यावरण लेल बहुत महत्वपूर्ण अछि। एतहि सं मौसिम, संचार, दिशा आ आपदा प्रबंधन सं जुड़ल जरूरी जानकारी भेटैत अछि। मुदा पृथ्वीक कक्षा मे मनुष्य द्वारा बनाओल गेल उपग्रह आ



रॉकेटक पुरान हिस्सा सेहो घूमि रहल अछि। एकरा अंतरिक्ष मलबा अथवा स्पेस डेब्रिस कहल जाइत अछि। ई मलबा सक्रिय उपग्रह आ अंतरिक्ष यात्री सभ लेल खतरा बनि सकैत अछि। एहि लेल एकर सफाइ ओतबे जरूरी अछि, जतेक नव उपग्रह कें अंतरिक्ष तक पहुंचायब।

अंतरिक्ष मे कचराक सटीक संख्या बतायब आसान नहि अछि। पैघ टुकड़ा सभ कें दूरबीन आ रडारक मदद सं देखल आ दर्ज कयल जा सकैत अछि। मुदा बहुत छोट कण सभक लगातार पहचान करब कठिन होइत अछि। उपलब्ध अनुमानक अनुसार पृथ्वीक कक्षा मे 10 करोड़ सं बेसी मानव निर्मित मलबाक टुकड़ा रहि सकैत अछि। एहि मे बेसीतर टुकड़ा बहुत छोट अछि, मुदा ओकर संख्या बहुत बेसी अछि। एहि मे बेसीतर कें नियमित रूप सं ट्रैक करब संभव नहि होइत अछि।

भारत सं जुड़ल ट्रैक कयल जा सकय बला मलबाक संबंध मे सरकार मार्च 2026 मे जानकारी देने छल। ओहि समय कक्षा मे भारतीय अंतरिक्ष अभियान सं जुड़ल 129 मलबाक टुकड़ा दर्ज छल। एहि मे निष्क्रिय उपग्रह, रॉकेटक बचल हिस्सा आ एकटा पुरान रॉकेट टूटबाक कारण बनल टुकड़ा शामिल छल। इसरो भारतीय अंतरिक्ष गतिविधिक आकलन करबाक लेल हर साल रिपोर्ट सेहो जारी करैत अछि।

कक्षा मे घूमय बला वस्तु बहुत तेज गति सं चलैत अछि। एहन स्थिति मे छोट टुकड़ा सेहो कोनो उपग्रहक सतह, सोलर पैनल अथवा दोसर उपकरण कें नोकसान पहुंचा सकैत अछि। कोनो पैघ टुकड़ा सं टक्कर भेला सं ओ टूटि कए कतेको छोट टुकड़ा बना सकैत अछि। एहि सं आगू आओर टक्कर होयबाक आशंका बढ़ि जाइत अछि। प्रत्येक टक्कर अंतरिक्ष मे मलबा बढ़ा सकैत अछि। एहि लेल समस्या मात्र पुरान रॉकेट अथवा बंद पड़ल उपग्रह सभक नहि अछि। नव अभियान कें एहन तरीका सं तैयार करब सेहो जरूरी अछि, जाहि सं काज पूरा भेलाक बाद ओ कक्षा मे बहुत दिन धरि बेकार नहि घूमैत रहय।

भारतक लक्ष्य 2030 तक सरकारी आ निजी क्षेत्रक भारतीय अंतरिक्ष अभियान सभक कारण नव मलबा पैदा होयब रोकब अछि। इसरो योजना मे मिशनक डिजाइन सं लए कए ओकरा समाप्त होयबाक बाद तक मलबा कें ध्यान मे रखबाक बात शामिल अछि। उपग्रह आ रॉकेट एहन बनाओल जाए, जाहि सं ओकर हिस्सा अनियंत्रित तरीका सं नहि टूटय। मिशनक कक्षा आ उड़ानक योजना बनबैत समय टक्करक जोखिम पर विचार कयल जाए।

भारत ईहो कहने अछि जे अंतरिक्ष यान आ रॉकेटक मिशन पूरा भेलाक बाद ओकर सुरक्षित निपटाराक योजना पहिनहि तैयार रहबाक चाही। इसरोक दिशा-निर्देश मे मिशन समाप्त भेलाक बाद संबंधित यान अथवा रॉकेटक हिस्सा कें कक्षा सं हटेबा पर जोर देल गेल अछि। नासा के अनुसार अंतरिक्ष मे कचराक 27,000 टुकड़ा 25,266 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं तैरि रहल अछि।

एकर एकटा तरीका ई अछि जे मिशन पूरा भेलाक बाद उपग्रह कें ओकर कक्षा सं नीचां आनल जाए। कम ऊंचाई पर अयलाक बाद ओ पृथ्वीक वायुमंडल मे प्रवेश कए सकैत अछि आ ओकर हिस्सा घर्षणक कारण जरि सकैत अछि। एहि प्रक्रिया कें डी-ऑर्बिट करब कहल जाइत अछि। एहि काज लेल उपग्रह लग पर्याप्त ईंधन होयब जरूरी अछि।

क्रीम हो वा मॉइश्चराइजर, एहि मे अल्कोहल किएक मिलाओल जाइत अछि, की अछि एकर विज्ञान?

क्रीम, मॉइश्चराइजर, सनस्क्रीन आ फेसवॉश जेकां त्वचा संबंधी उत्पाद सभक सामग्री सूची मे अल्कोहल नाम देखाइ पड़ैत अछि। बहुतो लोक मानैत छथि जे अल्कोहल त्वचा लेल नुकसानदायक होइत अछि। मुदा ई पूरा सच नहि अछि। कॉस्मेटिक उत्पाद मे अल्कोहल मिलयबाक पाछां कतेको वैज्ञानिक कारण होइत अछि। क्रीम कें हल्का आ आसानी सं लगय बला बनेबा मे अल्कोहल महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। किछु प्रकारक अल्कोहल क्रीम कें त्वचा पर आसानी सं पसारय मे मदद करैत अछि। एकर उपयोग सं क्रीम बहुत चिपचिपा नहि रहैत अछि आ त्वचा पर हल्का अनुभव होइत अछि। इथेनॉल आ आइसोप्रोपाइल अल्कोहल जेकां अल्कोहल त्वचा के ऊपरी परत मे किछु सक्रिय सामग्रीक प्रवेश बढ़ा सकैत अछि। एहि कारण कतेको स्किन केयर उत्पाद मे एकर उपयोग होइत अछि। किछु अल्कोहल उत्पाद मे संरक्षक (ढ१ीरी१५ंइ५ी) केर रूप मे सेहो काज करैत अछि। ई बैक्टीरिया आ फंगसक वृद्धि रोकबा मे मदद कए सकैत अछि। मुदा सभ अल्कोहल संरक्षकक काज नहि करैत अछि।

सेटिल अल्कोहल, स्टीरिल अल्कोहल आ सेटेरिल अल्कोहल



जेकां फैटी अल्कोहल क्रीम के गाढ़ बनबैत अछि। ई क्रीम मे तेल आ पानि कें एक संग मिलल रखबा मे मदद करैत अछि। एहि सं क्रीमक बनावट बेहतर होइत अछि आ त्वचा मुलायम रहैत अछि। फैटी अल्कोहल त्वचा के प्राकृतिक सुरक्षा परत कें मजबूत रखबा आ नमी बनौने रखबा मे सेहो मदद करैत अछि। एहि कारण मॉइश्चराइजर मे एकर उपयोग कयल जाइत अछि।

मुदा की सभ प्रकारक अल्कोहल त्वचा लेल नुकसानदायक अछि? एकर जवाब अछि नहि। कॉस्मेटिक उत्पाद मे उपयोग होय बला अल्कोहल मुख्य रूप सं दू प्रकारक होइत अछि। पहिल अछि ड्राइंग अल्कोहल, जाहि मे इथेनॉल, डिनैचर्ड अल्कोहल आ आइसोप्रोपाइल अल्कोहल शामिल अछि। बेसी मात्रा मे अथवा बेर-बेर उपयोग केला पर ई त्वचा के रूखा बना सकैत अछि आ संवेदनशील त्वचा मे जलन पैदा कए सकैत अछि।

दोसर प्रकार अछि फैटी अल्कोहल, जाहि मे सेटिल अल्कोहल, स्टीरिल अल्कोहल आ सेटेरिल अल्कोहल शामिल अछि। ई सामान्यतः त्वचा लेल सुरक्षित मानल जाइत अछि आ त्वचा के मुलायम बनबैत अछि।

संवेदनशील अथवा रूखा त्वचा बला लोक कें बेसी ड्राइंग अल्कोहल युक्त उत्पादक उपयोग करबा मे सावधानी रखबाक चाही। उत्पाद खरीदैत समय ओकर सामग्री सूची जरूर देखबाक चाही। सेटिल, स्टीरिल आ सेटेरिल अल्कोहल देखला पर घबरयबाक जरूरत नहि अछि। कोनो उत्पाद लगेलाक बाद जलन, खुजली अथवा लालिमा होइत अछि त ओकर उपयोग बंद कए देबाक चाही। वास्तव मे क्रीम आ मॉइश्चराइजर मे अल्कोहल मिलयबाक उद्देश्य मात्र त्वचा के सुखेनाइ नहि अछि। किछु अल्कोहल उत्पाद के हल्का, मुलायम आ स्थिर बनबैत अछि, जखनकि फैटी अल्कोहल त्वचा मे नमी बनौने रखबा मे मदद करैत अछि। एहि लेल उत्पाद मे कोन प्रकारक अल्कोहल अछि, ई बुझब बेसी जरूरी अछि।

नेतन्याहू नहि, गादी आइजेनकोट कें भेटल नव सरकार बनेबाक निमंत्रण







तेल अवीव, एजेंसी

इस्राइल मे 27 अक्टूबर कें भेल आम चुनाव मे ने वर्तमान प्रधानमंत्री बिन्यामिन नेतन्याहूक नेतृत्वबला गठबंधन बहुमत प्राप्त कए सकल आ ने गादी आइजेनकोटक नेतृत्वबला विपक्षी गठबंधन। एहन स्थिति मे सभक नजरि एहि बात पर टिकल छल जे राष्ट्रपति इसाक हेर्त्सोग पहिने केकरा सरकार बनेबाक लेल आमंत्रित करताह। राष्ट्रपति द्वारा आइजेनकोट कें निमंत्रण देल गेला सं ई तय नहि भए जाइत अछि जे ओएह देशक अगिला प्रधानमंत्री बनताह। रविदिन एकटा औपचारिक समारोहक बाद आइजेनकोट संभावित सहयोगी दल सभक संग सरकार गठनक लेल बात शुरू करताह। हुनका सरकार बनेबाक लेल छह सप्ताहक समय देल जएबाक प्रावधान अछि।

आइजनकोट कें सरकार बनेबा लेल छह सप्ताहक समय देल गेल अछि

चुनाव मे केओ नहि प्राप्त कय सकल स्पष्ट बहुमत : इस्राइल मे मतदाता कोनो एकटा उम्मीदवारक बदला राजनीतिक दल सभक पक्ष मे मतदान करैत छथि। तकर बाद दल सभ आपस मे गठबंधन बना कए सरकार गठन करैत अछि। 120 सदस्यीय इस्राइली संसद क्नेसेट मे सरकार बनेबाक लेल कम सं कम 61 सदस्यक समर्थन आवश्यक अछि। हालक चुनाव मे नेतन्याहूक नेतृत्वबला गठबंधनक सीट 68 सं घटि कए 53 रहि गेल, जखन कि आइजेनकोटक नेतृत्वबला विपक्षी गठबंधन 48 सीट प्राप्त कयलक। ओतहि अरब नेतृत्ववला राजनीतिक दल सभक हिस्सा मे 19 सीट आएल।

पिछला सप्ताह भेल विचार–विमर्शक बाद राष्ट्रपति हेर्त्सोग एहि निष्कर्ष पर पहुंचलाह जे गठबंधन बनेबाक लेल आइजेनकोटक लग बेसी अवसर अछि। एकर प्रमुख कारण ई छल जे अरब नेतृत्ववला दल सभ हुनका समर्थन देबाक संकेत देने छल। हालांकि, एखन ई स्पष्ट नहि अछि जे आइजेनकोट एहि दल सभ कें अपन गठबंधन मे शामिल करताह अथवा बाहर सं समर्थन लेताह। गाजा युद्धक पछिला तीन वर्षक बाद अरब दल सभक संग राजनीतिक साझेदारी करब हुनका लेल चुनौतीपूर्ण मानल जा रहल अछि।

आइजेनकोटक सोझां कतेको चुनौती : आइजेनकोट लग सरकार बनेबाक लेल मुख्य रूप सं तीनटा विकल्प अछि। पहिल, नेतन्याहूक संग सत्ता साझेदारी करब। दोसर, अरब राजनीतिक दल सभक समर्थन प्राप्त करब। तेसर, अति–रूढ़िवादी धार्मिक दल सभक संग समझौता करब। अति–रूढ़िवादी धार्मिक दल सभ अपन समुदाय कें अनिवार्य सैन्य सेवा सं छूट देबाक मांग कय रहल अछि।

दोसर दिस, पूर्व सेना प्रमुख आइजेनकोट आ हुनकर सहयोगी सभ सभ नागरिकक लेल समान सैन्य सेवा व्यवस्थाक पक्षधर छथि। ओ सभ धार्मिक समुदाय कें भेटैत एहि विशेष छूट कें समाप्त करबाक पक्ष मे छथि। एही मुद्दा पर दुनू पक्षक बीच मतभेद सरकार गठनक प्रक्रिया मे पैघ बाधा बनि सकैत अछि। राष्ट्रपतिक निर्णयक बाद आइजेनकोट कहलनि जे हम यथाशीघ्र सरकार बनेबाक प्रयास करब। मुदा सरकार गठनक लेल हुनका अपन किछु राजनीतिक वादा आ शर्त पर समझौता करय पड़ि सकैत अछि। दोसर दिस, नेतन्याहू बिना कोनो प्रमाण ई आरोप लगा चुकल छथि जे अरब दल सभ चुनाव चोरी कए लेने अछि। ओ आइजेनकोटक संग 'राष्ट्रीय एकता'क सरकार बनेबाक प्रस्ताव सेहो देने छथि। मुदा दुनू नेताक बीच राजनीतिक मतभेद आ नीतिगत दूरी कें देखैत एहि प्रस्ताव पर सहमति बनबाक संभावना कम मानल जा रहल अछि।

सहयोगी दल आ धार्मिक पार्टी सबहक रुख : आइजेनकोट कें दूटा अरब राजनीतिक दलक समर्थन भेटबाक संभावना अछि। राम पार्टी समर्थन देबाक बात कहने अछि, जखन कि ज्वाइंट लिस्ट पार्टी गठबंधन मे शामिल नहि भए बाहर रहैत समर्थन दए सकैत अछि। मुदा आइजेनकोटक सहयोगी दल सभ मे शामिल रूढ़िवादी इस्राइल बेतेनु पार्टी स्पष्ट कय देने अछि जे ओ अरब दल सभक सहभागितावला गठबंधनक हिस्सा नहि बनत। एहि कारण आइजेनकोट लेल सभ पक्ष कें संग लए कए चलब आसान नहि होयत। एकर अतिरिक्त, आइजेनकोटक शर्त अछि जे गठबंधन मे शामिल होमयवला प्रत्येक दल अनिवार्य सैन्य सेवाक समर्थन करत। अति–रूढ़िवादी धार्मिक दल सभ अपन समुदाय लेल सैन्य सेवा सं भेटैत छूट बरकरार रखय चाहैत अछि। हालांकि, यूनाइटेड तोराह जुडाइस्म पार्टी आइजेनकोटक संग बातचीतक संभावना बनौने रखने अछि। रविदिन आधिकारिक रूप सं सरकार गठनक जिम्मेदारी भेटलाक बाद आइजेनकोट लग 28 दिनक समय रहत। राष्ट्रपति चाहथि तं एहि अवधि कें 14 दिन आ बढ़ा सकैत छथि। यदि आइजेनकोट सरकार गठित करय मे असफल रहैत छथि तं नेतन्याहू कें दोसर अवसर देल जा सकैत अछि। ओहो यदि सरकार बनाबय मे सफल नहि होइत छथि तं अगिला वर्षक शुरूआते देश मे फेर चुनाव करय पड़ि सकैत अछि। एहि बीच, नव निर्वाचित संसद मंगलदिन सांझ शपथ लेत। सरकार गठनक प्रक्रिया पूरा होयब धरि नेतन्याहू कार्यवाहक प्रधानमंत्रीक रूप मे अपन जिम्मेदारी निभबैत रहताह।

इस्राइलक सुरक्षा आ ईरानक चुनौती : इस्राइलक प्रधानमंत्रीक रूप मे बिन्यामिन नेतन्याहू प्रायः अपना आप कें देशक सुरक्षा आ रक्षा करयबला नेता कहैत रहल छथि। ओ लगातार ईरान कें यहूदी राष्ट्र इस्राइलक लेल सभ सं पैघ खतरा बतबैत रहल छथि। 28 फरवरी 2026 कें इस्राइल आ अमेरिकाक संयुक्त सैन्य कारबाइ मे ईरान पर हमला कयल गेल छल। एहि हमलाक बाद मध्य–पूर्वक स्थिति तनावपूर्ण भए गेल आ पूरा क्षेत्रक सुरक्षा व्यवस्था पर गंभीर चिंता उत्पन्न भए गेल। एहि संघर्षक बाद एखन धरि अमेरिका आ ईरानक बीच कोनो समझौता नहि भए सकल अछि। एहन स्थिति मे इस्राइलक सुरक्षा आ क्षेत्रीय स्थिरताक प्रश्न एखनहुं बनल अछि। नेतन्याहू जे खतरा सभक चर्चा करैत रहल छथि, ओहि मुद्दा पर सेहो नव नेतृत्व कें अपन नीति स्पष्ट करय पड़त। एहन परिस्थिति मे प्रधानमंत्री पदक दावेदार गादी आइजेनकोटक सोझां ईरानक संग संबंध, क्षेत्रीय सुरक्षा आ अमेरिका संग सामरिक सहयोगक संतुलन बनौने रखबाक पैघ चुनौती रहत। सरकार गठनक संग–संग हुनका ईहो तय करय पड़तनि जे बदलैत मध्य–पूर्वक राजनीतिक आ सामरिक परिस्थिति मे इस्राइलक सुरक्षा नीति कोन दिशा लेत।

समय पर काज नहि करयबला अफसर पर लागत जुर्माना

नई दिल्ली, एजेंसी

दिल्ली सरकार सरकारी सेवा सभ कें समय पर उपलब्ध करय आ व्यवस्था मे पारदर्शिता तथा जवाबदेही सुनिश्चित करबाक लेल नव कानून अधिसूचित कयने अछि। सरकार दिल्ली (नागरिक सभ कें समयबद्ध आ सुगम सेवा देबाक अधिकार) अधिनियम, 2026 लागू कयलक अछि। एहि कानूनक मुख्य उद्देश्य सरकारी सेवा सभ कें निर्धारित समय–सीमा मे उपलब्ध करायब आ अनावश्यक विलंब करयवला अधिकारी सभक जिम्मेदारी तय करब अछि। ई कानून वर्ष 2011क पुरान समयबद्ध सेवा वितरण कानूनक स्थान लेत। नव कानून अंतर्गत निर्धारित समय मे काज पूरा नहि करबाक अथवा अनुचित कारण सं आवेदन अस्वीकार करबाक स्थिति मे जिम्मेदार अधिकारी पर प्रतिदिन 250 टाका जुमार्ना लगाओल जा सकत। जुमार्नाक अधिकतम सीमा 5,000 टाका राखल गेल अछि। आब नागरिक अपन आवेदनक स्थिति ऑनलाइन देख सकताह आ सरकारी कार्यालयक अनावश्यक चक्कर लगयबाक जरूरत नहि पड़तनि।

दिल्ली मे लागू भेल नव कानून



प्रत्येक सेवाक लेल निर्धारित होयत समय–सीमा : मुख्यमंत्री रेखा गुप्ताक सरकार द्वारा अधिसूचित एहि कानूनक अंतर्गत नागरिक सभ कें सरकारी सेवा निर्धारित समय–सीमा मे प्राप्त करबाक वैधानिक अधिकार भेटतनि। सरकार अधिसूचना जारी कए तय करत जे कोन–कोन सेवा एहि कानूनक दायरा मे रहत। प्रत्येक सेवाक लेल अधिकतम समय–सीमा निर्धारित होयत आ एकटा नामित अधिकारी कें ओकर जिम्मेदारी देल जायत। संबंधित सरकारी विभाग, स्थानीय निकाय आ अधिसूचित संस्थान सेहो एहि व्यवस्थाक दायरा मे रहत।

आवेदनक स्थिति ऑनलाइन देखि सकताह नागरिक : नव कानूनक अंतर्गत सरकारी सेवा सभक लेल ऑनलाइन आवेदन आ निगरानीक व्यवस्था कयल गेल अछि। प्रत्येक आवेदन कें एकटा विशिष्ट पहचान संख्या देल जायत। एकर माध्यम सं आवेदक अपन आवेदनक स्थिति ऑनलाइन देख सकताह। विभाग सभ कें प्रत्येक आवेदनक डिजिटल अभिलेख रखबाक आ ओकर स्थिति नियमित रूप सं अद्यतन करबाक निर्देश देल गेल अछि। निर्धारित समय मे सेवा उपलब्ध करायब अथवा आवेदन अस्वीकार करबाक कारण लिखित रूप मे बतायब संबंधित अधिकारीक जिम्मेदारी होयत।

विलंब भेल तं अपील स्वतः आगू बढ़त : एहि कानूनक महत्वपूर्ण प्रावधान स्वतः अपील (ऑटोमेटिक एस्केलेशन) अछि। यदि नामित अधिकारी निर्धारित समय–सीमा मे सेवा उपलब्ध नहि करबैत छथि तं मूल आवेदन कें स्वतः नागरिक शिकायत निवारण प्राधिकरणक समक्ष अपील मानि लेल जायत। एहि लेल नागरिक कें अलग सं अपील दाखिल करबाक आवश्यकता नहि पड़तनि। प्रत्येक विभाग मे एकटा अधिकारी कें नागरिक शिकायत निवारण प्राधिकरणक जिम्मेदारी देल जायत। ई प्राधिकरण सेवा उपलब्ध करयबाक निर्देश देत आ विलंबक जिम्मेदारी सेहो निर्धारित करत।

30 दिन मे अपीलक निपटारा, लापरवाही पर जुर्माना : अपीलक निपटारा सामान्यतः 30 दिनक भीतर करय पड़त। निर्धारित समय मे निपटारा नहि भेल तं मामिला स्वतः दिल्ली सेवा अधिकार आयोग लग पहुंचत। आयोग दोसर अपीलक सुनवाइ करबाक संग कानूनक कार्यान्वयन पर नजरि रखत।

सेनेगलक समुद्र तट लग हृदयविदारक दुर्घटना, प्रवासी सभ सं भरल नाव डूबल

डकार, एजेंसी

पश्चिम अफ्रीकी देश सेनेगल सं एकटा हृदयविदारक समुद्री दुर्घटनाक खबरि सामने आएल अछि। प्रवासी सभ कें लए कए स्पेनक कैनरी द्वीप दिस जा रहल एकटा नाव समुद्र मे पलटि गेल। एहि दुर्घटना मे कम सं कम 21 गोटे लोकक मृत्यु भए गेल अछि। नाव पर सवार लोक सभ मे अधिकांश अपन नीक भविष्यक आस लए विदेश जा रहल छलाह। भेटल जानकारीक अनुसार, ई नाव सेनेगल सं स्पेनक कैनरी द्वीप दिस जा रहल छल। यात्रा बीच समुद्र मे नाव अनचोके पलटि गेल, जाहि सं ओहि पर सवार लोक सभ समुद्रक पानि मे डूबि गेलाह। सेनेगलक गृह मंत्रालयक अनुसार, राजधानी डकार सं लगभग 180 किलोमीटर उत्तर केबेमेर लग समुद्र मे ई दुर्घटना भेल। बचाव दल समुद्र सं 21 गोटेक शव बाहर निकालि लेने छल। मृतक सभ मे अधिकांश केबेमेर क्षेत्रक स्थानीय निवासी छलाह।

21 गोटेक मृत्यु, खोजबीन जारी



एखन धरि मात्र एक गोटे जीवित बचाओल गेल : दुर्घटनाक बाद राहति आ बचाव दल युद्धस्तर पर खोज अभियान चला रहल अछि। एखन धरि मात्र एक गोटे कें जीवित बचाओल जा सकल अछि। समुद्र मे लापता लोक सभक खोज जारी अछि। आशंका जताओल जा रहल अछि जे मृतकक संख्या आओर बढ़ि सकैत अछि। हालांकि, दुर्घटनाक समय नाव पर कुल कतेक लोक सवार छलाह, एकर सही जानकारी एखन धरि नहि भेटल अछि। प्रशासन आ बचाव दल समुद्रक आसपासक क्षेत्र मे लगातार खोजबीन कए रहल अछि। लापता लोक सभक संबंध मे जानकारी जुटेबाक प्रयास सेहो कयल जा रहल अछि।

कैनरी द्वीप धरि पहुंचबाक खतरनाक यात्रा : उल्लेखनीय अछि जे पश्चिम अफ्रीका सं स्पेनक कैनरी द्वीप धरि पहुंचबाक अटलांटिक समुद्री मार्ग दुनियाक सभ सं खतरनाक मार्ग सभ मे गानल जाइत अछि। नीक जीवन आ भविष्यक खोज मे प्रत्येक वर्ष हजारो लोक अपन जान खतरा मे दए एहि समुद्री यात्रापर निकलैत छथि। प्रवासी अधिकारक लेल काज करयवला संगठन 'वॉकिंग बॉर्डर्स'क अनुसार, एहि वर्षक शुरूआती पांच मासे मे एहि समुद्री मार्ग पर कम सं कम 635 लोक अपन जान गंवा चुकल छथि। समुद्रक तेज लहर, खराब मौसिम आ असुरक्षित नाव एहि यात्रा कें आओर खतरनाक बना दैत अछि। पर्याप्त सुरक्षा व्यवस्था नहि रहबाक कारण सेहो एहन दुर्घटना सभ होइत रहैत अछि।

एक दिन पहिने 142 प्रवासी सं भरल दोसर नाव पकड़ल गेल छल : मीडिया रिपोर्ट सभक अनुसार, ई दुर्घटना एहन समय मे भेल अछि, जखन एकर ठीक एक दिन पहिने सेनेगल सुरक्षा बल 142 प्रवासी सं भरल एकटा दोसर छोट नाव पकड़ने छल। ई नाव सेहो स्पेन जायबाक प्रयास मे छल। ओहि नाव पर महिला आ छोट–छोट बच्चा सभक संग सेनेगल, गांबिया, गिनी आ नाइजीरिया सहित विभिन्न देशक नागरिक सवार छलाह। सुरक्षा बल सभ समय रहैत नाव पकड़ि लेलक, जाहि सं एकटा संभावित समुद्री दुर्घटना टरि गेल। लगातार होइत एहन दुर्घटना प्रवासी सभक सुरक्षा पर गंभीर प्रश्न ठाढ़ करैत अछि। नीक जीवनक आशा मे समुद्री मार्ग सं विदेश जायबाक प्रयास करयवला लोक सभ कें असुरक्षित नाव आ जानलेवा यात्रा करय पड़ैत अछि। सेनेगल मे भेल ताजा दुर्घटना एहि खतरनाक प्रवास मार्गक भयावह स्थिति एक बेर फेर उजागर कयने अछि।

सावधान! फेर सक्रिय भए रहल पश्चिमी विक्षोभ

पहाड़ी राज्य सभ मे बरखा आ हिमपातक संभावना

नई दिल्ली, एजेंसी

दीपावलीक बाद प्रदूषण बढ़बाक बीच भले तापमान मे किछु वृद्धि अनुभव कयल गेल हो आ कतेको ठाम लोक फेर पंखा चलाबय लागल होथि, मुदा आब ई स्थिति बेसी दिन नहि रहत। मौसिम मे एक बेर फेर बदलाव होयबाक संकेत भेटि रहल अछि। भारतीय मौसिम विज्ञान विभाग (आइएमडी) कहने अछि जे 10 नवंबरक राति सं उत्तर-पश्चिम भारत मे नव पश्चिमी विक्षोभ सक्रिय होयबाक संभावना अछि। एकर प्रभाव सं हिमालयी क्षेत्रक पहाड़ सभपर हिमपात आ उत्तर भारतक कतेको राज्य मे बरखा भए सकैत अछि। एहि कारण पूरा उत्तर भारत मे ठंढ बढ़त आ तापमान मे गिरावट आओत। मौसिम विभागक ताजा बुलेटिनक अनुसार, उत्तर-पश्चिमी राजस्थान आ आसपासक क्षेत्रक निचला क्षोभमंडल मे चक्रवाती परिसंचरण बनल अछि। ओतहि 10 नवंबरक राति सं उत्तर-पश्चिमी हिमालयी क्षेत्र मे नव पश्चिमी विक्षोभ पहुंचबाक संभावना अछि। एकर प्रभाव सं पश्चिमी हिमालयी क्षेत्र मे कतेको ठाम बरखा आ हिमपात भए सकैत अछि। 12 आ 13 नवंबर कें कश्मीर घाटी मे भारी बरखा आ हिमपातक संभावना जताओल गेल अछि।



कतय-कतय बरखा आ हिमपातक अछि संभावना?

मौसम विभागक अनुसार, 12 आ 13 नवंबर कें जम्मू-कश्मीर, लद्दाख, गिलगित-बाल्टिस्तान आ मुजफ्फराबादक कतेको इलाका मे मध्यम सं व्यापक बरखा होयबाक अनुमान अछि। कश्मीर घाटी मे भारी बरखा आ हिमपात भए सकैत अछि। एहि दौरान 40 सं 50 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं तेज हवा चलबाक, जे 60 किलोमीटर प्रति घंटा धरि पहुंचि सकैत अछि, संगहि वज्रपातक चेतावनी सेहो देल गेल अछि। हिमाचल प्रदेश आ उत्तराखंड मे सेहो मौसिम बदलत। हिमाचल प्रदेश मे 12 आ 13 नवंबर कें 30 सं 40 किलोमीटर प्रति घंटाक गति सं हवा चलबाक संभावना अछि। उत्तराखंड मे एहि दुनू दिन किछु ठाम बरखा भए सकैत अछि। ओतहि पंजाब मे 12 सं 15 नवंबरक बीच किछु स्थान पर बरखा होयबाक अनुमान अछि।

दक्षिण भारत मे भारी वर्षाक चेतावनी

दक्षिण भारतक कतेको राज्य सभ मे 9 आ 10 नवंबर तथा 15 नवंबर कें भारी बरखा भए सकैत अछि। मौसिम विभागक अनुसार, कोमोरिन क्षेत्र आ आसपासक इलाका मे बनल चक्रवाती परिसंचरणक प्रभाव सं दक्षिणी प्रायद्वीपीय भारत मे बरखा संबंधी गतिविधि सक्रिय अछि। एकर प्रभाव सं तमिलनाडु, पुडुचेरी आ कराईकल मे 9-10 नवंबर आ 15 नवंबर कें कतेको स्थान पर 7 सं 11 सेंटीमीटर धरि भारी बरखा होयबाक संभावना अछि। थूथुकुडी मे 10 सेंटीमीटर बरखा दर्ज कयल जा चुकल अछि। केरल आ माहे मे सेहो 9 आ 15 नवंबर कें मूसलाधार वर्षाक चेतावनी देल गेल अछि।

बढ़त जाड़, निकालि ली रजाई आ कंबल

दिल्ली-एनसीआर मे घना कुहासा, बढ़त ठंढ

राष्ट्रीय राजधानी दिल्ली आ आसपासक इलाका मे भोरे घनघोर कुहासाक कारण यातायात प्रभावित भए रहल अछि। सफदरजंग हवाई अड्डा पर दृश्यता घटि कए 50 मीटर आ पालम मे 350 मीटर रहि गेल छल। मौसम विभागक अनुसार, 10 सं 12 नवंबरक बीच दिल्लीक आकाश मे आंशिक रूप सं बादल छाओल रहत। भोरे मध्यम सं घना कुहासा पड़बाक संभावना अछि। एहि दौरान अधिकतम तापमान 27 सं 29 डिग्री सेल्सियस आ न्यूनतम तापमान 14 सं 16 डिग्री सेल्सियस रहबाक अनुमान अछि। कुल मिलाकऽ उत्तर भारत मे ठंढ बढ़बाक संकेत स्पष्ट अछि। एहन स्थिति मे लोक सभ कें गरम कपड़ा, रजाई आ कंबल निकालि लेबाक तैयारी कय लेबाक चाही।

पाकिस्तानी टीवी एंकर राबिया अहसानक गोली मारि हत्या

रावलपिंडी, एजेंसी

पाकिस्तानक रावलपिंडी मे रविदिन टीवी एंकर राबिया अहसानक अपन घर मे गोली लगला सं मृत्यु भए गेलनि। हुनका गर्दनिक नीचां गोली लागल छल। घटनाक बाद पुलिस हुनकर पति कें हिरासत मे लए लेने अछि। मृतकाक भाइ द्वारा देल गेल शिकायतक आधार पर पुलिस हत्या कयल जएबाक मामिला दर्ज कयने अछि। राबियाक पतिक दावा अछि जे ओ पिस्तौल संभारि रहल छलाह, तखने अनचोके गोली चलि गेल। हुनका जानकारी नहि छल जे पिस्तौल मे गोली भरल अछि। हालांकि, पुलिस एहि दावाक जांच कए रहल अछि। घटना मे उपयोग कयल गेल पिस्तौल सेहो बरामद कए लेल गेल अछि।



घटनाकाल दुनू बेटी नानीक संग रहथि : टीवी एंकर राबिया अहसानक 13 आ 11 वर्षक दू बेटी छथि। रावलपिंडीक नगर पुलिस अधिकारी हसन सुखेराक अनुसार, जाहि समय गोली चलल, ओहि समय राबियाक दुनू बेटी घरक प्रांगण मे अपन नानीक संग बैसल रहथि। पुलिस घर मे काज करयबला एकटा कर्मचारी सं सेहो पूछताछ कयने अछि। पुलिस सदर बेरूनी थाना मे हत्याक मामिला दर्ज कयने अछि। पंजाब फोरेंसिक साइंस एजेंसीक दल घटनास्थल पर पहुंचि साक्ष्य सभ जुटा रहल अछि। राबियाक शव कें पोस्टमार्टम लेल अस्पताल पठा देल गेल अछि। पुलिसक कहब अछि जे पूरा मामिलाक विभिन्न पहलू पर जांच कयल जा रहल अछि। 41 वर्षीया राबिया गुलशनाबाद इलाकाक निवासी छलीह। ओ एकटा निजी टीवी चैनल मे एंकर आ कार्यक्रम प्रस्तोताक रूप मे काज करैत छलीह। एहि सं पहिने ओ वरिष्ठ पत्रकार आमिर मतीन आ रऊफ क्लासराक संग समसामयिक विषय पर आधारित कार्यक्रम सेहो प्रस्तुत कयने छलीह।

राष्ट्रपति आसिफ अली जरदारीक बेटी निष्पक्ष जांचक मांग कयलनि : राबियाक मृत्युपर पाकिस्तानक राष्ट्रपति आसिफ अली जरदारीक बेटी आसिफा भुट्टो जरदारी दुख व्यक्त करैत घटनाक निंदा कयलनि। ओ मामिलाक निष्पक्ष आ पारदर्शी जांच करयबाक मांग कयलनि, जाहि सं घटनाक वास्तविकता सामने आबय आ दोषी व्यक्तिक विरुद्ध उचित कारबाइ भए सकय।

लिउ सीधा सेट मे जीत दर्ज कए एला कें पहिल डब्ल्यूटीए खिताब जीतय सं रोकलनि




फिलीपींसक टेनिस खेलाड़ी एलेक्जेंड्रा एला रवि के हांगकांग ओपनक फाइनल मे अमेरिकी खेलाड़ी क्लेयर लिउ सं सीधा सेट मे हारि गेली। एहि हारिक संग एला अपन पहिल डब्ल्यूटीए टूर एकल खिताब जीतए सं चूकि गेली। डब्ल्यूटीए पीआईएफ रैंकिंग मे 102म स्थान पर रहय बला लिउ दोसर वरीयता प्राप्त एला कें 1 घंटा 33 मिनट तक चलल मोकाबला मे 6-3, 6-0 सं हरौलनि। एहि जीतक संग लिउ मर्सिडीज-बेंज द्वारा संचालित डब्ल्यूटीए टूर मे अपन पहिल एकल खिताब अपन नाम कएलनि। फाइनल मोकाबलाक शुरूआत दुनू खेलाड़ीक बीच बराबरी पर भेल। पहिल छह गेम मे दुनू खेलाड़ी एक-दोसराक सर्विस तोड़लनि, जाहि कारण पहिल सेट 3-3 पर बराबर रहल। मुदा, एकर बाद लिउ अपन खेलक स्तर बढ़ौलनि आ लगातार 9 गेम जीतैत मोकाबला पर पूरा नियंत्रण बना लेलनि। अंततः ओ शानदार जीत दर्ज कएलनि। पूरा टूनार्मेंट मे लिउ एकोटा सेट नहि हारलथि। फाइनल सं पहिने ओ तातियाना प्रोजोरोवा, केटी बौल्टर, जेनेप सोनेमेज आ एलेक्जेंड्रा शुब्लाड्जे कें सीधा सेट मे हरौने रहथि। फाइनल मे एला कें हराकए ओ खिताब अपन नाम कएलनि। दोसर सेट मे एकतरफा स्कोर रहबाक बावजूद अमेरिकी खेलाड़ी मानलनि जे मोकाबला परिणाम सं बेसी कड़ा छल। जीतक बाद लिउ कहलनि, हमरा लगैत अछि जे दोसर सेट 6-0 रहल, मुदा प्रत्येक गेम मे कड़ा टक्कर भेल। हमरा विचार सं लगभग हर गेम मे हुनका मौका भेटलनि। हमरा नहि लगैत अछि जे स्कोर पूरा मोकाबलाक तस्वीर देखबैत अछि। प्रत्येक अंक पर मोकाबला बहुत नजदीकी छल। एकटा अंक जीतबाक लेल विजयी शॉट लगाबय पड़ैत छल। हमरा लगैत अछि जे हम दुनू गोटे बहुत नीक टेनिस खेललौं। एहि जीतक बाद लिउ विश्व रैंकिंग मे शीर्ष 70 खेलाड़ीक बीच वापसी करबाक तैयारी मे छथि। सालक शुरूआत मे हुनकर रैंकिंग 221म छल। एहि सीजन मे ओ मात्र सातम बेर मुख्य ड्रॉ टूनार्मेंट मे खेलि रहल छलीह। जनवरी 2023 मे हुनकर करियरक सर्वोच्च रैंकिंग 52म रहल छल। एला पर लिउक ई लगातार दोसर जीत छल। दुनू खेलाड़ीक बीच आब तक दू बेर मोकाबला भेल अछि आ दुनू बेर लिउ जीतलथि। पिछला साल ग्वांगझू मे पहिल दौरक मोकाबला मे सेहो ओ एला कें तीन सेट मे हरौने रहथि। कोर्ट पर आयोजित पुरस्कार वितरण समारोह मे लिउ कहलनि, सालक अंत एतबा नीक भए सकैत अछि, ई हम सोचियो नहि सकैत छलौं। हम अपन टीम कें धन्यवाद देबय चाहैत छी, जे हमर संग बनल रहल आ लगातार मेहनत करैत रहल। हम एहि सालक अंत जाहि तरहे कएलौं, ताहि सं बहुत खुश छी। ई साल बहुत कठिन रहल आ आब हम अगिला सालक प्रतीक्षा कए रहल छी। एला लेल ई डब्ल्यूटीए टूर एकल फाइनल मे तेसर उपस्थिति छल। आब धरि खिताबी मोकाबला मे हुनकर रिकॉर्ड 1-2 रहल अछि। अपन सीजन पर विचार रखैत फिलीपींसक खेलाड़ी खिताबी मोकाबला हारबाक निराशाक बावजूद सकारात्मक रहलथि। कोर्ट पर अपन संबोधन मे एला कहलनि, ई सीजन हमर जीवन बदलि देने अछि। ई हमर जीवन कें नीक दिशा देलक। एहि साल हम सभ जे मेहनत कएलौं, ताहि पर हमरा बहुत गर्व अछि। एहि यात्रा मे एतय तक पहुंचबाक लेल कतेक मेहनत करय पड़ल, से हम आ हमर टीम मात्र बुझैत छी।

दोसर वनडे : बरखा सं प्रभावित कम स्कोर बला मोकाबला मे रोमांचक खेल, भारत कें भेटल जीत



भारत न्यूजीलैंडक विरुद्ध बरखा सं प्रभावित वनडे सीरीजक दोसर मोकाबला डकवर्थ-लुईस नियमक आधार पर 4 रन सं जीत लेलनि। हेनरी स्टेडियम मे एहि जीतक संगहि भारतीय टीम पांच मैचक सीरीज मे 2-0 सं बढ़त बना लेने अछि। बरखा आ गीला मैदानक कारण मोकाबला देरी सं शुरू भेल, जे घटा कए 47-47 ओवरक कयल गेल। टॉस हारि पहिने बल्लेबाजी करय उतरल न्यूजीलैंडक टीम 41 ओवर मे मात्र 134 रन पर सिमटि गेल। टीम 1.5 ओवर मे टिम सेफर्ट (0) केर रूप मे पहिल विकेट गमा देलक। ओहि समय तक मेजबान टीमक खाता सेहो नहि खुलल छल। एहि ठाम सं हेनरी निकोल्स (11) विल यंग (6) संग 11 रन आ डेरिल मिचेल संग 12 रनक साझेदारी कए टीम कें कोनो तरहें 23 रन तक पहुंचौलनि। एकर बाद डेरिल मिचेल मोर्चा संभेलनि। ओ टॉम लैथम (7) संग चारिम विकेट लेल 30 रन आ कप्तान मिचेल सेंटनर संग छठा विकेट लेल 59 रनक साझेदारी कए न्यूजीलैंड कें शतक पार पहुंचा देलनि। सेंटनर 38 गेंद मे 3 बाउंड्रीक मदद सं 31 रन बना कए आउट भेलाह, जखनकि मिचेल 104 गेंद मे 2 छक्का आ 5 चौकाक संग 55 रनक पारी खेललनि। भारत दिस सं गुरनूर बरार 10 ओवर मे 30 रन दए 4 विकेट लेलनि। हुनका अतिरिक्त आकिब नबी, अंशुल कंबोज आ अक्षर पटेल कें 2-2 विकेट भेटलनि। जवाब मे भारतीय टीम मात्र 4 रन पर कप्तान शुभमन गिल (0) केर विकेट गमा देलक। एकर बाद विराट कोहली मैदान पर उतरलाह, मुदा रोहित शर्मा संग दोसर विकेट लेल मात्र 13 रन जोड़ि सकलाह। भारतीय टीम 17 रन पर दोसर विकेट गमा देलक। एहि ठाम सं रोहित श्रेयस अय्यर संग तेसर विकेट लेल 22 रनक साझेदारी कएलनि। मुदा रोहित (23) आउट भेलाक बाद अक्षर पटेल (7) सेहो बेसी देर धरि क्रीज पर नहि टिकि सकलाह आ भारत 47 रन तक चारिम विकेट सेहो गमा देलक। एकर बाद केएल राहुल (नाबाद 26) मोर्चा संभेलनि। ओ श्रेयस अय्यर (30) संग पांचम विकेट लेल 43 गेंद मे 39 रनक साझेदारी कएलनि, जखनकि नमन धीर (12) संग छठम विकेट लेल 22 रन जोड़लनि। भारतीय टीम 108 रन पर अपन छठम विकेट गमा देलक। मेहमान टीमक खाता मे एखन 3 रन आओर जुड़ले छल कि अंशुल कंबोज (1) सेहो विकेट गमा देलनि। एहि के बाद मोकाबला रोमांचक भए गेल। भारतीय टीम 26 ओवर मे 7 विकेट पर 113 रन बना लेने छल, तखने बरखा फेर खेल मे बाधा पहुंचा देलक।

शेल्टन कें हरा कए अल्काराज पहिल बेर जीतलनि पेरिस मास्टर्सक खिताब



कार्लोस अल्काराज रविदिन फाइनल मोकाबला मे अमेरिकी खेलाड़ी बेन शेल्टन कें लगातार दू सेट मे हरबैत अपन नौवां एटीपी मास्टर्स 1000 खिताब जीत लेलनि। रोलेक्स पेरिस मास्टर्स मे ई हुनकर पहिल खिताब अछि। विश्व रैंकिंग मे तेसर स्थान पर काबिज अल्काराज तेसर वरीयता प्राप्त शेल्टन कें 1 घंटा 57 मिनट तक चलल मोकाबला मे 7-6(5), 7-5 सं हरौलनि। एहि जीतक संग ओ सितंबर मे यूएस ओपनक क्वार्टर फाइनल मे अमेरिकी खेलाड़ी सं पांच सेट तक चलल मोकाबला हारबाक बदला सेहो चुकता कएलनि। कलाई मे चोट लगबाक कारण चारि मासक विरामक बाद यूएस ओपन मे वापसी करय बला अल्काराज एखन शानदार प्रदर्शन कए रहल छथि। ओ टोक्यो आ वियना मे खिताब जीतलाक बाद पेरिस अभियान सेहो ट्रॉफी जीत कए पूरा कएलनि। चोट सं वापसीक बाद ओ एखन धरि 21 मोकाबला मे 19 जीत हासिल कए चुकल छथि। शेल्टनक विरुद्ध लेक्सस एटीपी हेड-टू-हेड रिकॉर्ड सेहो 4-1 कए लेलनि। पहिल सेट मे दुनू खेलाड़ीक बीच कड़ा मोकाबला भेल। शेल्टन शुरूआतहि मे अल्काराज पर दबाव बना देलनि। स्पेनिश खेलाड़ी 1-2 पर सर्विस करैत समय 0/40 सं पाछू छलाह, मुदा ओ वापसी करैत खेल बचौलनि आ एहि दौरान चारि ब्रेक प्वाइंट बचेलनि। शेल्टन सेहो 3-3 के स्कोर पर शानदार दूटा वॉली खेलैत ब्रेक प्वाइंट बचेलनि। दुनू खेलाड़ी मे कोनो निर्णायक ब्रेक नहि लगलाक कारण पहिल सेट टाइब्रेकर मे पहुंचल। एतय अल्काराज धैर्य बनौने रखलनि। शेल्टनक फोरहैंड शॉट कोर्टक बाहर गेलाक बाद अल्काराज दोसर सेट प्वाइंट पर पहिल सेट अपना नाम कए लेलनि। ई सेट 65 मिनट चलल। दोसर सेट के बीच मे शेल्टन अल्काराजक सर्विस तोड़ि देलनि। मुदा स्पेनिश खेलाड़ी आठम गेम मे फोरहैंड सं लगातार विजेता शॉट लगबैत स्कोर 4-4 कए देलनि। अल्काराज एहि लय कें अंत तक बनौने रखलनि आ दोसर मैच प्वाइंट पर शानदार फोरहैंड पासिंग शॉट लगेलनि। एकर बाद ओ खुलल कोर्ट मे बैकहैंड शॉट मारि जीत पक्का कए लेलनि। एहि जीतक संग अल्काराज मास्टर्स 1000 सीरीजक इतिहास मे मात्र तेसर खेलाड़ी बनि गेलाह, जे 1990 मे एहि सीरीज शुरू भेलाक बाद लगातार पांच वर्ष खिताब जीतलनि। हुनका सं पहिने नोवाक जोकोविच आ राफेल नडाल ई उपलब्धि हासिल केने छथि। अल्काराज आब 9 मास्टर्स 1000 टूनार्मेंट मे सं 7 टा जीत चुकल छथि। 23 वर्षीय अल्काराज पेरिस टूनार्मेंटक 40 वर्षक इतिहास मे खिताब जीतय बला दोसर स्पेनिश खेलाड़ी सेहो बनलाह। हुनका सं पहिने डेविड फेरर 2012 मे ई ट्रॉफी जीतने छलाह। वर्ष 2026 मे मात्र यानिक सिनर अल्काराज सं बेसी खिताब जीतने छथि। सिनर एखन तक 6 खिताब अपना नाम केने छथि। अल्काराज आब 15 सं 22 नवंबर तक ट्यूरिन मे आयोजित निट्टो एटीपी फाइनल्स मे खेलताह। दोसर दिस, शेल्टन अपन तेसर मास्टर्स 1000 खिताब जीतबाक प्रयास मे छलाह। ओ 2025 आ 2026 मे कनाडा मे खिताब जीतने छलाह। पीआईएफ एटीपी रैंकिंग मे चारिम स्थान पर काबिज अमेरिकी खेलाड़ी शेल्टनक शीर्ष तीन रैंकिंग बला खेलाड़ी सभक विरुद्ध रिकॉर्ड आब 1-19 भए गेल अछि।

मोहम्मद शमी टेस्ट क्रिकेट सं लेलनि संन्यास, कहलनि- भारत लेल खेलबाक गर्व सदिखन रहत



भारतीय क्रिकेट टीमक तेज गेंदबाज मोहम्मद शमी टेस्ट क्रिकेट कें अलविदा कहि देलनि। शमी अपन एहि निर्णयक जानकारी दैत कहलनि जे हुनका हमेशा भारत लेल खेलबाक गर्व रहतनि। शमी सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म 'एक्स' पर एकटा पोस्ट मे लिखलनि, हम उजर जर्सी तं छोड़ि रहल छी, मुदा एहि सं जुड़ल याद सभ हमेशा हमरा संग रहत। जखन हम पहिल बेर भारतक टेस्ट जर्सी पहिरने रही, तखन हमर एकमात्र सपना छल अपन देश लेल किछु कए देखायब। ओहि समय सं एखन तक, प्रत्येक विकेट, प्रत्येक संघर्ष, प्रत्येक चोट आ प्रत्येक वापसी हमरा किछु ने किछु सिखौलक। 36 वर्षीय खेलाड़ी कहलनि, हमरा लेल टेस्ट क्रिकेट मात्र एकटा प्रारूप नहि रहल, बल्कि ई हमर जीवनक एकटा बहुत खास हिस्सा रहल अछि। आइ भारी मोन आ अनगिनत सुंदर यादि सभक संग हम टेस्ट क्रिकेट सं संन्यास लेबाक निर्णय लैत छी। ओ आगू लिखलनि, अपन सभ साथी खेलाड़ी, कोच, परिवारक सदस्य आ ओहि करोड़ो भारतीयक हृदय सं धन्यवाद, जे एहि यात्रा मे हमरा संग ठाढ़ रहलाह आ नीक-बेजाय प्रत्येक समय मे हमरा पर भरोसा बनौने रखलनि। बीसीसीआई आ क्रिकेट एसोसिएशन ऑफ बंगाल (कैब) कें सेहो हृदय सं धन्यवाद, जे हमर प्रतिभा पर विश्वास कएलनि, हमरा आगू बढ़बाक अवसर देलनि आ हमर क्रिकेट यात्रा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभेलनि। अहां सभक सहयोग आ भरोसा हमरा लेल हमेशा खास रहत। भले मैदान पर हमर आखिरी टेस्ट गेंद फेंकल जा चुकल अछि, मुदा भारत लेल खेलबाक गर्व हमरा हृदय मे हमेशा जीवित रहत। धन्यवाद, टेस्ट क्रिकेट। अहांक शमी। मोहम्मद शमी कें बहुत दिन सं भारतीय टीम मे मौका नहि भेटल छलनि। ओ आखिरी बेर मार्च 2025 मे भारत लेल क्रिकेट मैच खेललनि। टेस्ट क्रिकेटक बात करी तं शमी आखिरी बेर जून 2023 मे ऑस्ट्रेलियाक विरुद्ध मैदान पर उतरल छलाह। नवंबर 2013 मे टेस्ट करियर शुरू करय बला दहिना हाथक तेज गेंदबाज अपन टेस्ट करियर मे कुल 64 मैच खेललनि। एहि दौरान 27.71 के औसत सं 229 विकेट लेलनि। ओ 6 बेर एकटा पारी मे पांच विकेट लेबाक उपलब्धि हासिल कएलनि। एकर अतिरिक्त बल्लेबाजी करैत 750 रन बनौलनि, जाहि मे 2 अर्धशतक शामिल अछि। मोहम्मद शमी भारत लेल 108 वनडे मैच मे 206 विकेट, जखनकि 25 टी-20 मैच मे 27 विकेट हासिल कए चुकल छथि।

ला लीगा

एरिक गार्सिया आ क्रिस्टेनसेनक वापसी, एटलेटिको मैड्रिडक मोकाबला लेल बार्सिलोनाक टीम घोषित

एटलेटिको मैड्रिडक विरुद्ध ला लीगा मोकाबला सं पहिने बार्सिलोनाक लेल राहतक खबरि अछि। रक्षापंक्तिक खेलाड़ी एरिक गार्सिया आ एंड्रियास क्रिस्टेनसेन चिकित्सकीय अनुमति भेटलाक बाद टीम मे वापसी कए लेलनि। रक्षापंक्तिक दुनू खेलाड़ीक वापसी एहन समय भेल अछि, जखन बार्सिलोना चोट संबंधी कतेको समस्या सं जूझि रहल अछि। एटलेटिको मैड्रिडक पूर्व खेलाड़ी रोड्री, दानी ओल्मो, जूल्स कुंडे आ जावी एस्पार्ट एहि मोकाबला लेल उपलब्ध नहि रहताह। युवा खेलाड़ी एब्रिमा डुनकारा कें सेहो यात्रा करय बला टीम मे जगह भेटलनि अछि। बार्सिलोना सभ प्रतियोगिता मे अपन लय बनौने रखबाक प्रयास करत। फ्लिक द्वारा चुनल गेल टीम मे गावी, फर्मिन लोपेज, फ्रेंकी डी जोंग, पेद्री आ मार्क बर्नाल सेहो शामिल छथि। बार्सिलोना लगातार दूटा शानदार जीतक बाद एहि मोकाबला मे उतरि रहल अछि। टीम ला लीगा मे अलावेस कें 6-1 सं हरौने छल, तकर बाद मंगलदिन चैंपियंस लीग मे एस्टन विला पर 3-0 सं जीत दर्ज केने छल। मुदा, एटलेटिको मैड्रिड सं कड़ा चुनौती भेटबाक आशंका अछि। घरेलू प्रतियोगिता मे टीमक प्रदर्शन शानदार रहल अछि। डिएगो सिमियोनेक टीम ला लीगा मे अपन पिछला सातो मोकाबला जीतने अछि। एहि दौरान रियल मैड्रिड पर 2-1 सं जीत सेहो शामिल अछि। एटलेटिको लीगक शुरूआती 11 मोकाबला मे 9 जीत, 1 ड्रॉ आ 1 हार दर्ज केने अछि। टीमक रक्षात्मक प्रदर्शन प्रतियोगिता मे सब सं नीक रहल अछि आ एखन धरि मात्र 8 गोल खएने अछि। हालांकि, यूरोपीय प्रतियोगिता मे टीमक प्रदर्शन एतेक प्रभावशाली नहि रहल। मैड्रिडक एहि क्लब कें अपन पिछला चैंपियंस लीग मोकाबला मे बायर्न म्यूनिखक हाथें घरेलू मैदान पर 2-0 सं हारि झेलय पड़ल छल।





वर्ष 17, अंक 60 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053